Министерство науки и высшего образования РФ
ФЕДЕРАЛЬНОЕ ГОСУДАРСТВЕННОЕ БЮДЖЕТНОЕ
ОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ ВЫСШЕГО ОБРАЗОВАНИЯ
«КАБАРДИНО-БАЛКАРСКИЙ ГОСУДАРСТВЕННЫЙ УНИВЕРСИТЕТ
им. Х.М. БЕРБЕКОВА»

**СОЦИАЛЬНО-ГУМАНИТАРНЫЙ ИНСТИТУТ**

**Кафедра кабардино-черкесского языка и литературы**

Утверждаю
И.о. первого проректора – проректора по УР
_________ В.Н. Лесев
«17» 05 2021 г.

# ПРОГРАММА

**вступительных испытаний в магистратуру**
**по направлению 45.04.01 – «Филология»**
**Магистерская программа «Адыгская филология»**

**Директор СГИ** ____________ **М.С. Тамазов**

**Зав. кафедрой кабардино-черкесского**
**языка и литературы** ____________ **Х.Т. Тимижев**

**Руководитель магистерской программы** ____________ **Н.Б. Бозиева**

**Нальчик - 2021**

# СОДЕРЖАНИЕ

**1. Общие положения ........................................................................ 3**

**2. Определение содержания вступительных испытаний ...................... 3**

**3. Требования, проверяемые в ходе государственного экзамена .............. 3**

**3.1. Перечень основных учебных модулей (ОУМ) – дисциплин образовательной программы ...................................................... 4**

**3.2. Программы вступительного экзамена по основным учебным модулям и перечень вопросов, выносимых для проверки экзамена ........5**

**3.2.1. Современный кабардино-черкесский язык...............................5**

**3.2.2. История кабардино-черкесской литературы ...........................11**

**3.3. Методические рекомендации по проведению вступительного экзамена ...........................................................................................44**

# 1. ОБЩИЕ ПОЛОЖЕНИЯ

Формы и условия проведения вступительных испытаний определяются ученым советом высшего учебного заведения (факультета) и доводятся до сведения бакалавров не позднее чем за полгода до начала экзамена. Бакалавры обеспечиваются программами экзаменов, им создаются необходимые для подготовки условия, для желающих проводятся консультации.

Результаты вступительных испытаний определяются оценками «отлично», «хорошо», «удовлетворительно», «неудовлетворительно».

По результатам вступительных испытаний экзаменационная комиссия принимает решение о зачислении в магистратуру.

Программа вступительного экзамена включает ключевые теоретически и практически значимые вопросы по комплексам дисциплин, входящих в цикл общепрофессиональных дисциплин (ОПД) и дисциплин специализаций по направлению 45.03.01 – «Отечественная филология» (Кабардино-черкесский язык и литература).

# 2. ОПРЕДЕЛЕНИЕ СОДЕРЖАНИЯ ГОСУДАРСТВЕННЫХ ИСПЫТАНИЙ

Вступительный экзамен по отдельной дисциплине должен определять уровень усвоения бакалавром материала, предусмотренного учебной программой и охватывать все минимальное содержание данной дисциплины, установленное соответствующим государственным образовательным стандартом.

На вступительном экзамене по направлению бакалавры демонстрируют практическое владение кабардино-черкесским языком, историей языка, историей кабардино-черкесской литературы.

Ответ бакалавра должен подтвердить достаточно полное знание современного состояния языкознания, литературоведения, а также происхождение и основные этапы развития кабардино-черкесской литературы; определить место кабардино-черкесского языка и кабардино-черкесской литературы в структуре гуманитарного знания, умение владеть методами и приемами анализа литературного произведения, ориентироваться в литературном процессе.

# 3. ТРЕБОВАНИЯ, ПРОВЕРЯЕМЫЕ В ХОДЕ ВСТУПИТЕЛЬНОГО ИСПЫТАНИЯ

Бакалавр должен подтвердить:

- владение текстами литературных произведений и иметь представление о литературном процессе, владение основными методами языкового анализа;
- умение анализировать язык произведения художественной литературы, произведения кабардино-черкесской литературы;
- знание литературы и фольклора в их историческом развитии и современном состоянии, в сопряжении с историей и культурой народа;

- понимание закономерностей литературного процесса, художественного значения литературного произведения в связи с общественной ситуацией и культурой той или иной эпохи, определять художественное своеобразие произведений и творчества писателя в целом;
- владение основными методами литературоведческого анализа;
- владение методами информационного поиска;
- знание истории, современного состояния и перспектив избранной специальности.

## 3.1. Перечень основных учебных модулей (ОУМ) – дисциплин образовательной программы

Программа вступительного экзамена по направлению 45.04.01 – «Филология», «Адыгская филология» включает в себя ключевые и практически значимые вопросы по комплексу специальных дисциплин специализации Госстандарта.

## 3.2. Программы вступительного экзамена по основным учебным модулям и перечень вопросов, выносимых для проверки экзамена

### 3.2.1. СОВРЕМЕННЫЙ КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКИЙ ЯЗЫК

1. Иберийскэ-кавказскэ бзэ гупыр, абы хыхьэ бзэхэр. Бзэхэр щаугуэшым къагъэсэбэп историческэ-сравнительнэ методыр. Абхаз-адыгэ бзэ гупыр. Генеалогическэ, типологическэ классификацэхэм адыгэбзэм щиубыд увыпIэр.
2. Лексикологием иджыр, адыгэбзэхэр джа зэрыхъуар. Адыгэбзэм и лекискэр. Адыгэбзэхэм я зэхуэдэ лексикэр, ададыгэбзэхэм къыщыхъуа зэщхьэщыкIыныгъэхэр. Куэдрэ, мащIэрэ къагъэсэбэп псалъэхэр, щIэуэ бзэм къыхыхьа псалъэхэр, IэщIагъэм епха псалъэхэр, диалектхэм, говорхэм къагъэсэбэп псалъэхэр, омонимхэр, синонимхэр, антонимхэр, фразеологизмхэр.
3. НэгъуэщIыбзэм къыхэкIыу адыгэбзэм къыхыхьа псалъэхэр, абыхэм ягъуэта зэхъуэкIыныгъэхэр.
4. Лексикографием зэрызиужьар. Адыгэбзэм иIэ псалъальъэхэр, ахэр зэрыухуа принципхэр. ЗэзыдзэкI псалъалъэхэр, орфографическэ псалъалъэхэр, псалъэгъэунэху, псалъалъэ къызэгъэзэкIа, тхакIуэм и бзэм теухуа псалъалъэ, толковэ псалъалъэ.
5. Адыгэбзэм и макъзешэхэр. Ахэр къыхэгъэкIыным и тхыдэр. Макъзешэхэр зэрагуэш щIыкIэхэр: кIэщIхэр, укъуэдияхэр, къыщыхъу щIыпIэр, къызэрыхъу щIыкIэр. Макъзешэхэр къыщагъэсэбэп увыпIэхэр. Абыхэм теухуауэ еплъыкIэ щыIэхэр.
6. Макъ дэкIуашэхэр. Система щыIэхэр (троечная система смычных и парная система спирантов). Зи закъуэ макъхэр, макъ пIытIахэр, Iупэр хъурей хъуу къэхъу макъхэр. Фонетическэ зэхъуэкIыныгъэхэр, ахэр къэзышэр
7. Лъабжьэм и структурэм ехъэлIауэ щыIэ еплъыкIэхэр. Н.Ф. Яковлевым и еплъыкIэр. Г.В. Рогава и школыр лъабжьэм зэреплъыр. А. Койперс лъабжьэр къызэрыхигъэкI щIыкIэр. Къумахуэ М. и еплъыкIэр.
8. Псалъэ лъэпкъыгъуэхэр, ахэр къызэрыхагъэкI признакхэр. Зи щхьэ хущыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэр, зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэр. Адрей бзэхэм къащхьэщыкIыу адыгэбзэм иIэ щхьэхуэныгъэхэр.
9. ЩыIэцIэм иIэ морфологическэ категориехэр. ЦIыху - мыцIыху классхэр, зэрагуэшыр, щхьэхуэныгъэ иIэхэр. Бжыгъэ категориер: закъуэ бжыгъэ, куэд бжыгъэ. Закъуэ бжыгъэм иту фIэкIа къамыгъэсэбэпхэр. Куэд бжыгъэм иту фIэкIа къамыгъэсэбэпхэр. «Презентатичнэ множество» жыхуаIэр, «общее число» жыхуаIэм иIэ щхьэхуэныгъэхэр, падежхэр, падежхэм къагъэлъагъуэр, падеж кIэуххэм я къежьапIэр, абыхэм теухуауэ щыIэ еплъыкIэхэр. Белджылы-мыбелджылы категориер, ар склоненэм зэрепхар.
10. ПлъыфэцIэр, ар къызэрыхагъэкIыр, абы теухуауэ щыIэ еплъыкIэхэр, щытыкIэ къызэрыкI плъыфэцIэхэмрэ предметыр зыщыщ къэзыгъэлъагъуэ плъыфэцIэмрэ, зэрызэщхьэщыкIыр. Зэлъытыныгъэ степеныр.
11. Зэрабж, зэрагуэщ, къутахуэ, кратнэ, зэрызэкIэлъыкIуэ бжыгъэцIэхэр.
12. БжэкIэм и системэ щыIэхэр: тIощIырыбжэ, пщIырыбжэ, тIощIырыбжэ-пщIырыбжэ. БжыгъэцIэхэр къызэрыхъур, зэхъуэкIыныгъэ яIэхэр.
13. Щхьэ цIэпапщIэхэр, абыхэм я склоненэм иIэ щхьэхуэныгъэхэр.
14. Зыгъэлъагъуэ цIэпапщIэхэм я мыхьэнэр, я склоненэм иIэ щхьэхуэныгъэхэр. ЗэрыупщIэ, еигъэ, относительнэ, зыгъэзэж, мыхъуныгъэ, белджылыншагъэ цIэпапщIэхэр, я склоненэр.
15. Глаголыр зи щхьэ хущыт псалъэ лъэпкъыгъуэу зэрыщытыр, абы и мыхьэнэр, и грамматическэ щытыкIэ нэхъыщхьэхэр. Глагол лъэIэсхэмрэ глагол лъэмыIэсхэмрэ

морфологие и лъэныкъуэкIи синтаксис и лъэныкъуэкIи зэрызэщхьэщыкIыр. Зыщхьэ фIэкIа зимыIэ глагол лъэIэсхэр. Лабильнэ, стабильно конструкцэ зиIэ глаголхэр. ЩхьитI, щхьищ, зиIэ глаголхэр. ЩхьитI, щхьищ, зиIэ глаголхэр лъэIэсу къыщыкIуэмрэ лъэмыIэсу къыщыкIуэмрэ. Иверсивнэ конструкцэ зиIэ глаголхэр. Динамическэ, статическэ глаголхэр зэрызэщхьэщыкIыр. Финитнэ – инфинитнэ глаголхэр, ахэр зэрызэщхьэщыкIыр Глагол зыгъэзэжхэр. Глаголыр щхьэкIэ, бжыгъэ зэхъуэкIа зэрыхъур. Глаголым и зэманхэр. Наклоненэ категорие.

16. Глаголхэм я къэхъукIэ нэхъыщхьэхэр. Инфинитивыр, абы и формэр. Инфинитивыр щхьэкIэ, бжыгъэкIэ зэхъуэкIа зэрыхъур.
17. ПричастиекIэ зэджэр. Причастием глагол щытыкIи плъыфэцIэ щытыкIи зэриIэр. Зылэжь причастиемрэ зэлэжь причастиемрэ зэрызэщхьэщыкIыр, абыхэм я къэхъукIэр. Обстоятельственнэ причастиехэм я къэхъукIэр. Причастиер щхьэкIэ зэхъуэкIа зэрыхъур. Причастиер зэманкIэ зэхъуэкIа зэрыхъур. Причастиер падежкIэ, бжыгъэкIэ зэхъуэкIа зэрыхъур. Причастнэ оборотыр, ар псалъэухам къызэрыщыкIуэр. Причастием и синтаксическэ къалэнхэр.
18. ДеепричастиекIэ зэджэр. Деепричастиер глагол формэу щIалъытэр. Наречием ещхьу деепричастием хэлъыр. Деепричастиер къызэрыхъур. Деепричастием и зэман формэхэр. Деепричастиер щхьэкIэ, бжыгъэкIэ зэхъуэкIа зэрыхъур. Деепричастнэ оборотыр. Деепричастиер псалъэухам зэрыхэувэр.
19. Наречием и мыхьэнэр, и синтаксическэ къалэнхэр. Я мыхьэнэ елъытакIэ наречиехэр зэрагуэш разрядхэр. Наречиехэр къызэрыхъур. Наречиер къызытекI псалъэ лъэпкъыгъуэхэр. Наречиехэм я зэлъытыныгъэ степенхэр.
20. Послелогхэр, союзхэр, частицэхэр зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэу щIалъытэр, къагъэлъагъуэ мыхьэнэкIэ послелогхэр зэрызэщхьэщыкIыр, ахэр зыщIыгъу псалъэм епха зэрыхъур. Союзхэм я мыхьэнэр. Союзхэр зэрагуэшыр. Союз псалъэхэр. Частицэхэм мыхьэнэ лIэужьыгъуэ къызэрагъэлъагъуэр.
21. Междометиер псалъэ лъэпкъыгъуэ щхьэхуэу зэрыщытыр. Междометиехэм къагъэлъагъуэ мыхьэнэхэр. Междометиехэм я тхыкIэр. Абыхэм я ужькIэ ягъэув нагъыщэхэр.
22. Синтаксисымрэ пунктуацэмрэ. Синтаксисым иджыр. Синтаксысымрэ морфологиемрэ зэрызэпыщIар. Псалъэ зэпхам яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр: зэкIуныгъэ, зегъэкIуэныгъэ, егъэщIылIэныгъэ. Сочинительнэ, подчинительнэ псалъэ зэпхыкIэхэр. Псалъэ зэпхахэм яку дэлъ подчинительнэ зэпхыныгъэхэр къэгъэлъэгъуа зэрыхъу Iэмалхэмрэ щIыкIэхэмрэ.
23. Псалъэуха къызэрыкIуэм и синтаксис. Псалъэ зэпхамрэ псалъэухамрэ зэрызэщхьэщыкIыр. Я мыхьэнэкIэ псалъэуха лIэужьыгъуэхэр: зэраIуатэ, зэрыупщIэ, хэIэтыкIа. Я структурэкIэ псалъэуха лIэужьыгъуэхэр. Пкъыгъуэ нэхъыщхьитIри зиIэ псалъэухар. Псалъэухам и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэр. Подлежащэу псалъэухам хэувэ псалъэ лъэпкъыгъуэхэр. Сказуемэ лIэужьыгъуэхэр.
24. Псалъэухам и пкъыгъуэ етIуанэхэр. Прямой дополненэмрэ косвеннэ дополненэмрэ. Определенэр зищIысыр, апхуэдэу псалъэухам хэувэ псалъэ лъэпкъыгъуэхэр. Приложенэ. Обстоятельствэхэр, ахэр сказуемэм епха зэрыхъур.
25. Пкъыгъуэ нэхъыщхьэу зы фIэкIа зимыIэ псалъэухахэр: щхьэ белджылы зиIэ, щхьэ мыбелджылы зиIэ, щхьэ зимыIэ, инфинитив псалъэуха, цIэиIуэ псалъэуха, эллиптическэ псалъэуха, псалъэуха иримыкъу.
26. ЦIэ гъэпсыкIэмрэ причастнэ гъэпсыкIэмрэ зэрызэщхьэщыкIыр. Подлежащэм и формэм тещIыхьауэ псалъэухам и конструкцэхэр (номинативнэ, эргативнэ, индефинитнэ, инверсивнэ). Псалъэхэм псалъэухам щаIэ зэкIэлъыкIуэкIэр (зэкIэлъыкIуэкIэ занщIэ, зэкIылъыкIуэкIэ зэблэгъэувыкIа). Осложненнэ псалъэухахэр, ахэр гъэгугъуа зыщI компонентхэр.

27.Пкъыгъуэ зэлъэпкъэгъу зыхэт псалъэухахэр: дополненэ зэлъэпкъэгъухэр, подлежащэ зэлъэпкъэгъухэр, сказуемэ зэлъэпкъэгъухэр, обстоятельствэ зэлъэпкъэгъухэр, определенэ зэлъэпкъэгъухэр.

28.Пкъыгъуэ пыщхьэхукІа зыхэт псалъэухахэр. Определенэ пыщхьэхукІа зыхэт псалъэухахэр зэригуэшыжыр. Обстоятельствэ пыщхьэхукІа зыхэт псалъэухахэр зэригуэшыжыр.

29.Псалъэуха зэхэлъым и синтаксис. Псалъэуха зэхэлъ лІэужьыгъуэхэр. Псалъэуха зэхэлъ-зэгъусэкІэ зэджэр, ахэр зэпха зэрыхъу союзхэр. Псалъэуха зэхэлъ-зэпхакІэ зэджэр. Псалъэуха пажэмрэ псалъэуха гуэдзэмрэ я зэпхыкІэр, ахэр зэрызэщхьэщыкІыр. Псалъэуха гуэдзэу тІу е нэхъыбэ зыхэт псалъэуха зэхэлъ-зэпхахэр. Союзыншэ псалъэуха зэхэлъхэр. Іыхьэ куэду зэхэт псалъэуха зэхэлъхэр: Іыхьэ куэду зэхэлъ псалъэуха зэхэлъ-зэгъусэ, Іыхьэ куэду зэхэлъ псалъэуха зэхэлъ-зэпха, Іыхьэ куэд зиІэ союзыншэ псалъэуха зэхэлъ. ЗэпхыкІэ зэмылІэужьыгъуэ зиІэ псалъэуха-зэхэлъхэр.

30.Псалъэуха зэхэлъым теухуауэ щыІэ еплъыкІэхэр.

31.Зэрызыхуагъазэ псалъэ, вводнэ псалъэ, вводнэ псалъэуха. Псалъэ занщІэрэ зэдзэкІарэ. Ахэр запятойкІэ къызэрыхагъэкІыр. Псалъэуха пажэмрэ гуэдзэмрэ я зэхуакум запятой зэрагъэувыр. Псалъэухам и пкъыгъуэ зэлъэпкъэгъухэм я кум запятой зэрыщагъэув. Определенэ, обстоятельствэ пыщхьэхукІахэм запятой зэрагъэув, точкитІ, тире щагъуэв хабзэхэр.

32.Адыгэбзэм и тхыдэр. Ар зэрызэфІэувар, тегъэщІапІэ хуэхъуахэр. Ди бзэм зэхъуэкІыныгъэ игъуэтахэр (лекискэ, фонетикэ, морфологие, синтакис и лъэныкъуэкІэ), ахэр къэзышахэр. Литературэбзэм къикІуа гъуэгуанэр, зэрызиужьар.

33. Адыгэбзэм иІэ диалектхэр, говорхэр къызэрыхъуар, къыщІэхъуа щхьэусыгъуэр, диалектхэм, говорхэм я пщэдейр.

## ОСНОВНАЯ ЛИТЕРАТУРА

1. Адыгское лингвокультурное пространство/Под редакцией З.Х. Бижева Нальчик, 2010.
1. Апажев М.Л., Коков Дж.Н. Кабардино-черкесско-русский словарь. Нальчик, 2008.
2. Апажэ М.Л., КIуэкIуэ Ж.Н. Адыгэ-урыс псалъалъэ. Налшык, 2008.
3. Афаунова А.А. Семантико-грамматический анализ междометий и звукоподражаний кабардино-черкесского языка. Нальчик: КБИГИ, 2012.
4. Бозиева Н.Б., Езаова М.Ю., Хежева Л.Х. Методические рекомендации. Нальчик, 2008.
5. Гишев Н.Т. Избранные труды по языкознанию. Майкоп, 2008.
6. Джаурджий Хь.З., Дзасэжь Хь.Е. Адыгэбзэ, япэ Iыхьэ. Налшык, 2008.
7. Жилетежев Х.Ч. Специфика собственных имен существительных в кабардино-черкесском языке. Нальчик: КБИГИ, 2009.
8. Загаштоков А.Х. Сопостовительно-типологическое описание русского и кабардино-черкесского языков в учебных целях. Нальчик, 2009.
9. Нало Заур. Адыгэ псалъэгъэпсахэр. Налшык, 2008.
10. Табухов Х.К. Толковый русско-кабардино-черкесский словарь. Нальчик, 2008.
11. Таов Х.Т. Кабардино-черкесская диалектология. Нальчик, 2011.
12. Таов Х.Т. Словарь диалектизмов кабардино-черкесского языка. Нальчик, 2011, с.I-70.
13. Таов Х.Т., Батырова Л.Х. Адыгский календарь. Нальчик, 2011, с.I-44.
14. Таов Х.Т., Езаова М.Ю., Хежева М.Р. Лингвистический анализ художественного текста. Нальчик, 2011. с. I-5I.
15. Таов Х.Т., Урусов Х.Ш. Адыгэхэм я бзэр зэлъытауэ. Нальчик, 2008 г. с.I-I60.
16. Таов Х.Т., Урусов Х.Ш. Сравнительная грамматика адыгских языков. Нальчик, 2008.
17. Таов Х.Т., Хежева М.Р. Жьы хъуа псалъэхэр адыгэбзэхэм. Нальчик, 2012.
18. Таов Х.Т., Хутежев З.Г., Шугушева Д.Х. Основы стилистики и культура речи. Нальчик, 2010.
19. Толковый словарь адыгейского языка. Майкоп, 2010. Т. I.
20. Толковый словарь адыгейского языка. Майкоп, 2012. Т. II.
21. Унатлоков В.Х. Адыгизмы в карачаево-балкарском языке. Нальчик: КБГУ, 2011.
22. Хакуашев А.Х. Адыгское просветительство. Нальчик, 2009.
23. Хутежев З.Г. Порядок слов в простом предложении кабардино-черкесского языка. Нальчик, 2010.с.I-80.
24. Шыбзыхъуэ Хьэжмурат. Адыгэ псалъалъэр бейщ. Черкесск, 2011.
25. Шэрджэс Алий. Яхуэмыфащэу лъэныкъуэ едгъэза псалъэхэр (Адыгэ псалъэгъэнахуэм щIыгъужыпхъэхэр). Налшык, 2009.

**Дополнительная литература:**

1. Адмони В.Г. Поэтика и действительность. Л., 2012.
2. Адмони В.Г. Система форм речевого высказывания. СПб., 2011.
3. Анисимова Е.Е. Лингвистика текста и межкультурная коммуникация (на материале креолизованных текстов). М., 2009.
4. Бабенко Л.Г. Филологический анализ текста. Екатеринбург, 2009.
5. Бахтин М.М. Эстетика словесного творчества. М., 2011.
6. Бещтокъуэ Хьэбас Анэдэлъхубзэм и псынащхьэ. Налшык, 2010.
7. Борисова Л.В., Метлюк А.А. Теоретическая фонетика. М., 2013.
8. Брандес М.П. Стилистика текста. М., 2011.
9. Валгина Н.С. Теория текста. М., 2012.
10. Джанджакова Е.В. Стилистика художественного текста. М., 2010.
11. Джаурджий Хь.З. Адыгэбзэ. Налшык, 2007.

12. Долинин К.А. Интерпретация текста. М., 2009.
13. Думанов Х.М. Краткий словарь этнографических терминов кабардино-черкесского языка. Нальчик, 2006.
14. Загаштоков А.Х. Сопостовительно-типологическое описание русского и кабардино-черкесского языков в учебных целях. Нальчик, 2009.
15. Кушхаунов А. В. Очерки истории зарубежной черкесской диаспоры. Нальчик, 2009.
16. Нало Заур Адыгэ псалъэгъэпсахэр. Налшык, 2009.
17. Таов Х.Т. Кабардино-черкесская диалектология. Нальчик, 2006.
18. Торсуев Г.П. Проблемы теоретической фонетики и фонологии. – М., 2008.
19. Тураева З.Я. Лингвистика текста. М., 20I2.
20. Унатлоков В.Х. Адыгизмы в карачаево-балкарском языке. Нальчик, 2011.
21. Унатлоков В.Х. Диктантхэмрэ изложенэхэмрэ (темэкIэ зэпыуда лэжьыгъэхэмрэ сочиненэхэмрэ щIыгъужауэ). Налшык: Эльбрус, 2013.
22. Языковое многообразие – главное и неповторимое богатство России / под общей ред. Артаменко О.И. Нальчик, 2012.

# УПЩІЭХЭР (Вопросы)

1. Къэбэрдеибзэр зыхыхьэ бзэ быныр, ар зэрыгуэшар. Абхъаз-адыгэ бзэ гупым и кIуэцIкIэ зы бзэм псалъэ хэкIыу адрейм къищтэныр къызыхэкIыр. Щапхъэхэр.
2. Адыгэбзэм и макъ дэкIуэшэхэр, ахэр зэрыгуэшар, системэ щыIэхэр. Макъхэм ехьэлIауэ щыIэ еплъыкIэхэр.
3. Макъзешэхэр, абыхэм характеристикэ етын, ахэр зыджахэр, еплъыкIэ щыIэхэр.
4. Лексикологиемрэ лексикографиемрэ яджыр, зэрызаужьар, щыIэ лэжьыгъэхэр.
5. Псоми къагъэсэбэп лексикэр, профессиональнэ, диалект псалъэхэр, лексикэм зэрызиужьар, лексикэр джыным и мыхьэнэр.
6. ЦIэпапщIэм иIэ разрядхэр, ахэр зэхъуэкIа зэрыхъухэр.
7. Псалъэ лъэпкъыгъуэхэр, ахэр къызэрыхагъэкI щIыкIэр.
8. Глагол лъэIэсхэмрэ глагол лъэмыIэсхэмрэ, ахэр синтаксис, морфологие и лъэныкъуэкIэ зэрызэщхьэщыкIыр.
9. Псалъэ зэпхам яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр, адыгэбзэхэм яIэ щхьэхуэныгъэхэр.
10. Псалъэухам и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэр, абыхэм елъытауэ еплъыкIэ щыIэхэр.
11. Псалъэухам и пкъыгъуэ етIуанэхэр, ахэр сказуемэм епха зэрыхъур, яIэ щхьэхуэныгъэхэр.
12. Деепричастиер, къызэрыхъу щIыкIэр, и грамматикэр.
13. Орфографиер зищIысыр и мыхьэнэр, абы и принцип нэхъыщхьэхэр, ныкъусаныгъэ иIэхэр.
14. Псалъэуха зэхэлъ лIэужьыгъуэхэр, псалъэуха зэхэлъым ехьэлIауэ щыIэ еплъыкIэхэр.
15. Адыгэ лексикографиер, псалъалъэ лIэужьыгъуэу щыIэхэр, ахэр зэрыухуа принципхэр.
16. Синтаксисым иджыр. Синтаксисымрэ морфологиемрэ зэрызэпыщIар, яку дэлъ зэпхыкIэхэр.
17. Падежхэм я мыхьэнэр, падеж системэм ехьэлIауэ щыIэ еплъыкIэхэр.
18. ЩытыкIэ къэзыгъэлъагъуэ плъыфэцIэхэмрэ зыщыщ къызэрыкI плъыфэцIэхэмрэ, ахэр зэрызэщхьэщыкIыр, еплъыкIэ щыIэхэр.
19. ЩыIэцIэм и белджылы-мыбелджылы категориер, ар къэгъэлъэгъуа зэрыхъухэр, яIэ щхьэхуэныгъэхэр.
20. Адыгэбзэм и фонетикэм щекIуэкI фонетическэ хабзэ нэхъыщхьэхэр, ахэр къэзышэхэр, зэпхар.
21. Динамическэ, статическэ глаголхэр, ахэр я мыхьэнэкIэ, морфологие и лъэныкъуэкIэ зэрызэщхьэщыкIыр.
22. Архаизмхэр, историзмхэр, псалъэщIэхэр. Абыхэм ягъэзащIэ къалэнхэр, ахэр къызэрагъэсэбэпыр, я мыхьэнэр.
23. Причастиер, разряд иIэхэр, къызэрыхъу щIыкIэр, зэхъуэкIыныгъэ иIэхэр.
24. Псалъэуха къызэрыкIуэм иIэ конструкцэхэр, ахэр зэрызэщхьэщыкIыр, яIэ модельхэр.
25. Псалъэ шэрыуэхэмрэ зэкIэщIэпч мыхъу псалъэ зэпыщIахэмрэ лъэпкъ гупсысэр къызэрагъэлъагъуэр.
26. Зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэр, абыхэм ягъэзащIэ къалэнхэр, къызэрыхагъэкI щIыкIэр.
27. Пкъыгъуэ зэлъэпкъэгъу зыхэт псалъэухахэр, абыхэм я къэкIуэкIэр.
28. БжыгъэцIэхэм и разрядхэр, къагъэлъагъуэр, къызэрыхъу щIыкIэр, системэ щыIэхэр.
29. Наречиер, къызэрыхъу щIыкIэр, разряд иIэхэр.
30. Псалъэухам щагъэув нэгъыщэхэр, ахэр зэпхар.

## 3.2.2. АДЫГЭ (КЪЭБЭРДЕЙ-ШЭРДЖЭС) ЛИТЕРАТУРЭ / АДЫГСКАЯ (КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКАЯ) ЛИТЕРАТУРА

### Адыгэ литературэр XIX лIэщIыгъуэм – XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм / Адыгская литература XIX – начала XX века

Хэзыгъэгъуазэ. Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэр курс щхьэхуэу еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэрыщаджыр, абы и мыхьэнэр, и мурад нэхъыщхьэр.

Литературэмрэ лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ.

Художественнэ литературэмрэ гъуазджэмрэ (искусствэмрэ).

Адыгэ литературэр къызэрежьар, абы хэкIыпIэ хуэхъуа щхьэусыгъуэхэр. Лъэпкъ литературэм и къуэпсхэм зыщадз лъахэхэмрэ щэнхабзэхэмрэ.

Къэбэрдей-шэрджэс литературэм и тхыдэм и лъэхъэнэ нэхъыщхьэхэр: адыгэ литературэр XIX лIэщIыгъуэм – XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм (тхыбзэпэ усыгъэр, усакIуэ-джэгуакIуэхэр; тхыбзэ литературэм и щIэдзапIэм, япэ адыгэ тхакIуэхэр; адыгэ узэщIакIуэхэр); къэбэрдей-шэрджэс литературэр XX лIэщIыгъуэм – XXI лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм (къэбэрдей-шэрджэс литературэр XX лIэщIыгъуэм и 20–50 гъэхэм; лъэпкъ литературэр 60–80 гъэхэм; литературэр 90 – XXI лIэщIыгъуэм и япэ илъэсипщIым).

Литературэр социальнэ къэхъугъэу зэрыщытыр: абы игъэзащIэ къалэнхэмрэ цIыхубэм и гъащIэм зэрыпыщIамрэ.

Къэбэрдей-шэрджэс литературэмрэ Урысей Федерацэм и лъэпкъыбэ литературэмрэ: зэщхьу яхэлъымрэ зэрызэщхьэщыкIымрэ. Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэхэр: я ехъулIэныгъэхэмрэ къапэщыт къалэнхэмрэ. Лъэпкъ литературэхэм я зэпыщIэныгъэхэр: тэрмэш лэжьыгъэр, абы пыщIа гугъуехьхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ.

Адыгэ литературэм и ехъулIэныгъэхэмрэ къыпэщыт къалэнхэмрэ.

**Тхыбзэпэ лъэпкъ литературэ.** Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэр къэунэхуным щхьэусыгъуэ хуэхъуа тхыдэ-щэнхабзэ Iуэхугъуэхэр. Лъэпкъ литературэм и псыпэр ежьэным IуэрыIуатэр лъабжьэ зэрыхуэхъуар, а Iуэхум урыс классикэ литературэмрэ къуэкIыпIэ лъэпкъхэм я художественнэ щэнхабзэ къулеймрэ зэрыхэлIыфIыхьар.

IуэрыIуатэмрэ автор зиIэ усыгъэмрэ. Адыгэ усакIуэ-джэгуакIуэхэм я усыгъэхэр IуэрыIуатэ усыгъэм къыхэзыгъэщхьэхукI нэщэнэхэр. Литературэр къежьэнымкIэ, зиузэщIынымкIэ абыхэм яIэ мыхьэнэр.

Автор (жьабзэ) усыгъэр тхыбзэ литературэм зэрыхуэкIуар. Лъэпкъ тхыбзэм и тхыдэр: япэ алыфбейхэмрэ ахэр зэхэзылъхьахэмрэ. Щхьэзакъуэ алфбейхэмкIэ (Нэгумэ Ш., Берсей У., ХьэтIохъущокъуэ Къ., Тамбий П., Цагъуэ Н., Дым I., ПащIэ Б., нэгъуэщIхэри) тхауэ къэна (художественнэ) тхыгъэхэр, ахэр иджырей лъэпкъ алфбеймкIэ тхыжыным (транслитерацэ) елэжьахэр, абы и мыхьэнэр.

Адыгэ литературэр къэунэхунымрэ зэтеувэнымрэ, IуэрыIуатэм къыдэкIуэу, хэкIыпIэ хуэхъуа щэнхабзэ унэтIыныгъэхэр. Япэ адыгэ узэщIакIуэхэр: лъэпкъыр щIэныгъэм и гъуэгум тешэным, тхыбзэрэ литературэрэ къахузэгъэпэщыным ехъэлIауэ абыхэм зэфIагъэкIа лэжьыгъэшхуэр.

*УсакIуэ-джэгуакIуэхэр.* **Таукъуэ Лъэпщыкъу.** ДжэгуакIуэм теухуа псалъэ. Тхыдэ къэхъугъэхэмрэ IуэрыIуатэмрэ. «Къэбэрдей жэщтеуэм и уэрэд». Уэрэдым и тхыдэр, и зэхэлъыкIэр, и бзэр.

**Абазэ Къамбот.** ДжэгуакIуэм теухуа псалъэ. ЩIагъыбзэ зыщIэлъ, ауан уэрэдхэмрэ усэхэмрэ. Абазэ Къ. и «Пхъэм и дауэр», «Дзыгъуэжьищым я пшыналъэ», «Къамбот и тхьэусыхэ», «Бызыгыжьым и усэ», «Къамбот и мэкъуауэгъухэр ауан ещI» усэхэр.

**Агънокъуэ Лашэ.** ДжэгуакIуэм теухуа псалъэ. IуэрыIуатэмрэ автор усыгъэмрэ. Агънокъуэ Л. и усэхэр адрей усакIуэхэм я усыгъэхэм къазэрыщхьэщыкIыр. УсакIуэм и образ къэгъэщIыкIэр, и усэ гъэпсыкIэр, и бзэр.

Агънокъуэ Л. и усэ нэхъыфIхэр: «Шэрэдж», «КIэзонэжь», «Ди нысэ фо», «Агънокъуэм цIыхубзхэм яхужиIар», «Агънокъуэм лIэныгъэм хужиIэгъар», «Агънокъуэм

нэпсым хужиIар», «Агънокъуэр Урыху зэрыхуэусар», «Агънокъуэр кхъужьеижьым зэрыхуэусар», «Дунейр шэрхъщи мэкIэрахъуэ», «Агънокъуэм гъащIэм хужиIар», ахэр лъэпкъ щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэшхуэу зэрыщытыр. Агънокъуэ Лашэ и псалъэгъэпсахэр.

ЦIыхубэ усакIуэ-джэгуакIуэшхуэм и творчествэр зэхуэхьэсыжыным, джыным, къыдэгъэкIыным елэжьа щIэныгъэлIхэр.

**Мэсей Исуп.** ДжэгуакIуэм теухуа псалъэ. Гъыбзэмрэ цIыхубэ уэрэдымрэ: «Къущхьэ Жамботрэ Екъубрэ я тхьэусыхэр» зыхыхьэ жанрыр. Гъыбзэр зытеухуа Iуэхугъуэхэр къыщыхъуа лъэхъэнэр. Лей зезыхьэм къызэрыщIэмыкIуэнур абы и гупсысэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр, ар уи фIэщ зыщI образхэмрэ теплъэгъуэхэмрэ.

**Мыжей Сэхьид.** ДжэгуакIуэм теухуа псалъэ. Мыжей Сэхьид и уэрэдхэмрэ («Уэдобнэ джабэ», «Нысашэ уэрэд») и усэхэмрэ («Ди анэжь», «Ди Iэнэжь», «Гъурагужь», «Къурмэн», «Сэхьид и къеблагъэ жыIэкIэ», «Дыщэхъан», «Анэшхуэр мэбзэрабзэ», «Молэм и уаз», «Лашын», «Аргъуей», «Сэхьид и гушыIэ»). Мыжейм С. и усэ гъэпсыкIэр: IуэрыIуатэм и Iэмалхэр авторым къызэригъэсэбэпыр щIыкIэр. УсакIуэм и усэбзэр, авторыгъэ зыхэлъ усыгъэм ар зэрыпэгъунэгъур.

**Сыжажэ Къылъшыкъуэ.** ДжэгуакIуэм теухуа псалъэ. Сыжажэм и уэрэдхэр («ЦIыкIуэ къуий и уэрэд», «Куп Сурэт и тхьэусыхэ», «Астемырыкъуэм и уэрэд»). Усэхэр («Хуэмгъуэт и хъуэн», «Ашэбейм я хъуэн», «Нэф къэзыгъэщIри нэфщ», «IэщIагъэ дахэ», «Тхьэусыхафэ», «Пхъум и хъуэхъу», «Ажэм игъэщтахэм я хъуэн», «Джэдым и хъуэхъу», «Къылъшыкъуэ хьэжрэтым зэрелъэIуар», «Гыбзэ»).

Иужьрей лъэпкъ усакIуэ-джэгуакIуэхэмрэ профессионал гъуазджэмрэ. Адыгэ усэ гъэпсыкIэмрэ Сыжажэм и усэ ухуэкIэмрэ: И гъащIэм щыщ теплъэгъуэхэр усакIуэм и усэхэм къыщигъэлъэгъуэжу зэрыщытар.

*УсакIуэхэр.* **Уэкъуо.** УсакIуэм теухуа псалъэ. «Уэкъуо и усэ» усэр зытеухуар, и гъэпсыкIэр.

**Выкхъэ Шухьиб.** УсакIуэм теухуа псалъэ. «КIэтIырэ», «ПащIэрывэ», «Ещрокъуэ и хъуэн» уэрэдхэр, жанркIэ ахэр зыщыщыр.

**ПащIэ Бэчмырзэ.** УсакIуэм теухуа псалъэ. ПащIэ Бэчмырзэрэ лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ. Адыгэ литературэр зэфIэувэнымкIэ усакIуэм и творчествэм иIа мыхьэнэр. УсакIуэмрэ жылагъуэмрэ, усакIуэмрэ динымрэ, усакIуэмрэ щIыуэпсымрэ. ПащIэ Б. лъэпкъ литературэм и тхыдэм зэрыхэувэр.

ПащIэ Б. и уэрэдхэр («Бэчмырзэ и тхьэусыхэ», «Пщыбий КIуш и гъыбзэ», «ПIаз Темыркъан и фэеплъ уэрэд», «Дыгъур КIаш и тхьэусыхэ», «Уэзы Мурат»). Ахэр зытеухуамрэ жанркIэ зыхыхьэхэмрэ.

ПащIэ Б. и усэхэр («Истамбыл», «ЩIы», «Мы дунеижьыр», «Жьапщэ мыгъуэ», «ЦIыхур щIалэхукIэ», «Бэчмырзэ и усэ», «Дуней», «Джэдым и усэ», «Жыгыр къэгъагъэмэ, дыщогуфIыкI», «Дзэлыкъуэ», «Къэбэрдей», «Мухьэжырхэр»). Абы и творчествэм и къыхэкIыпIэхэр: усакIуэмрэ IуэрыIуатэмрэ, усакIуэмрэ къуэкIыпIэ лъэпкъ поэзиемрэ. ПащIэ Б. и жьэрыIуатэ усэхэмрэ тхыгъэ усэхэмрэ: зэщхьыныгъэу, зэщхьэщыкIыныгъэу хэлъхэр; адыгэ жьэрыIуатэ усыгъэм и хабзэхэмрэ къуэкIыпIэ поэзием и хабзэхэмрэ усакIуэм зэрызэригъэзэгъар.

«Алыхьым и фIыщIэ» поэмэ кIэщIыр. Ар зытеухуамрэ щIэлъ философие гупсысэмрэ.

ПащIэ Б. и усэ-жыIэгъуэхэр, цIыхубэм и Iущыгъэм и щапхъэу ахэр зэрыщытыр.

**ХьэхъупащIэ Амырхъан.** УсакIуэм теухуауэ псалъэ. «Мывэм нэхърэ нэхъ хьэлъэ», «Жэщ къэрэгъулым и усэ», «Джэгу уэрэд», «Аргъуейм и усэ», «IэщIагъэ» усэхэр. Ахэр зытеухуамрэ къаIуатэ гупсысэхэмрэ.

ХьэхъупащIэ А. и усэкIэм хэлъ гъэщIэгъуэнагъхэр. «Адыгэ усакIуэ-джэгуакIуэхэм я лIэужьщ» жыуигъэIэу, ХьэхъупащIэ А. и творчествэм хэлъ нэщэнэхэр, ауэ япэ итахэм къацхьэщыкIыу лъэпкъ прозэми абы хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIар.

**Тхыбзэ литературэм и къежьапIэм.** Лъэпкъ тхыбзэ литературэм и щIэдзапIэр. Адыгэ узэщIыныгъэ лэжьыгъэр: абы и лъэхъэнэхэмрэ узэщIакIуэ нэхъ цIэрыIуэхэмрэ. Адыгэбзэм хузэхалъхьа япэ алыфбейхэр, абыхэмкIэ тхауэ къэна тхыгъэхэр. Адыгэ узэщIакIуэхэр зыхущIэкъуар, абыхэм я лэжьыгъэхэм я мыхьэнэр. Адыгэ узэщIакIуэхэм я мурадхэр къащIемыхъулIам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэр. Лъэпкъ узэщIакIуэхэм я IуэхущIафэхэм теухуауэ щыIэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ ахэр зи IэдакъэщIэкIхэмрэ. Ипэрей адыгэ литературэмрэ гъуазджэм и унэтIыныгъэхэмрэ.

*АдыгэбзэкIэ тхэуэ щыта лъэпкъ узэщIакIуэхэр.* **Нэгумэ Шорэ.** И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. Нэгумэм тхыдэ щIэныгъэм, бзэщIэныгъэм, литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэхэр.

«Хъуэхъу» усэр, абы и тхыдэр, зытеухуар. Усэм и гъэпсыкIэм хэлъ IуэрыIуатэ щэнхэр, цезурэм абы щигъэзащIэ къалэныр.

**Берсей Умар.** И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. Япэ дыдэу адыгэбзэкIэ дунейм къытехьа тхылъым «Шэрджэс алыфбейм» (1855) ит тхыдэжьхэр (таурыхъхэр). Адыгэ IуэрыIуатэмрэ къуэкIыпIэ лъэпкъхэм я литературэмрэ къахихауэ тхылъым ихуахэр. Берсей У. зэдзэкIакIуэ IэкIуэлъакIуэу зэрыщытыр. Лъэпкъ литературэм щыяпэу абы зэридзэкIа къэжэр (перс) хъыбархэр. Адыгэ жьэрыIуатэбзэм абыхэм къыхахьа гупсысэхэмрэ жыIэгъуэхэмрэ. Абыхэм яIэ гъэсэныгъэ мыхьэнэр.

**ХьэтIохъущокъуэ Къазий.** И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. ХьэтIохъущокъуэ Къ. зэдзэкIакIуэу зэрыщытыр, Саади и «Гюлистан», М.Ю. Лермонтовым и «Ашик-Кериб», К.Д. Ушинскэм и лэжьыгъэ зэридзэкIахэм я мыхьэнэр, адыгэбзэм и зэфIэкIхэр абыхэм наIуэ зэращIыр. ХьэтIохъущокъуэ Къ. лъэпкъ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщ зыуэ зэрыщытым зэридзэкIа художественнэ тхыгъэхэр щыхьэт зэрытехъуэр. Романтизмэм и жыпхъэм ит «Хъарзынэ» рассказыр: зытеухуар, къыщиIуатэ гупсысэр. ХьэтIохъущокъуэ Къ. и «Хъарзынэ» рассказымрэ Къаз-Джэрий и «Къэжэр гушыIэ» рассказымрэ зэщхьыныгъэу яхэлъхэр, къуэкIыпIэ лъэпкъхэм я IуэрыIуатэм зэрыпыщIар. «Къэбэрдей алыфбей» (1965) тхылъым ит псысэхэм узэщIыныгъэ къару яхэлъыр. IуэрыIуатэм къыхиха хъыбархэмрэ езы узэщIакIуэм итхыжахэмрэ («Бадзэ», «Пщы щIалэ», «Джэдыгу зыщыгъ къущхьэ», н.гъуэщIхэри). Адыгэ тхыбзэм и тхыдэм ХьэтIохъущокъуэм и тхылъым щиубыд увыпIэр.

**Тамбий Пагуэ.** И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. «Къэбэрдей азбукэ» (1906) тхылъым ит таурыхъхэр, лъэпкъ литературэм и тхыдэм дежкIэ абыхэм яIэ мыхьэнэр.

**Куп Исмэхьил-хьэжы.** И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. «Адыгэ жьыуэ» усэр. Лъэпкъыр узэщIынымкIэ, щIэныгъэм къыхэшэнымкIэ абы иIэ мыхьэнэр.

**ШэкIыхьэщIэ Пщыкъан.** И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. ЛэжьакIуэ цIыхур гъэлъэпIэныр, абы и щхьэхуитыныгъэмрэ и хуитыныгъэхэмрэ къащхьэщыжыныр ШэкIыхьэщIэ П. и тхыгъэхэм я гупсысэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр. «Къуажэ молэжьхэм я уэрэд» усэр зытеухуар, езыр диным зэрыхущытыр абы къызэрыхэщыр. «Бэджрэ бадзэрэ» усэр. Баснэм и щэну усэм хэплъагъуэр. ШэкIыхьэщIэм и усэхэм къыщигъэсэбэп тропхэр, абыхэм ягъэзащIэ къалэнхэр. Силлабо-пионикэ усэ гъэпсыкIэм и Iэмалхэр япэу къэзыгъэсэбэпа адыгэ усакIуэхэм ар зэращыщыр.

*УрысыбзэкIэ тхэуэ щыта узэщIакIуэхэр.* **Къаз-Джэрий СультIан.** И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. **«ХьэжытIэгъуей ауз»** гъуэгуанэ очеркыр. Тхыгъэр дунейм къыщытехьар, къызытехуа журналыр. А.С. Пушкин, В.Г. Белинский сымэ Къаз-джэрий и IэдакъэщIэкIым хужаIа псалъэхэр. Тхыгъэм и лирикэ лIыхъужьымрэ лъэпкъым и къэкIуэнумрэ. Романтизмэм и жыпхъэхэм иту тхыгъэр зэрытхар, абы и художественнэ гъэпсыкIэр, и бзэм и къулеягъыр.

**Хъан-Джэрий СультIан.** И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. Романтизмэм и хабзэхэр лъэпкъ литературэм зэрыщызэфIэувар (Абы и щапхъэхэр адыгэбзэкIэ, нэгъуэщIыбзэхэмкIэ тхэуэ щытахэм я тхыгъэхэм къахэгъуэтэн, зэгъэпщэн), абы и щэнхэмрэ и лъэпкъ плъыфэхэмрэ. «Шэрджэс хъыбархэр» повестыр. «Русский вестник»

журналым ар къызэрытрадзэгъар. ІуэрыІуатэм къыхиха хъыбарым и фабулэр повестым лъабжьэ зэрыхуэхъуар. ТхакІуэм къигъэсэбэпа художественнэ Іэмалхэр. Абыхэм я фІыгъэкІэ хъыбарым щІэлъ гупсысэм тхакІуэм иригъэгъуэта зэхъуэкІыныгъэхэр. Щхьэзакъуэ насыпым хущІэкъуныр цІыхубэ, хэкупсо бэнэныгъэм тхакІуэм зэрыхуишэр. Романтизмэм и щэнхэр здэплъагъу образхэр (Жамбулэт, Гуащэ сымэ). Повестым и бзэр, тхакІуэм и псалъэуха ухуэкІэ гъэщІэгъуэныр.

**КІашэ Адэлджэрий.** И гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. Реализмэм и гъуэгум япэу техьа адыгэ тхакІуэм и художественнэ тхыгъэ нэхъыфІхэр: «Абрэджхэр» повестыр, «Жиным и гъэсэн», «Пыпхэ», «МазитІкІэ къуажэм» рассказхэр, нэгъуэщІхэри. КІашэ А. бгырысхэм я гъащІэм фІыуэ щыгъуазэу зэрыщытар. Абы къыхиха теплъэгъуэхэмрэ езым и нэгу щІэкІахэмрэ и художественнэ тхыгъэхэм лъабжьэ зэрахуищІар. ТхакІуэм япэу адыгэ бзылъхугъэм и образ зэпэщхэр литературэм зэрыхихьар. КІашэ А.Ку. и публицистикэр. «Іуащхьэ щыгум» очеркыр. КІашэм и публицистикэ лэжьыгъэхэм я мыхьэнэр.

**Ахъмэтыкъуэ Къазбэч** (Хьэжылъашэ Мухьэмэд-Бэч). И гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. ТхакІуэм и рассказхэр («Азэн джапІэм и щэху», «Жэнэт пщащэ», «ЩІыхьым папщІэ», «Гъуэгу зэхэкІыпІэ», «Пэжым и лъыхъуакІуэ», «Патриоткэ», нэгъуэщІхэри) зытеухуахэмрэ къаІуатэ гупсысэхэмрэ.

«Къалэн хьэлъэ» драмэр. Бгырысхэм къадекІуэкІыу щыта лъыщІэж хабзэмрэ драмэм и сюжетымрэ. Пьесэм и ухуэкІэр, зы Іуэхугъуэ шэщІам нэхъ пасэу къэхъуа Іуэхугъуэ зыбжанэ тхакІуэм зэрыхиухуанэр. Хьэжмырзэрэ Уэсмэнрэ я образхэр, абыхэм ягъуэт зыужьыныгъэр. Реализмэм и хабзэхэм тету адыгэ мэкъумэшыщІэхэм я псэукІар пьесэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар, абы и щапхъэхэр.

Ахъмэтыкъуэ Къ. и гъуэгуанэ тхыгъэхэмрэ очерккхэмрэ («Континент фІыцІэм», «Тыркум теухуа очеркхэр», «Иджырей Тыркур», «Зэман хьэлъэхэр», «Бгыхэм я хъуэпсапІэр», нэгъуэщІхэри).

**XIX лІэщІыгъуэм – XX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм псэуа лъэпкъ усакІуэ-джэгуакІуэхэмрэ узэщІакІуэхэмрэ я лэжьыгъэм иІа мыхьэнэр.** XIX лІэщІыгъуэм – XX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм адыгэ литературэм иІа щытыкІэр. Ар къэунэхуныр зэрекІуэкІар, лъэпкъ тхакІуэ-узэщІакІуэхэм я тхыгъэхэр дунейм къызэрытехьа, хъума зэрыхъуа щІыкІэхэр. Алыфбей зэхуэмыдэхэмкІэ тхауэ щыІэ художественнэ текстхэр зэхуэхьэсыжыным, джыжыным, иджырей адыгэ алыфбеймкІэ къыдэгъэкІыжыным елэжьа щІэныгъэлІхэр, абыхэм я фІыщІэр.

Лъэпкъ щэнхабзэм, абы щыщу литературэм и тхыдэм усакІуэ-джэгуакІуэхэмрэ узэщІакІуэхэмрэ щаубыд увыпІэр. Хэкурыс адыгэ щІэныгъэлІхэмрэ хэхэс адыгэхэмрэ яку дэлъа зэпыщІэныгъэхэр. XX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм Къэбэрдейм, Тыркум, Сирием адыгэбзэкІэ къыщыдэкІыу щыта газетхэмрэ журналхэмрэ. Литературэм зиужьынымкІэ абыхэм ягъэзэщІа къалэнхэр.

**Иджырей адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и япэ лъэбакъуэхэр.** XX лІэщІыгъэуэм и япэ илъэсипщІитІым Урысей империемрэ Къэбэрдеймрэ къыщыхъуа тхыдэ, цІыхубэ-политикэ зэхъуэкІыныгъэхэр. цІыхухэр егъэджэным, пэщІэдзэ еджапІэхэр къызэІухыным теухуауэ лъахэм щекІуэкІа лэжьыгъэхэр. Капитализмэм и хабзэхэр, абы къигъэщІ зэхущытыкІэщІэхэр адыгэхэм я дежи къызэрысар: Урыс-япон зауэр, Япэ дунейпсо зауэр, Дзэлыкъуэ зыкъыІэтыныгъэр, нэгъуэщІхэри. Лъэпкъ тхакІуэ-усакІуэхэр (псалъэм папщІэ, ПащІэ Бэчмырзэ, ХьэхъупащІэ Амырхъан, ЩоджнцІыкІу Алий, Къылышбий Исмэхьил, Фэнзий Мэжид, нэгъуэщІхэри) а тхыдэ Іуэхугъуэшхуэхэм зэрахущытар.

Хэхэс адыгэхэм я макъ («Гъуазэ» газетымкІэ) хэкурыс адыгэхэм я деж къэІус зэрыхъуар. Я лъэпкъэгъухэр щІэныгъэм и гъуэгум трашэн мурадкІэ Тыркум щыІэ адыгэ цІыхубэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр Хэкужьым къагъэкІуэжу зэрыхуежьар (Цагъуэ Н., НэгъущІ С., нэгъуэщІхэри). Бытырбыху, Москва, Киев, Истамбыл, Каир, Краков, нэгъуэщІ

къалэшхуэхэм щеджауэ къэзыгъэзэжа адыгэ интеллигенцэр. Лъэпкъыр зэрыкIуэну гъуэгур къыхэхыным ехьэлIауэ абыхэм яIа Iуэху еплъыкIэхэр, ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр.

*Бахъсэн узэщIакIуэхэр.* Лъэпкъ щIэныгъэм и къежьапIэ, и купсэ Бахъсэн зэрыхъуар, абы и щхьэусыгъуэхэр. «Цагъуэ Нурий и университетыр», лъэпкъ еджакIуэхэр гъэхьэзырынымкIэ абы иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр.

«Адыгэ макъ» газетыр адыгэбзэкIэ къыдэкIыу зэрыщIидзар. Литературэмрэ тхылъеджэмрэ зэлъэIэсу, зэрыубыду зэрыхуежьар, лъэпкъ щIэныгъэмрэ литературэмрэ зиужьынымкIэ абы иIа мыхьэнэр. Газетымрэ лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ, абы япэу къытрадза хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ: «Пщы Бадынокъуэ» (1917, №4), «Нарт Сосрыкъуэ и пшыналъэ» (1918, №2), «Наринэрэ Ридадэрэ» (1918, №2), «Псалъэжьхэр» (1918, №39), нэгъуэщIхэри. Адыгэхэм я зэхэщIыкIым зиужьыным «Гъуазэ» (Истамбыл), «Адыгэ макъ» (Бахъсэн) газетхэм хуащIа хэлъхьэныгъэр. Бахъсэн щIэныгъэ купсэм (центрым) и къызэгъэпэщакIуэхэр.

**Дым Iэдэм.** и гъащIэмрэ и щIэныгъэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. Дым I. и «Псалъэ пэжхэр», усэхэу «ЩэныфIэ цIыкIум жиIар», «Нажьмэ». Прозэу тха тхыгъэхэр.

«Щэнгъасэ» тхылъыр (1918). Тхыгъэр зыхуэгъэзар, ар зэрызэхэт эссе, рассказ кIэщIхэм я сюжетым лъабжьэ хуэхъуар. Дин щIэныгъэмрэ Дым I. и Iуэху еплъыкIэхэмрэ. ЩIэблэр гъэсэным, щIэныгъэм и IэфIыр зыхегъэщIэным теухуауэ «Щэнгъасэ» тхылъым иIэ мыхьэнэр.

**Цагъуэ Нурий.** И гъащIэмрэ и щIэныгъэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. Цагъуэ Н. и публицистикэр, лъэпкъ тхыдэм теухуа и тхыгъэхэр, итхыжа таурыхъхэр. Цагъуэмрэ «Гъуазэ» газетымрэ. Хэкур зыбгынэу Тыркум Iэпхъуэ адыгэхэм яхуэгъэзауэ 1911–1914 гъэхэм публицистым итха тхыгъэхэр. «Хьэишэт гуащэм и щытхъу» (1917), «Муслъымэн тхыдэ» (1918), «Адыгэ тхыдэ» (1918) тхылъхэр. Дин щIэныгъэмрэ Цагъуэм и дуней еплъыкIэхэмрэ.

Лъэпкъыр зэреджэну тхылъхэр гъэхьэзырыным («Тхыбзэ» букварыр), IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжыным, къытедзэным я IуэхукIэ Цагъуэ Н. зэфIигъэкIа лэжьыгъэхэр. Иджырей адыгэ литературэм (языныкъуэхэм зэрыжаIэу «адыгэ литературэщIэм») и къежьапIэу Бахъсэн щэнхабзэ купсэр къыщIалъытэр, абы и щхьэусыгъуэхэр.

**XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм псэуа адыгэ тхакIуэхэр.** XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм лъэпкъ щэнхабзэр щытыкIэ гугъум зэритар. Апхуэдэу щытми, адыгэхэм я зэхэщIыкIым зэрыхэхъуар, щIэблэр егъэджэным и Iуэхур мащIэкIэми зэрыкIуэтар. А лъэхъэнэм адыгэбзэкIэ ятхауэ къэна художественнэ тхыгъэхэр, ахэр зи IэдакъэщIэкIхэр. Тхыгъэхэр зытеухуар, я художественнэ гъэпсыкIэр.

**Гуапэ Зулкъарнин** и «Хъуэхъу» усэр; **КIурашын Мухьэмэд** и «Ущие усэ», «Уэ си къуэшу муслъымэнхэ» усэхэр; **ЩэрэлIокъуэ Талъостэн.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ. ЩэрэлIокъуэ Т. итхыжа таурыхъхэр, и усэхэр («Гъатхэпэ», «ЦIыхур», «Шэрэдж ауз», «Мазэ», «Гугъэ», «Кавказ дахэ»). ЩэрэлIокъуэм и драмэ лэжьыгъэхэр: «Къэзанокъуэ Жэбагъы», «Кушыкурэ абы и къэшэнымрэ». Пьесэхэр зытеухуар, лъэпкъ драматургием и япэ лъэбакъуэу ахэр зэрыщытыр. Пьесэхэм яхэлъ фIагъымрэ драматургым къемыхъулIахэмрэ.

Лъэпкъ усыгъэр зэрыкIуэну гъуэгур зыубзыхуахэр: **Къылышбий** Исмэхьил; **ЩоджэнцIыкIу** Алий.

**Къылышбий И.** и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ. «Iуэдыщэ» усэр. Лъэпкъым и блэкIамрэ и нобэмрэ я сурэту усэр зэрыщытыр, усакIуэр адыгэм и тхыдэм зэрыхущытыр, къигъэсэбэп художественнэ Iэмалхэр (зэгъэпщэныгъэр, антитезэр, н.).

«Iуэдыщэ» усэм и тхыдэр, ар лъэпкъ поэзием и хэлъхьэныгъэ щхьэпэу зэрыщытыр.

**ЩоджэнцIыкIу А.** и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ. УсакIуэ ныбжьыщIэм и япэ усэхэр: «Тырку хадэм», «Жынгызмэ я нып фIыцIэжьыр», «Нанэ». Лъэпкъым и нобэрей махуэм усакIуэр зэригъэпIейтейр, абы и къэкIуэнум зэрыщыгугъыр. Адыгэм гъуазэу иIэпхъэу усакIуэм къилъытэхэр. Романтизмэм и жьауэм щIэту тха усэхэм тхылъеджэр зыхураджэр, зыщIагъэхъуэпсыр. Анэмрэ лъахэмрэ усакIуэм яхуиIэ гурыщIэр,

ар къызэриIуатэ литературэ Iэмалхэр. ЩIагъыбзэр усакIуэ ныбжьыщIэм къызэригъэсэбэпыр, XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм а Iэмалым тырку, хьэрып усакIуэхэр хуекIуэу зэрыщытар. ЩоджэнцIыкIум и япэ усэхэр лъэпкъ лирикэм и къежьапIэу къызэрылъытапхъэр, абыкIэ тегъэщIапIэ щIыпхъэхэр.

## Къэбэрдей-шэрджэс литературэр XX лIэщIыгъуэм и 20–50 гъэхэм

Хэзыгъэгъуазэ. XX лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм ирихьэлIэу къэралым щыIа цIыхубэ-политикэ щытыкIэр, хэкум и тхыдэмрэ и щэнхабзэмрэ къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр. ЦIыхубэмрэ Октябрь революцэмрэ. ЦIыхубэмрэ Граждан зауэмрэ. Адыгэхэм лъэпкъ-щIыналъэ автономиехэр зэрагъуэтар. Ахэр щIыналъэ щхьэхуэурэ гуэша зэрыхъуар, абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэр, къэрикIуахэр.

Гъуазджэм и унэтIыныгъэщIэхэр, реализмэм и лIэужьыгъуэщIэр зэфIэувэныр зэрекIуэкIар. А лъэхъэнэм литературэм щекIуэкIа къэлъыхъуэныгъэщIэхэр, утыку къихьа гупсысэщIэхэмрэ Iуэху еплъыкIэщIэхэмрэ: футуристхэр, имажинистхэр, нэгъуэщIхэри. Пролеткульт, «КIыщ», «Серапион зэкъуэшхэр», «ЩхьэдэхыпIэ» зэгухьэныгъэхэр: я мыхьэнэр, щыуагъэхэмрэ щыщIэныгъэхэмрэ. Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я литературэхэм къызэранэкIа гугъуехьхэр, тхакIуэхэр зытета гъуэгукIэ, я гупсысэкIэкIэ гуэшыным къиша ныкъуэсаныгъэхэр.

20 гъэхэм адыгэ щIыналъэхэм къыщыдэкIыу щыта газетхэр. ЦIыхубэр зэреджэ «Iэмэпсымэ» ахэр зэрыхъуар. ЕджакIуэхэр щагъэхьэзыр еджапIэхэр къызэрызэIуахар: Лениным и цIэр зезыхьэ еджапIэ къалэ цIыкIур (1924), педрабфакыр (1931), пединститутыр (1932). ЩIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым (1926), къэрал тхылъ тедзапIэм (1928) лэжьэн зэрыщIадзар. ТхакIуэхэмрэ тхылъеджэхэмрэ я зэпыщIэныгъэм абыхэм зэрызэрагъэубгъуар.

**Адыгэ литературэр XX лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм.** Лъэхъэнэм и нэщэнэхэр. Литературэм ехьэлIауэ къыдэкIа къэрал унафэхэр («Художественнэ литературэм теухуауэ партым и политикэм и IуэхукIэ» РКП (б)-м и ЦК-м и унафэр (1925), нэгъуэщIхэри). Лъэпкъым и блэкIамрэ революцэм иужькIэ къэунэхуа псэукIэмрэ зэгъэпщэныр. Октябрь революцэмрэ Граждан зауэмрэ теухуа IуэрыIуатэр.

20 гъэхэм къэралым щыIа литературэ гупхэмрэ гъуазджэм и унэтIыныгъэхэмрэ яжь адыгэ тхакIуэхэм къазэрыщIихуар. Iуэху еплъыкIэ зэхуэмыдэхэм къагъэщIа гупсысэщIэхэр, зэныкъуэкъухэр (Нало Ж., Борыкъуей ТI., н.). Адыгэм къыдекIуэкI хабзэ-нэмысыр, цIыхубэ зэхэтыкIэр «псэукIэщIэм» къигъэщIахэм егъэзэгъыныр лъэпкъ литературэм зэрыщекIуэкIар. Адыгэ тхакIуэ нэхъыжьхэр: ПащIэ Б., ШэкIыхьэщIэ П., ХьэхъупащIэ А., ЩэрэлIокъуэ Т., КIэрашэ Т., Абыкъу Хъ., Борыкъуей ТI., Къылышбий И., Амирокъуэ И., Хьэбэчыр Б., нэгъуэщIхэри. Абыхэм я творчествэм и художественнэ къыщхьэщыкIыныгъэр, ар иджыри быдэу IуэрыIуатэм зэрыпыщIар.

Лъэпкъ литературэмрэ публицистикэмрэ. Адыгэхэм я псэукIэм, я бзэмрэ литературэмрэ теухуауэ Цагъуэ Н., Елбэд Хь., ЩоджэнцIыкIу А., Борыкъуей ТI., ЩакIуэ Т., Пщынокъуэ А., Къэшэж ТI., Къуэжей С., Къущхьэ И. сымэ «Красная Кабарда», «Къэрэхьэлъкъ», «Ленин гъуэгу» газетхэм къытрагъэдза тхыгъэхэр, абыхэм ягъэзэщIа къалэныр.

**ТхыбзэщIэ литературэм усыгъэм нэхъ псынщIэу зэрызыщиужьар, абы и щхьэусыгъуэхэр.** *УсакIуэхэр.* ШэджыхьэщIэ П., Борыкъуей ТI., КIыщокъуэ П., Пщынокъуэ А., ЩакIуэ Т., ЩэрэлIокъуэ Т., Пщынокъуэ М., ХьэхъупащIэ А., Къэжэр И., Тобыл Т. сымэ я усэхэм, уэрэдхэм я тематикэр, усакIуэхэм я Iуэху еплъыкIэхэр, лъэхъэнэм и лIыхъужьхэр зэрагъэлъапIэр. Лъэпкъым и блэкIамрэ псэукIэщIэмрэ зэгъэпщэныр, зэманым емызэгъыжу къалъытэ хабзэ-зэхэтыкIэхэм ебэныныр я творчествэм мотив нэхъыщхьэ зэрыщыхъур. Адыгэ усэ гъэпсыкIэм игъуэт зэхъуэкIыныгъэхэр.

**ПащӀэ Бэчмырзэ** и гъащӀэмрэ и жылагъуэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. ПащӀэ Бэчмырзэрэ пасэрей адыгэ усыгъэм и поэтикэмрэ. УсакӀуэм и творчествэм и лъэхъэнэхэр. Жьабзэ усыгъэр жьабзэрэ тхыбзэу зэпэщыным, тхыбзэ творчествэр къэунэхуным хэлъхьэныгъэ хуэзыщӀа лъэпкъ узэщӀакӀуэ-щӀэныгъэлӀхэр (Нэгумэ Ш., Хъуан-Джэрий С., Берсей У., ХьэтӀохъущокъуэ Къ., Дым I., Цагъуэ Н., нэгъуэщӀхэри). ПащӀэ Б. адыгэ усыгъэр тхыгъэ хабзэм и гъуэгум зэрытришар, абы лъэпкъ щэнхабзэм дежкӀэ иӀа мыхьэнэр.

20 гъэхэм адыгэхэм я псэукӀэм къыщыхъуа зэхъуэкӀыныгъэхэм ПащӀэ Б. зэрахущытыр («Къэтхъан Назир», «Хуит дыхъуащ», «Бахъсэн», «МэзкуукӀэ зэджэр къэралыгъуэжьти…», «Дунеижьыр Iейщи, къызэтокъутэ…», «Дуней ухуэныр щӀэныгъэ Iуэхущ», «ЩӀэныгъэр лъэпкъ гъэщӀэращӀэщ», «ИжькӀэрэ ди псэукӀахэр», «КӀэнауэ», н.). Совет властым къыдэунэхуа псэукӀэщӀэм – фабрикэхэмрэ заводхэмрэ къызэIухыным, цӀыхухэр егъэджэным, ахэр зэдзейуэ зэгуэгъэхьэным, зэдэгъэлэжьэным – усакӀуэр зэрыхуэусар. Ауэ къэрал унафэщӀхэм я IуэхущӀафэхэм хилъагъуэ мыхъумыщӀагъэхэри иубзыщӀу зэрыщымытар. ПащӀэ Б. и творчествэм къызэщӀиубыдэ жанрхэмрэ жанр лӀэужьыгъуэхэмрэ:

*Уэрэдхэр.* Ахэр пасэрей усакӀуэ-джэгуакӀуэхэм я уэрэд усыкӀэ хабзэм тету зэрыгъэпсар («Дзыгъуэр КӀаш», «Алихъан и гъыбзэ», «Уэзы Мурат», н.);

Лиризм щабэкӀэ гъэпса *гухэлъ усэхэр* («Хъуэпсэн», «Дуней», «ЛӀэныгъэ», «Зэманыр псынщӀэу йокӀуэкӀ», «ЩӀы», «ГъащӀэм и уасэр зыщӀэр», «Гугъэ», «Джэд», «Ижьым щыгъуазэрэ…», «Мы дунеижьу…», «Фызыжь», «Жьы хъуныгъэ», «Жьы хъуар гумахэщ», н);

КӀуэрыкӀуэм тету зэхилъхьа *усэ едзыгъуэхэр* (бейтхэр), абыхэм ящӀэлъ философие гупсысэхэр, яӀэ ущииныгъэ-гъэсэныгъэ мыхьэнэр («Псалъэ пэжхэр» циклым хыхьэхэр);

*Публицистикэрэ ауанрэ* зыхэлъ усэхэр («Дунейр ухуэныр щӀэныгъэ Iуэхущ», «Бахъсэн», «Iэщэр фузэд», «Псалъэрейр Iуэхуншэщ», «Пщы», «Дыгъу», «Iужажэ», «ЗыхуэмышыӀэ», «Сэхусэплъ», «Гуащэ нысэ», «Молэ», н.).

Лъэпкъ литературэм и тхыдэм дежкӀэ ПащӀэ Б.М. и творчествэм и мыхьэнэр, лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэр зэпищӀэу абы хэлъ къарур.

**ХьэхъупащӀэ Амырхъан.** И гъащӀэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. УсакӀуэм и творчествэм лъэпкъ IуэрыӀуатэр кууүэ зэрыхэпщар. ХьэхъупащӀэ А. и уэрэдхэмрэ гъыбзэхэмрэ («Дзадзунэ и уэрэд», «Яшам и тхьэусыхэ», «Мывэм нэхърэ нэхъ хьэлъэ», «Бохъшэ», «Аргъуейм и уэрэд», н.).

Тхыдэ-революцэ темэмрэ псэукӀэщӀэмрэ теухуа усэхэр («Серго Орджоникидзе», «Ворошиловым теухуа уэрэд», «УнащӀэ Сахьид», «Барэсбий», н.).

Хэкур фӀыуэ лъагъуным, абы и лӀыхъужьхэр гъэлъэпӀэным къыхуезыджэ усэхэр («Си Хэку дахэр», «ЛӀыфӀ нэщэнэ», «Нобэм срогуфӀэ», «Гъэм и зэманхэр», «Псоми закъебгъэщӀэнум…», «Щхьэтепхъуэ», «Къардэн Къубатий», «Жэмборэ Щэуал», «Наурыз Мамышэ», «ГъущӀынэ Гъузер», н.).

ХьэхъупащӀэ А. и поэмэхэр («Си сабиигъуэр», «Тхыдэжь», «Къэзанокъуэ Жэбагъы», «Андемыркъан», «Къэбэрдей партизанхэр»).

ТхакӀуэм и новеллэхэр («Къэрэмырзэ и фалъэ», «Щынэ хужь», «Анусэ», «Гъыбзэ», н.).

**Къэбэрдей-шэрджэс литературэр 30 гъэхэм.** Лъэхъэнэм и цӀыхубэ-политикэ щытыкӀэр. Къэралым щекӀуэкӀ зэхъуэкӀыныгъэ инхэм литературэр къыхэша зэрыхъуар. «Литературэ-художественнэ организацэхэр зэхъуэкӀыным и IуэхукӀэ» ВКП (б)-м и ЦК-м и унафэр (1932). Литературэ-критикэ къарухэр зэщӀэгъэуIуэным, зэкъуэгъэувэным ехьэлӀауэ къэралым щекӀуэкӀа лэжьыгъэхэр. Совет тхакӀуэхэм я япэ съездыр (1934): литературэм къыдекӀуэкӀ хабзэхэмрэ зэманым къигъэщӀа Iуэху еплъыкӀэщӀэхэмрэ теухуа зэныкъуэкъухэр; литературэм зиужьыным зэран хуэхъуа Iуэхугъуэхэр; социалист реализмэм и хабзэхэр убзыхуныр; лъэпкъ литературэхэр унэтӀыныр.

30 гъэхэм я пэщIэдзэхэм щIэнығъэншагъэр гъэкIуэдыным, тхыбзэщIэм техьа лъэпкъхэм я литературэхэм зегъэужьыным хуэунэтIауэ екIуэкIа лэжьыгъэхэр, абыхэм пыщIауэ щыта гугъуехьхэр.

Политикэ залымыгъэхэр, абыхэм лажьэншэу хэкIуэда адыгэ тхакIуэхэр.

А лъэхъэнэм къыдэкIыу щыта газетхэр, литературэ альманаххэр. Адыгэ лъэпкъ щэнхабзэр, бзэр, литературэр джыным, егъэфIэкIуэным елэжьа еджагъэшхуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ, абыхэм я Iуэху еплъыкIэхэр (Турчанинов Г., Яковлев Н., Джанашиа С., Чигеров В., Нало Ж., Елбэд Хь., Борыкъуей ТI., ЩоджэнцIыкIу А., Абыкъу Хъ., Къуэжей С., ДыщэкI М., Махъсидэ З., Хъуран Б., Теунэ Хь., н.).

**Лъэпкъ прозэр.** Адыгэхэм я псэукIэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэмрэ лъэпкъ литературэмрэ. Зэманым и лIыхъужьыщIэхэр. Лъэпкъ прозэм и жанрхэр, лIэужьыгъуэхэр. ЦIыхубэ зэщIэхъееныгъэхэмрэ тхыдэ Iуэхугъуэхэмрэ гулъытэ лей адыгэ тхакIуэхэм хуащI зэрыхъуар. Тхыдэ-революцэ тематикэр лъабжьэ зыхуэхъуа япэ прозэ тхыгъэхэр *(Абыкъу Хъ. «Инжыдж и Iуфэхэм»; ДыщэкI М. «Пшэплъ»; КIэрашэ Т. «Щамбул» («Гъуэгу насыпыфIэ»), Нало Ж. «ЩIэдзапIэ», ЩоджэнцIыкIу А. «Кхъуэжьей щIагъым», Махъсидэ З. «Ар зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым», н.).* Лъэпкъ литературэм и тхыдэм дежкIэ абыхэм яIэ мыхьэнэр. Идеологие пыухыкIам хуэлэжьами, абыхэм лъэхъэнэ зэблэкIыгъуэм (20–30 гъэхэм) адыгэм и псэукIар, и дуней еплъыкIэр, зыгъэгуфIэ е зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр, зэманым и плъыфэр, и лъапIэныгъэхэр къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. Лъэпкъ прозэм и япэ художественнэ тхыгъэхэм къахэхыпхъэ дерсхэр.

**Абыкъу Хъалид.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и публицистикэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. «Инжыдж и Iуфэхэм» романыр: абы и тхыдэр, художественнэ-эстетикэ и лъэныкъуэкIэ игъэзащIэ къалэнхэр. Романым и зэхэлъыкIэкIи, и гъэпсыкIэкIи совет тхакIуэхэу А. Фадеевым («Зэхэкъутэныгъэ»), Д. Фурмановым («Чапаев»), Б. Лавреневым («Жьыбгъэ», «ПлIыщIрэ езанэ») я тхыгъэхэм зэрыпэджэжыр. Лъэхъэнэм и лIыхъужьыщIэхэмрэ романым узыщрихьэлIэ персонажхэмрэ. Романым хэт гурыхь образхэр (Хьэсэн, Бэчыр, Увжыкъуэ, Забыт, н.).

Жьымрэ щIэмрэ, емрэ фIымрэ я зэныкъуэкъур тхакIуэм зэрызэфIих художественнэ Iэмалхэр. Революцэм и цIэкIэ пыIэм щIыгъуу щхьэри къэзыхьыну хьэзыр «комиссар плъыжьым» и пIэкIэ гупсысэ, укIытэ, щIэпхъаджагъэ ищIам хущIегъуэж образ (Хьэсэн) адыгэ литературэм япэу тхакIуэм къызэрыхишар. Хьэсэн и образым зыужьыныгъэ щIимыгъуэтар, ар лъэпкъ прозэм щапхъэ щIыхуэмыхъуам и щхьэусыгъуэхэр. Романым и гъэпсыкIэр, и бзэр.

**ДыщэкI Мухьэмэд.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и публицистикэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. «Пшэплъ» романыр. 20 гъэхэм жылагъуэм щытепщэу щыта парт къыхуеджэныгъэхэм я Iэужьу романыр зэрыщытыр.

Романым и ухуэкIэр, и сюжетыр. Абы къыщыхъу Iуэхугъуэхэр зы адыгэ жылагъуэ цIыкIум и гъунапкъэм зэримыкIыр. Публицистикэ щэнхэр къызэбэкI тхыгъэм Октябрь революцэм ипIэкIэ адыгэ мэкъумэшыщIэхэм я псэукIар, къуажэдэсхэм яку дэлъа зэхущытыкIэхэр, я гупсысэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. «Автор псалъэм» («авторское отступление») тхыгъэм щигъэзащIэ къалэныр. ТхакIуэм къигъэсэбэп художественнэ Iэмалхэр (зэгъэпщэныгъэр, егъэлеиныгъэр, сурэт характеристикэр, антитезэр, н.), образхэр къэгъэщIынымкIэ абыхэм ягъэзащIэ къалэнхэр, зэран щыхъу щIыпIэхэр. Гурыхь образхэмрэ (Хьэмид, Уэсмэн, ЛутI, Мусэ, Сырымэ, Захаров) гурымыхьхэмрэ (Тембот гъум, Жамырзэ пэгъым, Къасбот нэф, Жамбот дэгу, н). Назыч и образыр. Пщащэмрэ Уэсмэнрэ яку дэлъ гурыщIэм зригъэужьыну тхакIуэр щIытемыгушхуэр. Романыр нэмытхысауэ къызэрынар, абы и щхьэусыгъуэхэр.

**Къуэжей Сосрыкъуэ.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. «ЩIэ» повестыр. Адыгэ литературэм и япэ повестыр зытеухуар, и гъэпсыкIэм хэлъ гъэщIэгъуэнагъхэр. Повестым и фIэщыгъэцIэм тхакIуэм щIилъхьэ гупсысэр. Адыгэ къуажэр псэукIэщIэм зэрыхыхьэр: жьымрэ щIэмрэ, гупымрэ цIыху щхьэзакъуэмрэ яку къыдэхъуэ зэныкъуэкъухэр, ахэр тхакIуэм зэрызэфIих Iэмалхэр. Комсомол-щIалэгъуалэ

бригадэм щекIуэкI гъэсэныгъэ лэжьыгъэр. Повестым и образ системэр, абы хэлъ щыщIэныгъэхэр.

Лъэпкъым и блэкIа гъащIэр, цIыхум и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэм - щхьэхуитыныгъэмрэ и хуитыныгъэхэмрэ – папщIэ иригъэкIуэкI бэнэныгъэр художественнэ IэмалхэмкIэ къыщыгъэлъэгъуэжа тхыгъэхэр *(ЩоджэнцIыкIу А. «Хьэжыгъэ пут закъуэ», Махъсидэ З. «Хьисэ и махуэ блэкIахэр», «Хабзэжь удын», Тобыл Т. «Жалдуз», н.)*, абыхэм я мыхьэнэр.

**Теунэ Хь.** и «Аслъэн» повестыр. И гуащIэкIэ псэуж цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэным и бэнакIуэ Аслъэн зэрыхъур, образым игъуэт зыужьыныгъэр. Лъэпкъ прозэм и хэлъхьэныгъэ щхьэпэу повестыр зэрыщытыр.

**Адыгэ лъэпкъ усыгъэр.** Лъэпкъ усыгъэм 30 гъэхэм нэхъыбэу къиIэту щыта темэхэр. Адыгэ лирикэм и япэ лъэбакъуэхэр, абы и зыужьыныгъэр зи фIыщIэ усакIуэхэр (ЩоджэнцIыкIу А., Борыкъуей ТI., Къылышбий И., ЩакIуэ Т., КIыщокъуэ А., Хьэбэчыр Б., Уэхъутэ А., Темыр С., Гъуэщокъуэ Хъу., Пщынокъуэ А., н.). Зэманым къигъэув Iуэхугъуэхэр цIыхубэм къагурыгъэIуэн къалэныр усыгъэм игъэзащIэу зэрыщытар, абы и къыхуеджэныгъэ нэхъыщхьэхэр.

Iуэхугъуэ гуэрым къыхуеджэным ехьэлIа (лозунг) поэзием и лIыкIуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зы **Борыкъуей** ТIутIэ и усэхэр («Сыхьэт махуэ дэ дежьащ», «Пионер уэрэд», «КИМ», «Октябрым и 25-р», н.). Гъуазджэ хабзэхэмкIэ абыхэм фIагъ ин ямыIэми, лъэхъэнэм и нэщэнэхэр къызытещ, адыгэ литературэм и япэ лъэбакъуэхэр дэзыгъэлъэгъуж тхыдэ фэеплъу ахэр зэрыщытыр.

30 гъэхэм адыгэ усыгъэм и жанрхэми лIэужьыгъуэхэми зэрызаужьар. Поэмэ жанрым и ехъулIэныгъэхэр. Лъэпкъ усакIуэ нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри я къарум абы зэрыщеплъыжар. Жанрым и зыужьыныгъэм хэлъа ныкъусаныгъэхэр.

ЦIыхубэ уэрэдхэмрэ автор зиIэ уэрэдхэмрэ (ЩоджэнцIыкIу А., Къэжэр И., н.).

**ЩоджэнцIыкIу Алий.** УсакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

ЩоджэнцIыкIу А. и творчествэм и лъэхъэнэхэр (усакIуэ ныбжьыщIэм и япэ тхыгъэхэр дунейм къыщытехьар; 20 гъэхэр – 30 гъэхэм я пэщIэдзэр; 30 гъэхэм я кIэухымрэ 40 гъэхэм я пэщIэдзэмрэ). УсакIуэм и творчествр лъэхъэнэрэ гуэшыныр къэзышэ щхьэусыгъуэхэр.

XX лIэщIыгъуэм и 20–30 гъэхэм Хэкум щекIуэкIа тхыдэ-щэнхабзэ Iуэхугъуэхэр. Лъахэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм усакIуэр зэрахущытыр. Къыхуеджэныгъэм (лозунг) и нэпкъыжьэ зытелъ усэхэр («ФIохъус апщий!», «ОНО», «Къэбэрдей егъэджакIуэ курсантхэ!», «Сабий тхьэмпэ», «Къэрэхьэлъкъ газетым и тхьэусыхэ», н.), апхуэдэхэм усакIуэм и творчествэм узэщIынгъхэ щIагъуэ щIыщамыгъуэтар.

ЦIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, щIэблэр гъэсэным, лэжьыгъэ хьэлэлым укъыхуезыджэ усэхэр («Бахъсэнухуэ», Къэбэрдей цIыкIум и махуэ», «Линэ трактористкэщ», «Сэтэней», «Сэтэней дахэ», «Бэв усэ», «ДгъэкIынщ жызум хадэ», «Бэвыгъэм», «Стахановцхэр», «Си махуитI гъащIэ», н.).

ЩоджэнцIыкIу А. и пейзаж усэхэр («Пщэдджыжь», «ЩIымахуэ», «Бжьыхьэ», «Гъатхэ», «Къулъкъужын и зы махуэ», «Налшык», «Май», «Гъэмахуэ пщэдджыжь», н.). ЩIыуэпсым и теплъэ зэхуэмыдэхэмрэ цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэмрэ усакIуэм зэрызэрипхыр, абыкIэ къигъэсэбэп художественнэ Iэмалхэр.

УсакIуэм и ауан усэхэр («Дохутыр джэддыгъу», «Къербэч и пщэдейхэр», «Къаплъэт мыдэ», «Вася», «КIэрахъуэшхуэ», «IукI», н.). ЖиIэмрэ ищIэмрэ зэтемыхуэхэр, напитIхэр, Iулъхьэ къеIызыххэр, фадэм итхьэкъуахэр, зи бзэр къызыфIэмыIуэхужхэр, унафэщI щыкIахэр и ауан усэхэмкIэ утыку къызэрырилъхьэр.

ЩоджэнцIыкIу А.I. адыгэ лирикэм хуищIа хэлъхьэныгъэр, и лъэхъэнэгъухэм я гурыгъу-гурыщIэхэр абы къызэрыхэщыр («ЛIыкIуэ», «Нэкъулэн», «ГурыщIэ дыдж», «Лалинэ», «Си нитIыр ныхоплъэ», «Жэуап», «ПщIащэ закъуэ», «Къафэ-уэрэд», н.).

Поэмэхэр («ЩIымахуэ жэщ», «Къызбрун», «Сохъуэхъур», «Мадинэ»). Адыгэхэм я гъащIэ блэкIар, лъахэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр а тхыгъэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуар.

Поэмэхэм хэт персонажхэр. А тхыгъэхэм усакIуэм къыщехъулIахэмрэ хэлъ ныкъусаныгъэхэмрэ.

**«Къамботрэ Лацэрэ»** романыр. Лъэпкъым и тхыдэмрэ романым щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. Я щхьэхуитыныгъэм папщIэ адыгэ мэкъумэшыщIэхэм ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэр романым лъабжьэ зэрыхуэхъуар. Лъэпкъ IуэрыIуатэм и поэтикэмрэ романымрэ. ЛIыхъужьыгъэ эпосыр лъэпкъым и дунейр къызэрызэIуих IункIыбзэ усакIуэм зэрыхуэхъуар. КъуэкIыпIэ лъэпкъхэм я усыгъэмрэ романымрэ.

Романым и образ системэр: Къамбот, Лацэ, Хьэсанш, Тембот сымэ я образхэр, лъэпкъ литературэм и хэлъхьэныгъэщIэу ахэр зэрыщытыр. Романым и композицэр, IуэрыIуатэм и художественнэ Iэмалхэр къызэрыщыгъэсэбэпар, и бзэм и къулеягъыр. Лъэпкъ усыгъэм романым щиубыд увыпIэр, абы и мыхьэнэр.

ЩоджэнцIыкIу А.I. и прозэр («Хьэжыгъэ пут закъуэ», «Кхъужьей щIагъым» рассказхэр). Ахэр лъэхъэнэм щыIа Iуэху еплъыкIэхэм къагъэщIауэ зэрыщытыр. Адыгэхэм я пасэукIар, мэкъумэшыщIэ къызэрыгуэкIхэм я гъащIэ хьэлъэр, я хуитыныншагъэр рассказхэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. Тхыгъэхэм я художественнэ гъэпсыкIэр, я бзэр.

ЩоджэнцIыкIу А. I. и творчествэм лъэпкъ литературэм щиубыд увыпIэр.

**Драматургиемрэ лъэхъэнэмрэ.** Зэманым къигъэщIа, абы и напкъыжьэ зытелъ драматургие лэжьыгъэхэр (**Нало** Жансэхъу. «Къэхъун»; **Тобыл** Талъустэн. «Зули», «Зэрылэ»; **Тубай** Мухьэмэд. «Мэжидрэ Марятрэ»; **Шортэн** Аскэрбий. «Батыр и къуажэ» («Мурат»). Абыхэм я сюжетхэр, художественнэ конфликтхэр, ягъэзащIэ къалэнхэр. Жанрым и зыужьыныгъэм пыщIа Iуэхугъуэ гугъухэр. АдыгэбзэкIэ зэрадзэкIыурэ ягъэува спектаклхэр, абыхэм я мыхьэнэр.

**ШэкIыхьэщIэ Пщыкъан** и «КIуэрыгъуэт» трагедиер. Пьесэм и сюжетым IуэрыIуатэ лъабжьэ зэриIэр. ФIыуэ зэрылъагъу ныбжьыщIэхэм я щхьэхуитыныгъэм папщIэ ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэр, абы цIыхубэр къыхэша зэрыхъур. ГъэпщылIыныгъэр щытепщэ жылагъуэм цIыху къызэрыгуэкIым ифI зыхэлъхэр щыпхыкIынкIэ Iэмал зэрыщымыIар тхакIуэм къызэригъэлъэгъуэжыр. Пьесэм и сюжетри, щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэри ЩоджэнцIыкIу А. и «Къамботрэ Лацэрэ» романым, Тубай М. и «Мэжидрэ Мэрятрэ» драмэм зэрещхьыр, ар къызыхэкIа щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэр.

«КIуэрыгъуэтыр» адыгэбзэкIэ тха пьесэу япэу спектакль къытращIыкIауэ зэрыщытыр, лъэпкъ драматургием и гъуэгугъэлъагъуэ ар зэрыхъугъар.

**КъардэнгъущI Зырамыку** и «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» драмэр. Пьесэр тхакIуэм щитха лъэхъэнэр, абы къытращIыкIа спектаклыр лъэпкъ театрым и нэхъыфIхэм ящыщ зы зэрыхъугъар. ЦIыхум и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэм – щхьэхуитыныгъэм – папщIэ адыгэ мэкъумэшыщIэхэм ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэм драмэм щиубыд увыпIэр. Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ я образхэр. ФIылъагъуныгъэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ тхакIуэм зэрызэригъапщэ художественнэ Iэмалхэр. ЦIыхур зыIэт, псэр зыщIэхъуэпс тыгъуэ лъапIэу (образ щхьэхуэу) ар пьесэм къызэрыщыкIуэр. Пьесэм лъэпкъ драматургием щиубыд увыпIэр.

XX лIэщIыгъуэм и 20–30 гъэхэм адыгэ литературэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэмрэ къемыхъулIахэмрэ. Ахэр къызыхэкIа щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэр.

**Адыгэ литературэр Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм.** Хэку зауэшхуэм хэта адыгэ тхакIуэхэр (ЩоджэнцIыкIу А., Къэжэр И., КIыщокъуэ А., Хьэнфэн А., Шортэн А., Ахъмэт М., Гъуэщокъуэ Хъу., ХъытIу С., КIуащ Б., Мысрокъуэ С., Къущхьэ Б., ЩоджэнцIыкIу I., ЩоджэнцIыкIу Н., Нало А., Къардэн Б., Къуэныкъей М., Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къызыфIаща Андырхъуей Хъу., ХьэдэгъэлI А., Еутых А., Щхьэплъакъуэ Хь., нэгъуэщIхэри). Абыхэм я лIыгъэр цIыхубэм щапхъэ зэрахуэхъуар.

Литературэм и жанрхэм ящыщу зауэ лъэхъэнэм зыужьыныгъэ нэхъыбэ зыгъуэтахэр: цIыхубэр зэщIэзыгъэуIуэ, текIуэныгъэм къыхуезыджэ (агитацэ) поэзиер, одэмрэ ауан-щIэнэкIалъэмрэ, очеркхэр; зауэм теухуа япэ прозэ тхыгъэхэр. Публицистикэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ. А илъэсхэм къыдэкIа тхылъхэр, сборникхэр («Псоми Iэщэ къафщтэ», «Родинэм и хьэтыркIэ», «Зауэм и фронтхэм»,

«ТАСС-м и щхьэгъубжэ», «Ауаным бийр еукӀ», н.), газетхэр, бюллетенхэр. Хэку зауэшхуэр цӀыхубэ ӀуэрыӀуатэм къызэрыхэщыжыр.

ТекӀуэныгъэм укъыхуезыджэ усэхэр.

**ЩоджэнцӀыкӀу А.** «Шагъдий гъэшхахэм техутэ», «Псоми Ӏэщэм зефт», «Дэ дытекӀуэнщ» усэхэр, «Нырес си псалъэр уи деж» поэмэр, нэгъуэщӀхэри. Псалъэм и къарукӀэ усакӀуэм Хэкум и хъумакӀуэхэм ярит чэнджэщхэр. «Нырес си псалъэр уи деж» поэмэм лъэхъэнитӀ зэрызэпищӀэр. БлэкӀа лъэхъэнэхэр и щапхъэу Хэкур, лъахэр зыубыдыну хущӀэкъу нэмыцэхэми я Ӏуэху фӀейхэр къазэремыхъулӀэнур усакӀэм быдэу и фӀэщ зэрыхъур.

ЩоджэнцӀыкӀум и зауэ (военнэ) поэзиер образ купщӀафӀэхэмкӀэ зэщӀэмыуэдами, къыхуеджэныгъэ пафосыр ебэкӀми, ар гукъабзэм, псэ хьэлэлым къигъэщӀу зэрыщытыр.

**КӀыщокъуэ А.** УсакӀуэм и зауэ гъуэгуанэр, фронтым здыӀутым ар зыдэлэжьа газетхэмрэ журналхэмрэ. «Бгы лъапэхэм деж» усэ сборникыр, «Усэ къарукӀэ бийр бгъэсу…», «СыкӀуэнт нэхъ псынщӀэу», «Шыхулъагъуэ», усакӀуэм и публицистикэ тхыгъэхэр. 40 гъэхэм и пэщӀэдзэхэм КӀыщокъуэр лӀыпӀэ иува усакӀуэу зэрыщытар, а лъэхъэнэм абы итхахэм философие гупсысэ куу зэращӀэлъыр.

КӀыщокъуэ А. и зауэ (военнэ) лирикэр щызэпкърыха литературэ щӀэныгъэ лэжьыгъэхэр (Сокъур М. «КӀыщокъуэ Алим и лирикэр»; Къэбэрдей литературэм и тхыдэм теухуа очеркхэр, Налшык, 1965; Адыгэ литературэм и тхыдэ. Налшык, 2010, нэгъуэщӀхэри).

**Бекъул Б.** «Дэ дытекӀуэнщ» усэ сборникыр; **ХьэхъупащӀэ А.** «Къэбэрдей партизанхэр» поэмэр, «Хэку зауэшхуэ» усэр, н.; **Гъуэщокъуэ Хъу.** «ЛӀыгъэр ажалым текӀуащ» поэмэр, усэхэр; **Уэхъутэ А., Хьэнфэн А.** сымэ я усэхэр.

Лъэпкъхэр зэкъуэгъэувэным, цӀыхубэр текӀуэныгъэм къыхузэщӀэгъэуӀуэным къыхуезыджэ **драматургие** лэжьыгъэхэр: **Шортэн А.** «Луизэ», «Танкистщ» пьесэхэр; **Акъсырэ З.** «Гъавэм папщӀэ», «Дахэнагъуэ», «Дыгъэр къыщыщӀэкӀым»; **Къэбэрдокъуэ А.** «Асхьэд и щхьэ»; **Теунэ Хь.** «ЗэхэгъэкӀыныгъэ»; **Тубай М.** «Къэбэрдей щӀалэ», **Елмэс Хь.** усэу тха и «Жамбот» пьесэр, н.

**Прозэм** и жанр цӀыкӀухэм (рассказ, очерк) къыщаӀэт темэхэр, ахэр зэрызэфӀах художественнэ Ӏэмалхэр. **Шортэн А.** и рассказхэмрэ очеркхэмрэ («Офицерым и гъуэгуанэ тхылъым щыщ», «Псэемыблэжхэм я нып», «Атакэ нэужьым»; **Къашыргъэ Хь.** «Зы жэщ» и рассказыр, н.

Хэку зауэшхуэм и илъэс хьэлъэхэм лъэпкъ литературэр къызэрызэтемыувыӀар, лъагапӀэщӀэхэм я щӀэдзапӀэ ар зэрыхъуар.

**Адыгэ литературэр 1945–1950 гъэхэм.** Лъэхъэнэм и нэщэнэхэр. Зауэм зэхикъута цӀыхубэ хозяйствэр зэфӀэгъэувэжыным хуэунэтӀауэ ди цӀыхухэм ирагъэкӀуэкӀа лэжьыгъэшхуэр; гъуазджэм и ӀэнатӀэм и лэжьакӀуэхэр а Ӏуэхум зэрыхэтар. Зауэ нэужь лъэхъэнэм цӀыхухэм я псэукӀэм къыщыхъуа зэхъуэкӀыныгъэхэр. Зауэм цӀыхухэм я гъащӀэм къытрина фэбжьхэр литературэ тхыгъэхэм къызэрыхэщыжыр.

Совет Союзым и тхакӀуэхэм я етӀуанэ съездыр, литературэм и къалэнхэмрэ мурадхэмрэ зэгъэхъулӀэным теухуауэ абы иубзыхуа гъуэгур: лъэпкъ литературэхэм дежкӀэ абы фӀырэ щыщӀэныгъэу къишар.

Къэрал политикэ, идеологие ткӀийр 50 гъэхэм и пэщӀэдзэхэм нэхъ къэщабэу зэрыхуежьар. «ӀувыкӀыжыгъуэкӀэ» (оттепель») зэджэ лъэхъэнэр (1953–1964). Терминыр къызэрежьар, гъуазджэм къыщыхъуа зэхъуэкӀыныгъэхэм тещӀыхьауэ а пӀалъэ кӀэщӀыр Ӏыхьэ щхьэхуэурэ бгуэшыж зэрыхъур. ЛъэхъэнэщӀэм къыдежьа литературэ унэтӀыныгъэщӀэхэр. Абыхэм яжь лъэпкъ литературэхэм зэращӀихуар: «мардэ» къупхъэм ибэкъукӀыу, пэж ныкъуэжыӀэм къыпыкӀыу зэрыхуежьар, абы и щапхъэхэр.

Зауэм ипсыхьауэ, я дуней еплъыкӀэри, Ӏэзагъри иузэщӀауэ къыхэкӀыжу лъэпкъ литературэм къыхыхьэжа тхакӀуэхэр (КӀыщокъуэ А., Шортэн А., КъардэнгъущӀ З., Тубай М., Нало А., Къардэн Б., Хьэнфэн А., Гъуэщокъуэ Хъу., ЩоджэнцӀыкӀу Ӏ., ХьытӀу С.,

Ахъмэт М., н.). Зауэ ІэнатІэм пэрыт цІыхум и гурыгъу-гурыщІэхэм теухуа тхыгъэхэр дунейм къытехьэным, я творчествэм зиужьыным лъэхъэнэщІэм ифІ зэрекІар.

«Къэбэрдей» альманахыр, адыгэ литературэм зиужьынымкІэ абы иІа мыхьэнэр.

**Лъэпкъ прозэр.** Хэку зауэшхуэмрэ абы и Іэужьхэмрэ теухуа тхыгъэхэр. Лъэхъэнэм къыдэунэхуа литературэ унэтІыныгъэхэр: «къуажэ» прозэр, «тхыдэ» прозэр, «къалэ е интеллектуальнэ» прозэкІэ зэджэр. Автор уэрэдхэмрэ цІыхубэ уэрэдхэмрэ, абыхэм ягъуэта зыужьыныгъэр. Документальнэ тхыгъэхэм «зауэ прозэм» щаубыд увыпІэ хэхар. ЛъэхъэнэщІэмрэ Іуэху еплъыкІэщІэхэмрэ.

**Шортэн Аскэрбий.** ТхакІуэм и гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. Зауэм и хьэлъэхэр зытещІэ зауэлІхэм я дунейр, ахэр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэр, я гъащІэм пІалъэ кІэщІкІэ къыхэхуэ гуфІэгъуэхэм теухуа рассказхэр («Атакэ нэужьым», «Балъкъ деж», «ЛІыгъэм и вагъуэ», «Псэемыблэжхэм я нып», «Іэщыхъуэм къиІуэтэжа», н.).

Шортэн А. и щІэныгъэ-документальнэ лэжьыгъэхэр: «КІыщокъуэ Алим» (1947), «Къэбэрдей литературэм и классик ЩоджэнцІыкІу Алий» (1950), «Мыпсэхыж шу» (1950), «Пшынауэ» (1952), «Нэгумэ Шорэ» (1952), «Къэзанокъуэ Жэбагъы» (1955), нэгъуэщІхэри.

Шортэн А. и драмэ лэжьыгъэхэр («Нэхур къыщыщІэнэм щыгъуэ», «Мурат», «Зы унагъуэ гуэрым», «ИгъащІэкІэ», «Яшэмрэ къэзышэхэмрэ»). Лъэпкъ драматургием абыхэм щаубыд увыпІэр.

Лъэпкъым къикІуа гъуэгуанэм теухуа япэ тхыдэ романыр – **«Бгырысхэр»** (1954). Адыгэ литературэм Шортэн А. и роман-тетралогием щиубыд увыпІэр. БлэкІа лІэщІыгъуэхэм лъэпкъым и псэукІар, и жылагъуэ ухуэкІэ-зэхэтыкІэр къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. Кавказ Ищхъэрэр зэІэрагъэхьэн щхьэкІэ къуэкІыпІэмрэ къухьэпІэмкІэ щыІэ къэралыгъуэшхуэхэм ирагъэкІуэкІа бэнэныгъэр романым къызэрыхэщыжыр. Адыгэхэмрэ урысхэмрэ я зэпыщІэныгъэхэр: Нэгумэ Шорэрэ Солнцев Степанрэ я образхэр; тхыдэм зи цІэр къыхэна цІыхухэм я образхэр. Романым хэт гурыхь персонажхэр (Бот, Бэтокъуэ, Дэбэч, Зулий, Чылар, н.), адыгэхэр блэкІа лъэхъэнэ жыжьэхэм зыгъэгуфІэ-зыгъэпІейтей Іуэхугъуэу щыІахэр а образхэмкІэ къэгъэлъэгъуэжа зэрыхъуар.

Романым и художественнэ гъэпсыкІэр, и бзэр.

**ЩоджэнцІыкІу Іэдэм.** ТхакІуэм и гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. ЩоджэнцІыкІу І. и дуней еплъыкІэр зауэм зэрипсыхьар, гъащІэм нэхъ кууэ егупсыс зэрищІар. Ахэр зыхэплъагъуэ и тхыгъэхэр. ТхакІуэ-пацифистым и лирикэ повестхэр. Лирикэ лІыхъужьымрэ цІыхубэмрэ, лІыхъужьымрэ къэралымрэ. Зауэ нэужьым лъэхъэнэщІэ хыхьэ лъэпкъ литературэм и гъатхэпежьэ **«Софят и гъатхэ»** (1955) повестыр зэрыхъуар. Повестыр зытеухуамрэ щІэлъ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. Тхыгъэм хэт гурыхь образхэр, абыхэм ядэплъагъу хьэл-щэнхэмрэ къапкърыкІ гъэсэныгъэ къарумрэ.

Повестым и гъэпсыкІэр, и бзэр.

**Къашыргъэ ХьэпащІэ.** ТхакІуэм и гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. Хэку зауэшхуэм и зэманым и лъэпкъэгъухэр зыхэта гугъуехьхэм теухуа прозэ тхыгъэхэр («Зы жэщ», «Зауэм и губгъуэхэм», «ТІасхъэщІэх», «ГуфІапщІэ», н.).

Зауэм зэхикъута къалэхэмрэ къуажэхэмрэ зэфІэгъэувэжыным, цІыхухэм я псэукІэр къэІэтыжыным хуэунэтІауэ ди щІыпІэм щекІуэкІа лэжьыгъэшхуэр, зауэлІ фащэр щызыхыжу мамыр ІэнатІэ пэрыувэжа цІыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкІэхэр **«Насыпым и хэкІыпІэ»** (1957) романым къызэрыхэщыжыр.

Зауэ нэужь лъэхэнэм адыгэ къуажэм и щытыкІар, абы мыхъумыщІагъэ дэлъахэр романым къызэрыщыгъэлъэгъуар. Сыт хуэдэ гугъуехьми цІыху гуащІафІэхэм я зэхэщІыкІымрэ лэжьыгъэ хьэлэлымрэ зэрытекІуэр романым щІэлъ гупсысэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

**Уэхъутэ Абдулыхь.** ТхакІуэм и гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. Адыгэм и хьэл-щэныр, ар зыхэпсэукІ дунейр, лъэхъэнэм и нэщэнэхэр Уэхъутэ Абдулыхь и рассказхэм («Шу щыпкъэ», «ЕтІуанэ зэІущІэгъуэ», «Илъэсипщі текІа нэужь», «Дарий

чысэ», «Хьэбибэ и щыхьэкӀуэ», «Алъхъэс и къуэ Тугъэн», н.) къызэрыхэщыр («Хужьэ и къуэладжэ». Рассказхэмрэ поэмэхэмрэ, 1960).

**Къущхьэ СулътӀан.** ТхакӀуэм и гъащӀэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. Лъэпкъ прозэр цӀыхум нэхъ хуэгъэза зэрыхъуар, психологизмэр абы нэхъ куу щыхъуу зэрыхуежьар Къущхьэ С. и рассказхэм къызэрыхэщыр («ШагъдиитӀ», «Механик», «Пшагъуэ», «ЩӀакӀуэ щӀагъым», «Анэ», нэгъуэщӀхэри).

**Адыгэ усыгъэр. Зауэ нэужь илъэсхэм абы къыщыхъуа зэхъуэкӀыныгъэхэр.** ТекӀуэныгъэм цӀыхухэм къахуихьа гуфӀэгъуэмрэ «гукъэкӀыж дыджхэмрэ» щызэхэухуэна усэхэр. ЗауэлӀ гъуэгуанэр зауэм хэта усакӀуэхэм (КӀыщокъуэ А., ЩоджэнцӀыкӀу I., Уэхъутэ А., КӀуащ Б., Гъуэщокъуэ Хъу., ЩоджэнцӀыкӀу Н., нэгъуэщӀхэми) къызэрагъэлъагъуэжыр, абы хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Лъэпкъ лирикэм игъуэта зыужьыныгъэр, адыгэ усэ гъэпсыкӀэм зэрызиузэщӀар, ар зи фӀыгъэ усакӀуэхэр.

Медитативнэ лирикэр, граждан, лъагъуныгъэ усэхэр. УсакӀуэхэм художественнэ ӀэмалхэмкӀэ цӀыхугъэм, лъэпкъ хабзэм, цӀыхухэм я псэукӀэ-зэхэтыкӀэм ехьэлӀа Ӏуэхугъуэ гугъухэр зэрызэфӀахыр.

**КӀыщокъуэ Алим.** УсакӀуэм и зауэ лирикэр. «Шум и гъуэгу» (1946), «ЩӀалэгъуэ пшыналъэ» (1947), «Стихи» (М., 1951), «Усэхэр, уэрэдхэр, поэмэхэр» (1953), «Усэхэмрэ поэмэхэмрэ» (1956) усэ сборникхэр, нэгъуэщӀхэри. Лъэпкъ усыгъэр, лирикэр зэрыкӀуэну гъуэгур убзыхунымкӀэ КӀыщокъуэ А. 50 гъэхэм къыдигъэкӀа усэ тхылъхэм яӀа мыхьэнэр.

**Гъуэщокъуэ Хъусин.** УсакӀуэм и пейзаж лирикэр. Гъэм и лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэр усакӀуэм къызэригъэлъагъуэ художественнэ Ӏэмалхэр. Абы и усэхэр гуфӀэгъуэкӀэ гъэнщӀауэ, хъуэпсапӀэ гуэрхэм укъыхуагъэушу зэрыщытыр.

ЛэжьакӀуэ пэрытыр усакӀуэм зэриӀэтыр, «хамэ пщӀэнтӀэпскӀэ псэухэм» я дуней тетыкӀэр зэримыгъэдахэр («ГуащӀэдэкӀым и уэрэд», «ГуфӀэгъуэ», «Гум и макъ» усэ тхылъхэр, нэгъуэщӀхэри).

**ЩоджэнцӀыкӀу Ӏэдэм.** ЦӀыху лэжьакӀуэр, и гъащӀэр езым и ӀэкӀэ зыузэщӀыж ухуакӀуэр ЩоджэнцӀыкӀу I. и усэхэм зэрыщигъэлъапӀэр. УсакӀуэм и япэ усэ тхылъхэр («Гухэлъ усэ», 1951; «Гумызагъэ», 1958; «лирикэ», 1958; «Восхождение» (М., 1959), нэгъуэщӀхэри).

**Щомахуэ Амырхъан.** УсакӀуэм гухуабагъэрэ фӀылъагъуныгъэшхуэкӀэ гъэнщӀа и сабий усэхэр, ахэр лъэпкъ сабий литературэм и псыпэ зэрыхъуар («Сабийхэм папщӀэ усэхэр», 1949; «Унэ нэху», 1953; «Жамбот и Камбот» М., 1957; «Зэраншу», 1958 усэ тхылъхэр, нэгъуэщӀхэри).

**Хьэнфэн Алим** лъэпкъ сабий литературэм хуищӀа хэлъхьэныгъэхэр. УсакӀуэр адыгэ лирик нэхъыфӀхэм зэращыщыр, абы и усэхэм хэкур, жылагъуэ Ӏуэхухэр, лэжьыгъэр, лъагъуныгъэр, мамырыгъэр хъумэныр темэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр («Япэ лъэбакъуэ», «ГъащӀэм и пшыналъэ», «ГурыщӀэ къабзэ» усэ тхылъхэр).

**50 гъэхэм лъэпкъ литературэм къыхыхьа усакӀуэхэр.** Адыгэ лъэпкъ усыгъэр лъагапӀэщӀэхэм хуэзыша усакӀуэхэм я япэ усэ тхылъхэр: ЩоджэнцӀыкӀу Н. «Усэхэр» (1955); Мысачэ П. «Къурш псынэ» (1955), «Уэращ зи фӀыщӀэр», 1958; Балъкъэр Ф. «Нэхущ» (1958); Елгъэр К. «Дыгъэ къыщӀэкӀыгъуэ» (1958), «Псыкъелъэм и уэрэд» (1959); Нало З. «Бзухэм я бзэр» (1959); Тхьэгъэзит З. «Бгым сыдокӀ» (1960), нэгъуэщӀхэри. Лъэпкъ лирикэм зиужьынымкӀэ абыхэм яӀа мыхьэнэр.

**КӀуащ БетӀал.** И гъащӀэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. КӀуащ Б. лъэпкъ усыгъэм и «Ӏэпкълъэпкъыр» жан зэрищӀар, абы и бзэм, и гъэпсыкӀэм хуищӀа хэлъхьэныгъэхэр. «ЩӀалэгъуэм и усакӀуэ уахътыншэу» абы литературэ критикхэр щӀеджэр.

УсакӀуэм и граждан лирикэр, цӀыхухэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр, къуэшыгъэр абы зэрыщыгъэлъэпӀар. Хэкум, лъахэм, адыгэ лъэпкъым теухуа усэхэр («Къэбэрдей», «Уэр мыхъуам, сыбгъэ дамэншэт», «Сыт сызыщышынэр?», «Си Хэку», «Мамырыгъэ», «Индыл», н.).

КIуащ Б. и гухэлъ (лъагъуныгъэ) лирикэр («Си псыхъуэгуащэ», «Уэрэ сэрэ щэхуу дызэхуозэ», «Лъагъуныгъэ...», «Уджым ухэту уздекIуэкIым», «Сэ солъагъу гу тхьэкъуу розэ...», н.).

УсакIуэм и лиро-эпикэ тхыгъэхэр: «Нэху», «ДжонитI», «Адэ», «ЩIалэгъуэ щIыналъэ» тхыгъэхэр, балладэхэр.

КIуащ Б. адыгэ усэ гъэпсыкIэм щIэуэ хилъхьахэр, къигъэсэбэпа художественнэ Iэмалхэр.

**Лъэпкъ драматургиер.** Адыгэ драматургхэм я къэлъыхъуэныгъэщIэхэр: зэманым къигъэщI Iуэхугъуэ гугъухэр зэрызэфIахыр, лIыхъужьыщIэхэр утыку къызэрырашэр (Шортэн А. «Нэхур къыщыщIэнэм щыгъуэ» (1947), «Зы унагъуэ гуэрым» (1955); КIыщокъуэ А. «Алъхъо» (1950); Щоджэн М. «ГуфIэгъуэ пщэдджыжь» (1953); Къардэн Хь. «Гухэм я хуабэ» (1950), «Гъуэгу пэж» (1959); Тубай М. «Насыпыр хъумэ» (1960), нэгъуэщIхэри).

Комедие жанрым игъуэта зыужьыныгъэр. Жылагъуэм хуэгъэзауэ публицистикэ къалэн зыгъэзащIэ ауан, гушыIэ пьесэхэр (Щхьэгъэпсо М. «ТIэмашэ и бынунагъуэ» (1944), «МыхъущIэ Марзидан» (1958); Тубай М. «Хьэ бзаджэ тIысыпIэншэщ» (1953), «Жьэрыплъэ» (1954); Къардэн Хь. «Насыпыншэм физитI и натIэщ» (1959), нэгъуэщIхэри).

**Акъсырэ Залымхъан.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

Лъэпкъым дежкIэ зэхэгъэкIыпIэу щыта тхыдэ лъэхъэнэхэр къэгъэлъэгъуэжыным ехьэлIауэ драматургым зэфIигъэкIа лэжьыгъэхэр.

Драматургымрэ лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ. «Дыгъэр къыщыкъуэкIым», «Лашын», «Къызбрун», «ИстамбылакIуэ», «Iэдииху», «Андемыркъан», «Гуащэм и чэщанэ» драмэ лэжьыгъэхэр зытеухуахэмрэ абыхэм къаIуатэ гупсысэ нэхъыщхьэхэмрэ. Акъсырэ З. и драмэ лэжьыгъэхэм лъэпкъ драматургием и тхыдэм щаубыд увыпIэр.

**Литературэ щIэныгъэмрэ критикэмрэ.** Литературэ щIэныгъэмрэ критикэмрэ литературэм и унэтIакIуэ, гъуэгугъэлъагъуэ къалэн зэрагъэзащIэр. 50 гъэхэм методологием ехьэлIауэ адыгэ литературэ щIэныгъэмрэ литературэ критикэмрэ я пащхьэ къита къалэнхэмрэ ахэр зэрызэрагъэхъулIэфамрэ.

Адыгэ литературэм и зыужьыкIэм, жанрхэм, художественнэ Iэмалхэм я къэгъэсэбэпыкIэм, IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ я зэхущытыкIэм, адыгэ литературэхэм я къуэпсхэр гъэбелджылыным теухуауэ 50 гъэхэм къыдэкIа щIэныгъэ лэжьыгъэхэр (Теунэ Хь. «Къэбэрдей литературэмрэ къэбэрдей тхакIуэмрэ», 1955; Сокъур М. «ЛIыпIэ иувэныгъэ», 1955; ХьэкIуащэ А. «ЩоджэнцIыкIу Алий», 1958; Нало З. «IуэрыIуатэм и къулеягъыр литературэм къыщыгъэсэбэпын», 1959; Хъупсырокъуэ Хъ. «Адыгэ литературэхэм теухуауэ», 1960; КIурашын Б. «Народ усакIуэм и «кIыщым», 1960; Къардэн Б. «Бзэмрэ стилымрэ я IуэхукIэ», 1958, н.). Лъэпкъ литературэм зиужьынымкIэ абыхэм яIа мыхьэнэр.

## Къэбэрдей-шэрджэс литературэр XX лIэщIыгъуэм и 60–80 гъэхэм (Кабардино-черкесская литература 60–80-х гг. XX века)

Хэзыгъэгъуазэ. Совет къэралым 50–60 гъэхэм къыщыхъуа политикэ, жылагъуэ, щэнхабзэ зэхъуэкIыныгъэхэр. «IувыкIыжыгъуэкIэ» («оттепель») зэджэ лъэхъэнэм и иужьрей илъэсхэр (1961–1963 гъэхэр). ЩIэныгъэлIхэм а Iыхьэр щхьэхуэу къыщIыхагъэщхьэхукIыр, литературэм, зэрыщыту щэнхабзэм абы хуиIа пыщIэныгъэр. Революцэрэ щхьэхуитщIыжакIуэ бэнэныгъэкIэрэ дунейр зэтес щIыным и закъуэ хуэлажьэ совет литературэм гупсысэщIэхэр къызэрыхыхьэр, абы и къуэпсхэм жылагъуэм (обществэм), лъэпкъхэм къадекIуэкI лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэм, цIыхубэ мифологием, IуэрыIуатэ къулейм, дин-философие щIэныгъэм я лъахэхэм зыщаукъуэдийр зэрыхъуар. ТхакIуэхэмрэ жылагъуэмрэ зэхущытыкIэщIэхэр яку къыдэхъуэу зэрыхуежьар; къэзыухъуреихь дунейр зэрыщытым хуэдэу илъагъуну икIи къигъэлъэгъуэну тхакIуэм хуитыныгъэ зэригъуэтар.

Лъэпкъыбзэу зэхэт совет литературэр. А къэхъугъэ гъэщIэгъуэным и къыщхьэщыкIыныгъэ нэхъыщхьэхэр: классицизмэм и щэну абы хэплъагъуэхэр;

литературэ лIыхъужьхэр Iэмал имыIэу гурыхьрэ мыгурыхьу гуэшыныр, ущиинығъэр ебэкIыу щытыныр; цIыху щхьэзакъуэм и фIэфIыныгъэр къэрал идеологием и сэбэп зыхэлъхэм щIегъэхъумэныр нэхъ къызэрытIэсхъар, н. Социалист реализмэм литературэр 30–40 гъэхэм зыхуиша «жыпхъэ (нормативнэ) литературэм» къыIэщIэкIыным хуэунэтIауэ екIуэкIа бэнэныгъэр. А илъэсхэм художественнэ тхыгъэхэм ящIэгъуэщыкIа гупсысэхэр 50–60 гъэхэм къащIыхьэжу зэрыхуежьар. Лирикэ «даущыншэкIэ» зэджэр, абы и лIыкIуэхэр.

Адыгэ литературэр 60–80 гъэхэм. Абы къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр: литературэм и жанрхэм я зыужьыкIэр Къэбэрдейми, Адыгейми, Шэрджэсми нэхъ зэхуэдэ щыхъуу зэрыхуежьар. 30–40 гъэхэм япэ ищауэ щыта лъэпкъ поэзием прозэр КIэрашэ Т., Шортэн А., КIыщокъуэ А., Къашыргъэ Хь., Теунэ Хь., Уэхъутэ А., Ахъмэт М., ЩоджэнцIыкIу I. сымэ зэрылъэщIагъэхьэжар. 60 гъэхэм я япэ илъэсипщIым лъэпкъ литературэм къыхыхьа тхакIуэхэмрэ абыхэм я тхыгъэхэмрэ. А илъэсхэм литературэм нэхъыбэрэ къиIэту щыта Iуэхугъуэхэр, социальнэ психологизмэр абы нэхъ куу зэрыщыхъуар. ЦIыхумрэ жылагъуэмрэ, цIыхумрэ щIыуэпсымрэ (природэмрэ) яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэ ткIийхэр зэпкърыхыным, я лъэхъэнэгъухэм я псэукIэ-зэхэтыкIэм ехьэлIауэ зэманым къигъэув упщIэ гугъухэм жэуап тэмэм къахуэгъуэтыным адыгэ тхакIуэхэм нэхъыбэрэ зрапщыт зэрыхъуар (ЩоджэнцIыкIу I., Нало А., Мысачэ П., Кхъуэхъу Ц., ХьэхъупащIэ Хь., ШэджыхьэщIэ Хь., Елгъэр К., Хъупсырокъуэ Хъ., Къэрмокъуэ М., Дыгъужь Къу., АбытIэ Хъ., нэгъуэщIхэми я повестхэмрэ романхэмрэ).

Лъэпкъ усыгъэм лирикэм бжьыпэ щиубыду зэрыхуежьар, а лъэхъэнэм и лирик пашэхэр. Лъэпкъ композитор-уэрэдусхэр, усакIуэхэмрэ абыхэмрэ я зэдэлэжьэныгъэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым музыкэ театр иIэ зэрыхъуар, абы щагъэува лъэпкъ оперэ, опереттэ, балет спектакль нэхъыфIхэр.

60 гъэхэм адыгэ тхыбзэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэр. Адыгэбзэм и пэжырытхэмрэ нэгъыщэ гъэувыкIэмрэ я хабзэхэр зэрырагъэфIэкIуар (1963 гъэ). Адыгэ литературэбзэм зиужьыным ар сэбэп зэрыхуэхъуар.

**Лъэпкъ прозэм игъуэта зыужьыныгъэр.** Тхыдэ Iуэхугъуэ инхэр художественнэ псалъэкIэ къэгъэлъэгъуэжыным адыгэ тхакIуэхэр нэхъ тегушхуэ зэрыхъуар. Тхыдэ къэхъукъащIэхэм лъэхъэнэм и цIыхущIэм и хьэл-щэныр зэрапсыхьыр, и дуней лъагъукIэр, лъапIэныгъэу илъытэу къыдэгъуэгурыкIуэхэр зэрахъуэжыр, и зэхэщIыкIым зэхъуэкIыныгъэ инхэр зэрырагъэгъуэтыр лъэпкъ тхыдэ-революцэ художественнэ тхыгъэ нэхъ пIащэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар (КIыщокъуэ А. и «Хъуэпсэгъуэ нур», «Эмирым и сэшхуэ», «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ» романхэр, Теунэ Хь. и «Шэджэмокъуэ лъэпкъыр» романыр, Щомахуэ А. и «Тэрч Iуфэ къыщищI пшэплъ» романыр, нэгъуэщIхэри).

50–60 гъэхэм цIыхубэм и зэхэщIыкIыр нэхъ куу зэрыхъуам, тхылъеджэр зыщIэупщIэ Iуэхугъуэхэм зэрызаубгъуам щыхьэт техъуэ художественнэ тхыгъэхэр. Лъэпкъ прозэм и пащхьэ лъэхъэнэм къригъэува къалэнышIэхэр: и ухыкIэ хъунум псори щыгъуазэ «сюжет жэбзэжам» къыпыкIыу цIыхум и гупсысэр зыунэтI Iуэхугъуэхэр, и псэкупсэ (духовнэ) дунейр зыузэщI къарухэр къихутэну абы тхакIуэхэм къахуигъэув зэрыхъуар.

**КIыщокъуэ Алим** и тхыдэ-революцэ романхэр: «Хъуэпсэгъуэ нур», «Эмирым и сэшхуэ», «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ» трилогиер. Роман-эпопеем и нэщэнэхэр. Романхэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэр зы персонажым е унагъуэ, гуп хэха гуэрым зэремыпхар, абы тхакIуэм къыщиIэтахэр хэкупсо, жылагъуэпсо Iуэхуу зэрыщытыр. Адыгэм и тхыдэр художественнэ IэмалхэмкIэ итхыжыну тхакIуэм ищIа мурадым и щIэдзапIэ романхэр зэрыхъуар.

Трилогием къызэщIиубыдэ лъэхъэнэмрэ тхыдэ къэхъукъащIэхэмрэ (Япэ дунейпсо зауэр, Октябрь революцэр, Бгырыс республикэм и къызэгъэпэщыгъуэмрэ къутэжыгъуэмрэ, Уэсмэн империем и зэхэщэщэжыгъуэмрэ Тырку республикэр къэунэхунымрэ, граждан зауэр, абы иужь илъэс гугъухэр). Тхыдэм и пэжымрэ художественнэ тхыгъэмрэ.

20 гъэхэм Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я щхьэхуитыныгъэм папщIэ ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэмрэ жылагъуэ зэщIэхъееныгъэхэмрэ романхэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. Лъэпкъ интеллигенцэр зэрызэфIэувар, абы пыщIауэ щыIа гугъуехьхэр. Iуэху еплъыкIэ, гупсысэкIэ зэхуэмыдэ зиIэ персонажхэм яку къыдэхъуэ зэныкъуэкъур тхакIуэм зэрызэфIих Iэмалхэр. ТхакIуэм и Iуэху еплъыкIэмрэ цIыхубэм и Iуэху еплъыкIэмрэ.

Лъэхъэнэм и лIыхъужьхэр: Къазджэрий, Инал, Жыраслъэн, Астемыр сымэ я образхэр. И персонажхэм яку къыщигъэхъу конфликтымкIэ, лъэпкъым и блэкIамрэ зыхэпсэукI лъэхъэнэмрэ зэпэщIигъэувэкIэрэ гупсысэкIэжь щыIахэм тхакIуэр къазэрыпыкIыр.

Романхэм я гъэпсыкIэр, я бзэр.

**Зауэ темэр, абы и Iэужьхэр 60–80 гъэхэм лъэпкъ прозэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар**: нэрылъагъу зэхэкъутэныгъэхэмрэ нэрымылъагъуу цIыхупсэм зауэм къытрина дыркъуэхэмрэ; илъэс бжыгъэкIэ зауэлI фащэр щызымыха лIыхъужьыр мамыр гъащIэм хэзэгъэжыным пыщIа гугъуехьхэр. ЗауэлI-тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр. «Окопэ реализмэкIэ» зэджэм и нэщэнэхэр адыгэ прозэм и жанр зэхуэмыдэхэм зэратеплъагъуэр: Къашыргъэ Хь. («Лъапсэ быдэ» романыр), Щомахуэ А. («ТIасхъэщIэххэр: рассказхэр» тхылъыр), Къардэн Б. («Офицерым итхыжахэр», «Гуимыхужхэр», «Къызэрыгуэкl къалэнхэр», «КIыхьщ зауэ гъуэгур» тхылъхэр), Нало А. («Къэрэгъул зэблэкIыгъуэ» повестыр, «Лъагъуэхэмрэ гъуэгухэмрэ», «Рейхстагым адыгэбзи тетщ» рассказ сборникхэр), КхъуэIуфэ Хь. («Зауэм и IэпапIэхэр» рассказ сборникыр, «Орел умирает в полете» документальнэ повестыр) сымэ, нэгъуэщIхэми я тхыгъэхэр.

**Къашыргъэ ХьэпащIэ** и «Лъапсэ быдэ» романыр. Тхыгъэр дунейм къыщытехьа лъэхъэнэр, тхакIуэм езым и нэгу щIэкIахэр абы и сюжетым лъабжьэ зэрыхуэхъуар. Хэку зауэшхуэм теухуауэ адыгэ тхакIуэхэм ятха «художественнэ тхыгъэ нэхъыфIхэм ящыщ зыуэ» критикхэм ар къыщIалъытэм и щхьэусыгъуэхэр.

Романым къыщыхъу Iуэхугъуэхэр щIыпIэ хэхам – ЛъагапIэ къуажэм – епхауэ зэрыщытыр. ЩIыналъэ зэхуэмыдэхэмрэ лъэхъэнэ зэпэIэщIэхэмрэ къызэщIэзыубыдэ тхыдэ романхэм «Лъапсэ быдэр» къазэрыщхьэщыкIыр. Зауэм и пэщIэдзэм къуажэдэсхэм я псэукIар. Ар кърытхэкIыурэ романым и пкъыр тхакIуэм зэрызэригъэубыдыр, персонажхэм я хьэл-щэныр зэрызэхигъэщхьэхукIыр, «нэрымылъагъу фронтым» щылэжьэнухэр тхылъеджэм зэрыригъэцIыхур. А мурадхэр зэгъэхъулIэнымкIэ тхакIуэм къигъэсэбэп Iэмалхэр.

ЦIыхухэм я зэкъуэувэныгъэр, зэкъуэтыныгъэр зыри зыпэмылъэщыжын лъапсэ быдэ зэрыхъур романым и купщIэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Ар здэплъагъу образхэр: Линэ, Хъыжьэ, Назир, Хьэнахъуэ, Цурэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Романым Хэкур фIыуэ лъагъуным укъызэрыхуриджэр, гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Къашыргъэ Хь. и образ къэгъэщIыкIэр, ар гукъинэж зэрищI художественнэ Iэмалхэр, дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкIэмрэ песонажым и псэм щыщIэхэмрэ зэрызэхиухуанэ щIыкIэхэр, и бзэм и дахагъымрэ и къулеягъымрэ.

**Къардэн Бубэ** и зауэ (военнэ) прозэр. Зауэ гъуэгуанэ хьэлъэмрэ тхакIуэм и художественнэ дунеймрэ. ПсэзэпылъхьэпIэм Iут сэлэтым и дунейр, гурэ псэкIэ игъэвыр, пIалъэ кIыхьым тешIыхьа и мурадхэмрэ пIалъэ кIэщIым (атакэ кIуэным ипэ къихуэу) хуэгъэпса и хъуэпсапIэхэмрэ Къардэн Б. и повестхэм («Офицерым итхыжахэр», «Гуимыхужхэр», «Григорий Ликос», «Комбат», «КIыхьщ зауэ гъуэгур», нэгъуэщIхэри) къызэрыщыгъэлъэгъуэжар.

ЩытыкIэ гугъум ихуа цIыхум и психологиер зыхуэдэр къэгъэлъэгъуэныр тхакIуэм къалэн нэхъыщхьэу зэрызыхуигъэувыжыр. Къардэн Б. и зауэ прозэр адрей апхуэдэ тхыгъэхэм къахэзыгъэщхьэхукI нэщэнэхэр. Абы и тхыгъэхэм зауэр теплъэгъуэ къудейуэ, цIыхум лIыхъужьыгъэ е къэрабгъагъэ къыщылъыкъуэкI щIыпIэу

къызэрыщымыкIуэр. Сэлэтым дежкIэ зауэр «фронт лэжьыгъэу» зэрыщытыр тхакIуэм и прозэм нэрылъагъу зэрыщыхъур.

Къардэн Б. и зауэ прозэм лъэпкъ литературэм и тхыдэм къыщылъыс увыпIэр, абы и мыхьэнэр.

**«Зауэ» прозэм къыдэкIуэу, 60–80 гъэхэм адыгэ литературэм зыщызыужьу хуежьа нэгъуэщI литературэ унэтIыныгъэхэр**: «къуажэ» прозэр, «къалэ» («интеллектуальнэкIи» йоджэ) прозэр, хабзэ-зэхэтыкIэм, унагъуэ Iуэхухэм теухуа прозэр, «еджэгъуафIэ» (беллетристикэ, массовэ) прозэр (къэхъукъащIэ, детектив лIэужьыгъуэхэр), нэгъуэщIхэри.

Литературэ унэтIыныгъэщIэхэм я лIыкIуэхэр, адыгэ литературэм и зыужьыныгъэм абыхэм хуащIа хэлъхьэныгъэхэр (Теунэ Хь. «Псэм и IэфIыр къуатмэ», Щомахуэ А. «Бгырыс шухэр», ЩоджэнцIыкIу I. «Уи цIэр фIэсщынщ», Къущхьэ С. «Благъэ», ХьэхъупащIэ Хь. «Гъуэгуанэ», Елгъэр К. «Жэщ дыгъэ», Анзор М. «Атэлыкъым и лъэужьыр», Мэзыхьэ Б. «ПцIащхъуэ хужь», Журт Б. «Гъатхэ пасэ», КIыщокъуэ Р. «Къарабэир и лъэужьхэмкIэ», «Щихъ лIыжьым и Iэлъыныр», н.). ТхакIуэ нэхъыжьхэм я творчествэм, зым адрейр къытепщIыкIыжурэ, цIыхум къыдекIуэкI лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэр – цIыхугъэр, ныбжьэгъугъэр, лъахэр фIыуэ лъагъуныр, гъунэгъум пщIэ хуэщIыныр, нэгъуэщIхэри – нэхъыщхьэ зэрыщыхъур. Лъэпкъ прозэр «плъыфитI (хужьрэ фIыцIэрэ) фIэкI здэщымыIэ дунейм» икIыу гъащIэ зэмыфэгъум и сурэтыр щIыным зэрыхуэкIуар.

**Теунэ Хьэчим.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и щIэныгъэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. ТхакIуэм къиIэт Iуэхугъуэхэр, къэрал-жылагъуэ гъэпсыкIэм хуиIэ щытыкIэр, цIыхум хэлъын хуей хьэл-щэн нэхъыщхьэу къилъытэхэр. **«Псэм и IэфIыр къуатмэ»** роман-дилогиер. КъиIэт IуэхугъуэхэмкIи, щIэлъ гупсысэмкIи, и гъэпсыкIэкIи нэхъапэкIэ къыдэкIа тхыгъэ пIащэхэм ар къызэрыщхьэщыкIыр. Лъэхъэнэм и нэщэнэхэм, и лIыхъужьхэр щыпсэу дунейм, хабзэмрэ гъэсэныгъэмрэ романым щаубыд увыпIэр. Адыгэ лъэпкъ интеллигенцэм и псэукIэр, и гурыщIэхэр, и хъуэпсапIэхэр тхыгъэм къызэрыщыгъэлъэгъуар.

**«Шэджэмокъуэ лъэпкъыр»** романыр. Художественнэ тхыгъэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэр къыщыхъу лъэхъэнэр, щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр. «Шэджэмокъуэ зэадэзэкъуэм я гъащIэр адыгэ лъэпкъым и тхыдэу» литературэ критикэм къыщIилъытэр.

Лъэпкъым и зэхэщIыкIым тхыдэ къэхъукъащIэ инхэм зэрызэдаузэщIыр романым къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. Романым хэт гурыхь образхэр (Исмел, Зырамыку, Жэнэт, нэгъуэщIхэри). Езы тхакIуэр зыхэпсэукI дунеймрэ и персонажхэр зи лIыкIуэ лъэхъэнэмрэ (XIX лIэщIыгъуэм и кIэух – XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэр) тхакIуэм зэрызэрипх литературэ Iэмалхэр. Ныбжьэгъугъэм, хабзэ-нэмысым, цIыхугъэм романым щаубыд увыпIэр.

Теунэ Хь. и романхэм («Псэм и IэфIыр къуатмэ», «Шэджэмокъуэ лъэпкъыр», «Дыщэ кIанэхэр») я художественнэ гъэпсыкIэр, я бзэр.

**Анзор Мухьэмэд.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

Лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ ар къэзыхъумэ къарууэ **«Атэлыкъым и лIэужьыр»** повестым къызэрыщыкIуэр. Быныр игъэсэну зрат атэлыкъым адыгэхэр хуэпэжу зэрыщытар; лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэхэм тхакIуэр зэрахущытыр. Мысострэ Исмелрэ образхэр.

Повестым и гъэпсыкIэр, и бзэр.

**60–80 гъэхэм «къуажэ» прозэм и лъэр адыгэ литературэм зэрыщигъэбыдар.** «Къуажэ» прозэ терминыр къызэрыбгурыIуэн хуейр, абы къызэщIиубыдэр. КъуажэдэсхэмIэ гъащIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр, ахэр зыIууэ гугъуехьхэр, зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр ЩоджэнцIыкIу I., ХьэхъупащIэ Хь., Ахъмэт М., Мысачэ П., Кхъуэхъу Ц., Шал Къ., КхъуэIуфэ Хь., Дыгъужь Къу., Нэхущ М., АбытIэ Хъ., Брат Хь., Журт Б., ШэджыхьэщIэ Хь., Къэрмокъуэ М., Мэзыхьэ Б. сымэ я прозэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар.

«Къуажэ» литературэм гурыщIэр нэхъыбэу къыхэIукI зэрыхъуар, лъэпкъ прозэм и стилистикэм абы зэрызригъэхъуэжар. ТхакIуэхэм нэхъыбэу лирикэ гупсысэхэр, езыхэм я псалъэхэр, зыхуэгъэзэныгъэхэр тхыгъэхэм хагъэхьэ зэрыхъуар, а IэмалымкIэ сюжетхэр нэхъ щаби, цIыхупсэм нэхъ хуэгъэзаи зэращIар. **Къэрмокъуэ М.** «Щихухэр иджыри мэкI» романыр.

ЦIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, къуажэмрэ къалэмрэ яIэ зэщхьэщыкIыныгъэхэр гъэмэщIэным теухуауэ а илъэсхэм къэралым щекIуэкIа къыхуеджэныгъэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ. Лъэпкъ интеллигенцэр абыхэм къыхэша зэрыхъуар. Ахэр купщIэ зыхуэхъуа лъэпкъ художественнэ прозэр: **Мысачэ П.** «Кхъужьейр мэгъагъэ», «Псыхъуэ гуащэ» повестхэр; **Ахъмэт М.** и «Ди къуажэм» повестыр, **Дыгъужь Къу.** и «ТехъэпщIэ» повестыр, **Мысрокъуэ С.** и «Гъуэгу гугъу» повестыр, нэгъуэщIхэри.

**Лъэпкъ тхыдэмрэ адыгэ литературэмрэ.** Адыгэм и блэкIа жыжьэмрэ гъунэгъумрэ зыхуэгъэзэжыныр, щIэныгъэр и тегъэщIапIэу ахэр къэхутэжыныр, тхыдэм и дерсхэр художественнэ IэмалхэмкIэ къызэIухыжыныр 60–80 гъэхэм лъэпкъ прозэм зэрыщекIуэкIар, абы хэлъа щхьэхуэныгъэхэр (Къэшыргъэ Хь. «ПшэкIухь» романыр, Хьэкъун И. «Бзылъхугъэ шу щэху» повестыр, Шортэн А. «Къэзанокъуэ Жэбагъы» документальнэ повестыр, Мэлбахъуэ Е. «Шынагъуэт Iуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур» романыр.

**КIэрашэ Тембот.** ТхакIуэмрэ лъэхъэнэмрэ. КIэрашэ Т. и тхыдэ повестхэр («Шапсыгъ пщащэ», «Абрэдж, «Шыхъуэм и лIыгъэ», «Иужьрей уэгъуэ»). ЦIыхур зыIэт лъапIэныгъэхэм (щхьэхуитыныгъэм, пщIэм, лIыгъэм, тхьэмыщкIэм, дэхуэхам къыщхьэщыжыным, захуагъэм хущIэкъуным, ныбжьэгъур гъэпэжыным, н.) папщIэ КIэрашэ Т. и тхыдэ повестхэм хэт лIыхъужьхэм ирагъэкIуэкI бэнэныгъэр, лъэпкъым къыдекIуэкI хъыбархэр абыхэм ехьэлIауэ тхакIуэм къызэригъэсэбэп щIыкIэр.

**«Шу закъуэ»** романыр. Тхыгъэр зытеухуамрэ щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. ГъащIэм и пэжымрэ литературэ образхэмрэ. Персонажхэм я хьэл-щэныр щызэфIигъэувэкIэ тхакIуэм къигъэсэбэп художественнэ Iэмалхэр, адыгэ хабзэм романым щиубыд увыпIэр.

Романым и ухуэкIэмрэ и бзэмрэ.

**Нало Ахьмэдхъан**. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. Нало А. и прозэм иIэ щытыкIэ хэхар, абы и романхэр («Нэхущ шу», «Псы Iуфэм Iут унэ цIыкIу»), повестхэмрэ рассказхэмрэ («Бжьэ къэпщIа», «Урыху акъужь», «Лъагъуэхэмрэ гъуэгухэмрэ», «Рейхстагым адыгэбзи тетщ», н.) зытеухуамрэ къаIуатэ гупсысэхэмрэ.

**«Нэхущ шу»** тхыдэ романыр. Империалистхэм зэхаублэу 1904–1905 гъэхэм екIуэкIа урыс-япон зауэм тхакIуэр зэрыхущытыр. Тхыдэ къэхъугъэхэмрэ теплъэгъуэхэмрэ художественнэ тхыгъэм щаубыд увыпIэр. Зауэр зыхуэдэр зыгъэунэхуа тхакIуэр абы и бийуэ къызэрыувыр.

КъуэкIыпIэ Жыжьэм щекIуэкIа зауэм теухуами, адыгэ лъахэр, абы и цIыхухэм я псэукIэр, я хабзэ-зэхэтыкIэр образ нэхъыщхьэу романыфм зэрыхэувэр. Романым хэт персонажхэр: гурыхь, мыгурыхь образхэр, абыхэм я сурэтхэр щищIкIэ, тхакIуэм къигъэсэбэп художественнэ Iэмалхэр. КIэрэф Залымджэрий, Анзор Къербэч, шэшэн щIалэ Тэсмэхьил сымэ бгырысхэм пашэ, узэщIакIуэ зэрахуэхъуар, а образхэм романым щагъэзащIэ къалэнхэр.

Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр романым къызэрыхэщыр.

Романым и ухуэкIэр, и бзэр.

**Мэлбахъуэ Елберд.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. **«Шынагъуэт Iуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур»** романыр. Лъэпкъ прозэм и хэлъхьэныгъэ нэхъ инхэм ящыщ зыуэ романыр зэрыщытыр. Адыгэ тхыдэм лIыгъэкIэ гъэнщIа и напэкIуэцIхэм ящыщ зыр – я щхьэхуитыныгъэм папщIэ XVIII лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм къэбэрдей адыгэхэм ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэр – романым къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. Адыгэ лIакъуэлIэшхэм, мэкъумэшыщIэхэм я зэхущытыкIэхэр тхыгъэм къызэрыхэщыжыр.

Романым и гъэпсыкIэм хэлъ гъэщIэгъуэнагъхэр: тхакIуэм лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэр зэрызэришалIэр, «IуэрыIуатэ къупхъэр» къызэнэкIыным ехьэлIауэ къэхутэныгъэ Iэмалхэр къызэригъэсэбэпыр.

**КIыщокъуэм и прозэ тхыгъэхэр.** ТхакIуэм и творческэ гъуэгуанэм и лъэхъэнэхэр, и япэ усэ тхылъхэмрэ тхыдэ-революцэ романхэмрэ. КIыщокъуэм и дуней лъагъукIэ щхьэхуэр, цIыхур гъэлъэпIэныр, абы и пщIэр къэIэтыныр а дунейм щынэхъыщхьэу зэрыщытыр.

Совет литературэм 60–80 гъэхэм зауэ темэм щигъуэт къэгъэлъэгъуэкIэщIэр, «лейтенант щIэблэкIэ» зэджэ тхакIуэхэм я гупсысэкIэм, Iуэху еплъыкIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр. Литературэм хабзэ щыхъуауэ зауэлIым и гъащIэр, и хьэл-щэныр къырагъэлъагъуэу щыIа жыпхъэм къытекIыныр, абы къиша зэныкъуэкъухэр.

**«Щынэхужьыкъуэ», «Нал къута», «Кхъужьыфэ»** роман-трилогиер. Зауэм теухуауэ 40–60 гъэхэм къыдэкIа художественнэ тхыгъэхэм КIыщокъуэм и IэдакъэщIэкIхэр къазэрыщхьэщыкIыр. Адыгэм и тхыдэр художественнэ IэмалхэмкIэ къигъэлъэгъуэжыну еувэлIа тхакIуэм и лэжьыгъэшхуэм и етIуанэ Iыхьэу роман-трилогиер зэрыщытыр. Зауэм Iутхэмрэ лэжьыгъэ IэнатIэ пэрытхэмрэ я гупсысэ-хъуэпсапIэкIэ, гурылъ-гурыщIэкIэ тхакIуэм зэрызэпищIэр. Локотош, Апчарэ, Дотий, Хьэбибэ, Бекъан сымэ я образхэр: ахэр сыт щыгъуи гъуэгу зэрытетыр, гъащIэм и купщIэр, цIыхум абы щигъэзащIэ къалэныр къызэIухыным и дамыгъэу тхакIуэм къызэригъэлъагъуэр.

Художественнэ и лъэныкъуэкIэ КIыщокъуэм и тхыдэ-зауэ (военно-историческэ) романхэмрэ тхакIуэм и япэ тхыдэ-революцэ романхэмрэ («Хъуэпсэгъуэ нур», «Эмирым и сэшхуэ», «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ») зэщхьэщыкIыныгъэу яIэр.

КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ятеухуа «Мазэ къыщIэкIыгъуэ» романыр: тхыгъэр зытеухуар, тхакIуэм абы къыщиIуатэ гупсысэхэр. КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щекIуэкI политикэ-жылагъуэ Iуэхугъуэхэм тхакIуэр зэреплъу щытар (и хъыбархэмрэ новеллэхэмрэ тегъэщIапIэ щIын).

**«Лъапсэ»** романыр. Романыр зытеухуамрэ щIэлъ философие гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. Адыгэм и блэкIа жыжьэмрэ и блэкIа гъунэгъумрэ зэпызыщIэж тхыгъэу ар зэрыщытыр. ТхакIуэм лъэпкъыр лъэпкъыу къызэтезыгъанэ нэщэнэ нэхъыщхьэу къилъытэр, «лъапсэ» псалъэм абы ирит мыхьэнэр.

Романым и художественнэ гъэпсыкIэр: тхыгъэм и сюжет къудамитIым лъэпкъ тхыдэм и лъэхъэнитI зэрызэпащIэр. Тхыгъэм тхыдэ мыхьэнэ яIэу къыхэщыж теплъэгъуэхэр: Хэку зауэшхуэм и зэманым, 60 гъэхэм Къэбэрдейм къыщыхъуа Iуэхугъуэ гукъинэжхэм тхакIуэр зэрахущытыр.

Адыгэ цIыхубзыр пасэ зэманымрэ ди нобэрей гъащIэмрэ: Дэфэрэдж-анэшхуэмрэ Дэфэрэдж Шагировнэрэ я образхэр. Романым хэт гурыхь персонажхэмрэ (Дэфэрэдж, Аннэ Павловнэ, Салимэ, Барчо, н.) гурымыхьхэмрэ (ЛатIифэ, Нартыху Къазбэч, Пыжьынэ, Раисэ Муратовнэ, н.).

Романымрэ тхакIуэм и ущие псалъэхэмрэ. Лъэпкъым и къэкIуэнум теухуа гупсысэхэр тхакIуэм къызэриIуатэ художественнэ Iэмалхэр. Дэфэрэдж и доклад-уэсятым и мыхьэнэр, адыгэ щIэблэм ехьэлIауэ абы къыщыхьа псалъэ Iущхэр. Романыр тхакIуэм лъэпкъым къыхуигъэна уэсяту зэрыщытыр.

Романымрэ иджырей лъэхъэнэмрэ.

**КIыщокъуэм и усыгъэр.** КIыщокъуэ Алимрэ лъэпкъ поэзиемрэ. УсакIуэм и творчествэм и лъэхъэнэ щхьэхуэхэр. Абы и усыгъэр цикл щхьэхуэурэ бгуэш зэрыхъур.

УсакIуэм и граждан лирикэр («Мывэ хуабэ», «Си деж хьэщIапIэ», «Дамыгъэ», «Батырыбжьэ», «Вагъуэ махуэ», «Усэхэр» усэ тхылъхэр). Лъэпкъ гупсысэхэр усакIуэм и художественнэ дунейм зэрыхиухуанэ щIыкIэхэр. ГущIэм къыщыуш хъуэпсапIэ лъагэхэр, къэзыухъуреихь дунейм хуиIэ щытыкIэ хэхар усакIуэм къызэригъэлъагъуэ художественнэ Iэмалхэр.

КIыщокъуэ А. и лирикэм езым и дамыгъэ зэрытелъыр, лIыгъэр, пэжыгъэр, ныбжьэгъугъэр абы къызэригъэлъагъуэ образхэр («СыкIуэнт нэхъ псынщIэу»,

«Уузыншэм!» – сэ жызоIэ», «Насып», «Хыр си шакъалъэу» усэхэр, нэгъуэщIхэри тегъэщIапIэ щIын).

Хэкур, лъахэр, цIыхухэр фIыуэ лъагъуным, укъызыхэкIа лъэпкъым гурэ псэкIэ хуэлэжьэным укъыхуезыджэ усэхэр («Кхъужьей къудамэ», «Адыгэ хэку», «Iуащхьэмахуэ», «Зеич лантIэ», нэгъуэщIхэри), абыхэм къаIуатэ гупсысэхэр, яIэ гъэсэныгъэ мыхьэнэр.

IэнатIэ пэрыт, зи гуащIэкIэ псэуж цIыхур гъэлъэпIэным, и IэщIагъэм къыпыкI фIыгъуэмкIэ цIыхубэм хьэлэлу ядэгуашэ лэжьакIуэ гуащIафIэхэр зыIэт усэхэр («МакIуэр щIалэр ауз гъуэгукIэ», «КъебжэкI», «Мэл гуартэ», «А пщыхьэщхьэм бжьыхьэ пшагъуэу», нэгъуэщIхэри).

КIыщокъуэм адыгэ лирикэм хуищIа хэлъхьэныгъэр, абы и гъуэгум ирикIуа усакIуэхэр.

УсакIуэм и поэмэхэр («Адэ», «Тисей», «Зэшиблымрэ зы псыкъуиймрэ ятеухуа индийскэ поэмэ»; сабийхэм яхуитхахэр: «Елбэздыкъуэ», «Бажэ пшынауэ»). Поэмэхэр зытеухуар, абыхэ усакIуэм къыщиIуатэ гупсысэхэр.

**КIыщокъуэм и драмэ лэжьыгъэхэмрэ публицистикэмрэ.** Лъэпкъым и блэкIам къыхэхыпхъэ дерсхэм ухуеэзыгъэIущ, и къэкIуэнум кууэ уезыгъэгупсыс статьяхэр, документальнэ тхыгъэхэр. Лъэпкъхэм я литературэхэм, я псэукIэмрэ щэнхабзэмрэ теухуа лэжьыгъэхэр («Созвездие литератур», «По родной стране», «Шаги по континентам» тхылъхэр).

«Вид с белой горы» повестыр. Тхыгъэм автобиографие къалэн игъэзащIэми, адыгэм и гъащIэр лъэныкъуэ куэдкIэ къызэщIиубыдэу зэрыщытыр. Абы хэлъ художественнэ щэнхэр.

КIыщокъуэ А. и гъуэгуанэ тхыгъэхэр («Сирием къикI письмо», «Борунда», «Гъуэгум телъ хьэдзэхэр», «Iуащхьэхэм щыхуарзэ ныпхэр», «Алжирым и псэр зыхэлъыр», «Мылыр Iуехри Iуфэр къонэж», нэгъуэщIхэри). ТхакIуэм и набдзэгубдзаплъагъэр, зытетхыхь Iуэхугъуэхэм фIыуэ зэрыхищIыкIыр тхыгъэхэм къызэрыхэщыр.

КIыщокъуэ А. и драмэ лэжьыгъэхэр («Алъхъо», «Гъуэгуанэ», «Тепщэч къэзылъэтыхь») зытеухуамрэ къаIуатэ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. «Алъхъо», «Гъуэгуанэ» драмэхэм я гъэпсыкIэр, хэт образхэр, ахэр гукъинэж зыщI Iуэхугъуэхэр. «Тепщэч къэзылъэтыхьыр» лъэпкъ драматургием и япэ водевилхэм ящыщу зэрыщытыр, абы и мыхьэнэр.

КIыщокъуэ Алим и творчествэм урысей лъэпкъыбэ литературэм щиубыд увыпIэр, тхакIуэм къэралым, республикэм къыхуащIа пщIэр.

**ЦIыхугъэм, гурыщIэм (лирикэ) теухуа прозэр.** Лиризмэр прозэм зэрыщызэфIэувэр, ар повесть жанрым нэхъ зэрыхэплъагъуэр. 60–80 гъэхэм публицистикэм и щэнхэр жанрым нэхъ мащIэ зэрыщыхъуар, ар цIыхум, абы и гурыгъу-гурыщIэхэм нэхъ гъунэгъу зэрыхуэхъуар. Повестым и лIэжьыгъуэхэм а лъэхъэнэм зэрызаужьар: повесть-автобиографие, повесть-гукъэкIыж, повесть-ущие, нэгъуэщIхэри. Лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэхэр хъумэнымрэ щIэблэр гъэсэнымрэ ехьэлIауэ зэманым къигъэщI лъэпощхьэпохэр къызэнэкIыным и Iуэхум лъэпкъ прозэр зэрыбгъэдыхьэ щIыкIэхэр. А мурадым хуэлажьэ художественнэ тхыгъэхэр (ЩоджэнцIыкIу I. и «Уэлбанэ дыгъэ» повестыр, ХьэхъупащIэ Хь. «Гъуэгуанэ», «Гур зыщIэхъуэпсыр» повестхэр, Журт Б. и «Си сабиигъуэм и бжьэпэ» повестыр, КIэрэф М. «Адэ щIэин мылъку хъурэ?», «Сэфар» повестхэр, КIуантIэ I. и «ГъуэгурыкIуэ», «Гуэл Iуфэм», «Лъэмыж» повестхэмрэ рассказхэмрэ, КхъуэIуфэ Хь. «Мэзыр жыг зырызурэ зэхэтщ» повестыр, ШэджыхьэщIэ Хь. и «Уи пщэдджыжь фIыуэ, Тэрч!» повестыр, нэгъуэщIхэри).

**ЩоджэнцIыкIу Iэдэм.** ТхакIуэмрэ лъэхъэнэмрэ. НыбжьыщIэхэм я хъуэпсапIэхэмрэ я мурадхэмрэ, балигъ гъащIэм ахэр зыIуигъащIэ гугъуехьхэмрэ гъэунэхуныгъэхэмрэ. «ЦIыхубэ насыпым хущIэкъуным» къыхуезыджэ литературэм зи щхьэзакъуэ насыпым щIэбэн персонажхэм бжьыпэр зэрыщаубыдыр. **«Уи цIэр фIэсщынщ», «Щхьэгъубжэ нэху»** повестхэр. Ахэр «Софят и гъатхэ» повестым тхакIуэм

къыщиIэта Iуэхугъуэм пызыщэу зэрыщытыр. Повестищми лIыхъужь зэщхьхэр зэрыхэтым, лъагъуныгъэм зэрытеухуам, лэжьыгъэ хьэлэлыр насыпым и хэкIыпIэу къызэрыщыгъэлъэгъуам ахэр зы художественнэ тхыгъэу къызэрыпщагъэхъур.

Лъэхъэнэмрэ повестхэм щызэфIэгъэувэ гурыхь, гурымыхь образхэм я ситемэмрэ. Залинэрэ Мусэбийрэ, Лэуцэрэ Мысхьудрэ я лъагъуныгъэм папщIэ ирагъэкIуэкI бэнэныгъэр 60–70 гъэхэм я щIалэгъуалэм щапхъэ яхуэхъуауэ зэрыщытар. «Уи цIэр фIэсщынщ», «Щхьэгъубжэ нэху» повестхэм тхылъеджэ нэхъыбэ дыдэ зэраIар, ноби абыхэм къыщыIэта Iуэхугъуэхэм я мыхьэнэр зэрымыкIуэдар.

Повестхэм я ухуэкIэр, тхакIуэм и бзэм и къулеягъыр.

«Уи цIэр фIэсщынщ», «Щхьэгъубжэ нэху» повестхэм лъэпкъ литературэ критикэр зэрыIущIар, абы тэмэму гу зылъитахэмрэ идеологием и нэпкъыжьэ зытелъхэмрэ.

ЩоджэнцIыкIу I. и **усэхэр.** ЦIыхугъэм, мамырыгъэм, лэжьыгъэ хьэлэлым, ныбжьэгъугъэм укъыхуезыджэу ахэр зэрыщытыр.

УсакIуэм и сонетхэр. Лъэпкъ усыгъэм и хэлъхьэныгъэщIэу ахэр зэрыщытыр.

ЩоджэнцIыкIу I. зэдзэкIыкIуэ Iэзэу зэрыщытар. Абы Шекспир, Лопе де Вегэ сымэ я пьесэхэр («Гамлет», «Ерыщыр къызэрагъэIэсар», «ПсыефапIэ»), Навои, Пушкиным, Лермонтовым, Некрасовым, украин, осетин усакIуэхэм я усэ куэд адыгэбзэм къызэрыригъэтIэсар. Лъэпкъ литературэмрэ литературэбзэмрэ заужьынымкIэ абыхэм яIа мыхьэнэр.

**Дыгъужь Къурмэн**. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. 60–70 гъэхэм къуажэдэс ныбжьыщIэхэм я IуэхущIафэу, зыгъэгуфIэ-зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэу яIахэр **«ТехьэпщIэ»** повестым къызэрыщыгъэлъэгъуар. НыбжьыщIэхэм я щыуагъэхэр, ахэр зэрыхуэ щытыкIэ гугъухэр повестым къызэрыщыгъэлъэгъуар. Жэмалдин гугъуехьым къикIынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуар. Лъагъуныгъэм и къарур. Повестым къыхэхыпхъэ дерсхэр.

60–80 гъэхэм дунейм къытехьа лирикэ повестхэм зэщхьыныгъэу яхэлъыр, ахэр къэзыша щхьэусыгъуэхэр (ЩоджэнцIыкIу I., Къэрмокъуэ М., Дыгъужь Къу. сымэ я повестхэр зэгъэпщэн).

**Адыгэ усыгъэр 60-80 гъэхэм: къэлъыхъуэныгъэщIэхэр, гъунапкъэщIэхэр.** 50–70 гъэхэм лъэпкъ литературэм къыхыхьа усакIуэхэр (Тхьэгъэзит З., ЩоджэнцIыкIу Н., Нало З., Къагъырмэс Б., Елгъэр К., Балъкъэр Ф., Къэжэр П., Мысачэ П., Тут М., Гъуэзджэщ Хъ., Шорэ Хь., Къэбэрдей Ф., Жаным Б., Гъубжокъуэ Л., Хьэх С., Бахъуэ Б., Брай А., КIэщт М., нэгъуэщIхэри). Лъэпкъ усыгъэм щызэфIэува хабзэхэмрэ («ЩоджэнцIыкIу Алий иубзыхуа гъуэгур») усакIуэ щIалэхэм я къэлъыхъуэныгъэхэмрэ. Усэ хабзэкIэ гъэпса публицистикэм, жылагъуэр зыхущIэкъупхъэ образу парт идеологием игъэкъабылам къыпыкIыу щхьэ закъуэм и гухэлъхэмкIэ цIыхубэм и хъуэпсапIэхэр къэIуэтэным хуэунэтIа лъэбакъуэхэр.

Лъэпкъ усыгъэм къыхыхьэ темэщIэхэр, къызэринэкIын хуей хъуа лъэпощхьэпохэр. Жанрхэм ягъуэта зыужьыныгъэр.

Адыгэ лирикэр жылагъуэ Iуэхугъуэхэм щхьэпрыIэбыкIыу цIыху къызэрыгуэкIым и гурыщIэхэмкIэ зэщIэузэда зэрыхъуар. **Балъкъэр Фоусэт.** «Нэхущ», «Уафэр хызодыкI», «Гугъэм и лъэрыгъ», «Дыгъэ бзийр си пшынэ Iэпэу», «КъысхуэгуфIэ», «УэрэдыщIэ» усэ тхылъхэр, н.

Мардэ убзыхуа гуэрхэр къызэнэкIыныр, гурыщIэр, гуащIэдэкI хьэлэлыр, лэжьакIуэ пэрытыр гъэлъэпIэныр натурализмэм и жыпхъэм къишауэ романтизмэм и хьэлщэнхэмкIэ «хуэпэныр». **Нало Заур.** «Бзухэм я бзэр», «Усэхэр» усэ тхылъхэр, н.

Лъэпкъым и тхыдэ гъуэгуанэм теухуа усыгъэхэр, апхуэдэхэр 60–70 гъэхэм утыку къихьэным иIа мыхьэнэр. **Гъубжокъуэ Лиуан.** «Шэрэдж толъкунхэр», «Насыпгуэш», «Жэщ гупсысэхэр» усэ тхылъхэр; **Нэхущ Мухьэмэд** «Адыгэ нэпсхэр» тхылъыр, нэгъуэщIхэри.

Лъэхъэнэмрэ цIыхумрэ, зэхъуэкIыныгъэхэмрэ лэжьыгъэ текIуэныгъэщIэхэмрэ пэджэжыныр поэзием къалэн зэрыхуэхъур. УсэкIэ тха публицистикэр фIым,

зыужьыныгъэм хуэгъэлэжьэныр. **Къагъырмэс Борис.** «ФIэхъус апщий!», «ЛIэщIыгъуэ уардэ», «УафэхъуэпскI къудамэ», «Гуапагъэ», «Шэджагъуэ», «Лэскэн пшыналъэ» усэ тхылъхэр, н.

Пейзаж лирикэм адыгэ усыгъэм щигъуэта зыужьыныгъэр. Дунейм и теплъэ е и къэхъукъащIэ къызэрыгуэкIыр тхылъеджэм щIэщыгъуэ щыщIыныр, псэкIэ зыхегъэщIэныр. **Къэжэр Петр.** «Шыхулъагъуэ», «Джулатыщхьэ», «Гулъытэ» усэ тхылъхэр, н.

«Iущыгъэр» (интеллектыр) зи гъуазэу ялъытэ усыгъэр. Лъэпкъ философиемрэ лъэпкъ Iущыгъэмрэ щызэхэухуэна поэзиер, усэ гъэпсыкIэм игъуэт щытыкIэщIэхэр. **Къэжэр Хьэмид.** «Гъуэгум и бгъуагъ», «Усищэрэ зырэ», «Гъатхэпежьэ», «Гъатхэм и гъэ», н., **Сокъур М.** «ЩIыщIэжь», «Нэпкъыжьэ», н.

Эстетикэ купщIэшхуэ зыхэлъ дамыгъэхэр и щIэгъэкъуэну адыгэ усыгъэр схематизмэм, хабзэ убзыхуахэм я къупхъэм ибэкъукI зэрыхъуар, усэбзэм и стилистикэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр. **IутIыж Борис.** «Си Дахэнагъуэ» усэ тхылъыр, сонетхэр.

Автобиографие усыгъэр. Зы цIыхум и нэгу щIэкIахэмкIэ лъэпкъым, лъахэм и гъащIэ гъуэгуанэр къэгъэлъэгъуэжыныр. **Хьэх Сэфарбий.** «Усэхэр», «Пщэдджыжьыпс бзыгъэ», «Си гъэмахуэ», «Бжьыхьэ макъамэхэр» усэ тхылъхэр, н.

**Тхьэгъэзит Зубер.** УсакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

УсакIуэмрэ поэзиемрэ я зэхущытыкIэр, абы и гъащIэр, и дуней еплъыкIэр.

Тхьэгъэзитым и «лирикэ щабэр»: усакIуэмрэ лъахэмрэ, усакIуэмрэ щIыуэпсымрэ, усакIуэмрэ лъагъуныгъэмрэ, усакIуэмрэ гъащIэмрэ, усакIуэмрэ ажалымрэ («Бгым сыдокI», «Тэрч макъамэхэр», «Усэхэр», «Джэрпэджэж», «ЩIымрэ уафэмрэ», «ГукъэкIыж: усэхэмрэ балладэхэмрэ» усэ тхылъхэр, н.)

УсакIуэм къигъэщI образхэр, цIыхугъэ лъагэм и нэщэнэхэу абыхэм яхэплъагъуэхэр.

Поэзием и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэм – дыкъэзыухъуреихь дунейм, лъагъуныгъэм, гъащIэм, уахътыншагъэм, нэгъуэщIхэми – усакIуэр зэрабгъэдыхьэр, къигъэщI образыщIэхэр, жыIэкIэщIэхэр.

Тхьэгъэзитым зэридзэкIа тхыгъэхэр (В. Жуковскэм, К. Батюшковым, А. Фет, Б. Пастернак, А. Ахматовэм, О. Мандельштам, нэгъуэщхэми я усэхэр; Ш. Руставели и «Къаплъэныфэ зыщыгъ зауэлI» тхыгъэ цIэрыIуэр, А. Пушкиным и «Евгений Онегин» романыр, и поэмэхэмрэ усэхэмрэ).

УсакIуэм и бзэр, и усэ гъэпсыкIэр.

**Бещтокъуэ Хьэбас**. УсакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

Бещтокъуэм и лирикэ усэхэм я тематикэр, усэ циклхэр. Хэкум, адыгэ тхыдэм, анэдэлъхубзэм теухуа усэхэр.

УсакIуэм и лъагъуныгъэ лирикэр. Гухэлъ къабзэм сыт щыгъуи цIыхугъэшхуэрэ зэхэщIыкIрэ зэрагъусэр, гурыщIэ куур зэрыдахэр икIи зэрымыужьыхыр апхуэдэ усэхэм я купщIэу зэрыщытыр.

Бещтокъуэ Хь. и тхыгъэхэу лирэ-эпикэ жанрым хыхьэхэр. УсэбзэкIэ тха **«Мывэ лъэхъэнэ»** романыр. Языныкъуэ литературэдж щIэныгъэлIхэр «роман-притчэкIэ» абы щIеджэр. Романым иIэ унэтIыныгъэхэр: ар философие усыгъэу, цIыхумрэ щIыуэпсымрэ (природэмрэ) яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр къэзыгъэнахуэу, цIыхум и хьэл-щэныр къызэрапщытэ гъэунэхуныгъэу, мыхъумыщIагъэм нэлат езыхы тхыгъэу зэрыщытыр. Тхыгъэр нобэ дызэIууэ гугъуехьхэм зэрапэджэжыр, цIыхугъэмрэ цIыхугъэншагъэмрэ, блэкIамрэ къэкIуэнумрэ я зэныкъуэкъур абы къызэрыщыгъэлъэгъуар.

Тхыгъэм хэт лIыхъужь нэхъыщхьэр. Мифым и малъхъэдисым къыIэщIихыу Ану и щхьэ закъуэ зэфIэкIыр япэ иригъэщыну усакIуэр зэрыхущIэкъур, абы и мыхьэнэр. Роман-мифым пейзажым щигъэзащIэ къалэныр, псэущхьэ зэмылIэужьыгъуэхэм я образхэр къызэрыщыгъэлъэгъуа щIыкIэр.

«Мывэ лъэхъэнэ» романымкIэ лъэпкъ литературэ къупхъэм икIыу дунейпсо гъуазджэм къыпэщыт къалэн гугъухэр зэфIэхыным усакIуэр яужь зэрихьэр. Лъэпкъ литературэр лъэхъэнэщIэм хэзыша тхыгъэу романыр зэрыщытыр.

Романыр зэрытха бзэр, усакIуэм къигъэсэбэпа художественнэ Iэмалхэр.

**Лъэхъэнэм и нэщэнэхэмрэ литературэм и жанр кIэщIхэмрэ.** Жанр кIэщIхэр (хъыбар, рассказ, новеллэ) адыгэ литературэм нэхъ псынщIэу зыщызыужь лIэужьыгъуэу зэрыщытыр. Жанр кIэщIхэм я лъабжьэр лъэпкъ литературэм щызыгъэтIылъахэр, абыкIэ тхакIуэ-узэщIакIуэхэм зэфIагъэкIар. 60–80 гъэхэм абыхэм ягъуэта зыужьыныгъэр.

Лъэпкъ прозэм цIыхугъэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр, психологизмэр нэхъ куу зэрыщыхъур. ЦIыхумрэ щIыуэпсымрэ, цIыхумрэ жылагъуэмрэ, цIыхумрэ тхыдэмрэ яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэ ткIийхэр зэфIэхыныр жанр кIэщIхэм къалэн нэхъыщхьэу я пащхьэ къызэриувэр (Журт Б., Елгъэр К., КIэрэф М., ХьэхъупащIэ Хь., Щхьэумэжь Б., КхъуэIуфэ Хь., Хьэх С., Къагъырмэс Б., Гъэунэ Б., Ацкъан Р., Мыжей М., Дэбагъуэ М., БакIуу М., Шорэ А., Нэхущ М., Абазэ Л., Гъут А., Тхьэмокъуэ Б., ХьэIупщы М., Мыз А., нэгъуэщIхэми я рассказхэр).

Автобиографие тхыгъэхэр. **Нало Заур.** Рассказхэр щызэхуэхьэса «Кърү закъуэ» тхылъыр. Зи Iэзагъыр IэщIагъэ къызэрыгуэкIым икIыу гъуазджэм и щапхъэхэм нэса цIыхухэм я образхэр «Кърү закъуэ», «Мусэрэ Мусэ и дыдымрэ», «Хьэбалэ и пхъэ гуащэр», «Исмел и бригантинэ ныкъуэщIыр», «ТIытIу и дыгъэ шыщIэ» новеллэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуар.

ТхакIуэм и рассказхэм я бзэр, гъэпсыкIэ щхьэхуэр, IуэрыIуатэм и хабзэхэр абыхэм къызэрыщыгъэсэбэпар.

ФIэкIыпIэ зимыIэ гъащIэ лъэпощхьэпохэм цIыхум и псэм къытринэ дыркъуэхэр къызытещ лъэпкъ прозэр. **Мэзыхьэ Борис.** ЦIыхум и псэкупсэ дунейр зэрыхузар, и зэфIэкIыр къызэIуихыну Iэмал зэримыгъуэтыр, «гъащIэм къыщылъыс мащIэм» арэзы техъуэн фIэкIа нэгъуэщI къызэрыхуэмынэжыр нэпкъыжьэу тхакIуэм и тхыгъэхэм зэрателъыр («Гъуэгупэ псалъэ», «Вагъуэзэшибл», «Мазэхэ жэщ», «Къуажэ пшыхьхэр» рассказ сборникхэр).

ТхакIуэм и повестхэр («Бжьыхьэр пщIащэ пыщэщыжыгъуэщ», «Мыл джанэ», «ПцIащхъуэ хужь», нэгъуэщIхэри).

**Драматургиемрэ зэманым и плъыфэхэмрэ.** Революцэ, зауэ темэхэм къыпыкIыу унагъуэм исхэм, лэжьыгъэ IэнатIэ пэрытхэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэм, я псэукIэм драмэ лэжьыгъэхэр теухуа зэрыхъур. Лъэхъэнэм и лIыхъужьыщIэм и хьэл-щэным и пщалъэ абы и фIэщхъуныгъэр, зэхэщIыкIыр лъабжьэ хуэщIыныр, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм къишэ щыуагъэхэр.

Лъэхъэнэгъум и образым пьесэхэм щагъуэт зыужьыныгъэр, IэпкълъэпкъкIи псэкIи къэщIэрэщIэжыным ар зэрыхущIэкъур (Шортэн А., КъардэнгъущI З., Акъсырэ З., Дудар Хь. Журт Б., Дэбагъуэ М., нэгъуэщIхэми я драмэ лэжьыгъэхэр).

**IутIыж Борис.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и щIэныгъэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ.

IутIыжым и тхыдэ драмэ лэжьыгъэхэр зытеухуамрэ къаIэт гупсысэхэмрэ. Лъэпкъ литературэм и хабзэхэмрэ дунейпсо драматургием и классикэ унэтIыныгъэхэмрэ тхакIуэм и тхыдэ драмэ лэжьыгъэхэм Iэзэу зэрыщызэхиухуанэр («Тыргъэтауэ», «Лъыгъажэ жэщ», «Кхъужьеибэ», «Эдип», н.). УсэбзэкIэ тха пьесэхэм яхэлъ къыщхьэщыкIыныгъэ нэхъыщхьэхэр.

Лъэпкъ комедиографием IутIыжым хуищIа хэлъхьэныгъэр («Шамхьун и фызышэ», «ГушыIэ махуэ апщий!» комедиехэр, «Ажэгъафэ джэгухэр» циклым хыхьэ комедиехэр, «Гуащэмыдэхьэблэ» водевилыр, Хьэцацэ дахэ» фарсыр, «Хьэпэщыпхэ», «Жьэмыгъуэ Африкэм», «Жьэмыгъуэ Америкэм» пьесэхэр, нэгъуэщIхэри).

**«Тыргъэтауэ»** драмэр. Лъэпкъым и тхыдэ жыжьэм теухуа пьесэр иджырей ди гъащIэм къыпэджэжу зэрыщытыр. Драмэм къыщиIуэтэж тхыдэ Iуэхугъуэхэм тхакIуэм и персонажхэр зэрыхишэ щIыкIэр, абыкIэ къигъэсэбэп художественнэ Iэмалхэр.

«Тыргъэтауэ» пьесэр лъэпкъ драматургием и хэлъхьэныгъэ ину зэрыщытыр.

**Дэбагъуэ Мухьэмэд.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

**«Анэр нэм хуэдэщ»** пьесэм щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр. Къалэмрэ къуажэмрэ щыпсэухэм я гъащIэр лъэныкъуэ куэдкIэ зэрызэпыщIар, зыр адрейм хуэныкъуэу зэрыщытыр драмэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. НыбжьыщIэхэр зыIууэ гугъуехьхэр, ахэр къызэнэкIыным хуэунэтIауэ яч лъэбакъуэхэр, абыхэм я пэжагъыр.

Драмэм хэт цIыхубз образхэр: Сэчинат, Зое, Хужьэ сымэ. Пьесэм къыхэхыпхъэ дерсхэр; и гъэпскIэр, диалогымрэ монологымрэ я къэгъэсэбэпыкIэр.

**Лъэпкъ литературэ щIэныгъэмрэ литературэ критикэмрэ.** Адыгэ литературэм и зыужьыкIэр, жанрхэр, художественнэ Iэмалхэм я къэгъэсэбэпыкIэр, IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ я зэхущытыкIэр, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэри къэхутэным, джыным хуэунэтIауэ литературэ щIэныгъэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэр. Адыгэ литературэ щIэныгъэм хэлъхьэныгъэ щхьэпэ хуэхъуа лэжьыгъэхэр, ахэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа еджагъэшхуэхэмрэ критикхэмрэ: Шэвлокъуэ П. («ТхакIуэмрэ гъащIэмрэ», «ГъащIэм и пшыналъэ»), Сокъур М. («Литерактурэм и бакъуэкIэ»), ХьэкIуащэ А. («Япэ адыгэ тхакIуэхэр», «ЩоджэнцIыкIу Алий», ЕхъулIэныгъэм и хэкIыпIэхэр», «Адыгэ усэ гъэпсыкIэ»), Нало З. («Къэбэрдей поэзиер зауэ нэужьым», «ДжэгуакIуэмрэ усакIуэмрэ», «Лъабжьэмрэ щхьэкIэмрэ», «Адаб Баксанского культурного движения»), КIурашын Б. («Хасэ», «Упсэу: литературэм, искусствэм теухуа тхыгъэхэр»), Къэрмокъуэ Хь. («Дэрэжэгъуэ», «ТхакIуэмрэ зэманымрэ»), Мусукаевэ А. («Поиски и свершения», «Ответственность перед временем», «Северокавказский роман»), Къэжэр Хь. («Ди прозэм и лъэбакъуэщIэ», «Зыужьыныгъэм и гъуэгукIэ»), КхъуэIуфэ Хь. («В зеркале социальной жизни»), Шэвлокъуэ П. («ТхакIуэм рэ гъащIэмрэ», «ГъащIэм и пэж», «ГъащIэм и пшыналъэ»), Тхьэгъэзит Ю. («Адыгэ роман», «зы къуэпскIэ зэпхащ»), нэгъуэщIхэри.

**Адыгэ литературэр 80 гъэхэм – зэхъуэкIыныгъэхэм (перестройкэм) я илъэсхэм.** Лъэпкъ литературэр лъэхъэнэщIэм хуэзыгъэхьэзыра жылагъуэ, политикэ Iуэхугъуэхэр. А лъэхъэнэм адыгэ литературэр гъэунэхуныгъэ гугъухэм къахэкIыу гъуэгущIэ зэрытехьар, художественнэ унэтIыныгъэщIэхэр, методыщIэхэр къызэрищтар, лъэпкъым и тхыдэ гъуэгуанэм щIэрыщIэу ириплъэжыныр, блэкIам къыхэхыпхъэ дерсхэр игъэбелджылын хуей зэрыхъуар.

Лъэпкъ литературэр зэрыкIуэну гъуэгур убзыхунымкIэ тхакIуэхэм я съездхэм яIа мыхьэнэр, абыхэм къыщащта унафэхэр.

ЗэхъуэкIыныгъэхэм я илъэсхэм дунейм къытехьа художественнэ тхыгъэхэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр: ехъулIэныгъэхэмрэ щыуагъэхэмрэ.

## Къэбэрдей-шэрджэс литературэр совет лъэхъэнэ нэужьым

(XX лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэр – XXI лIэщIыгъуэм и япэ илъэсипщIыр)

Хэзыгъэгъуазэ. XX лIэщIыгъуэм и 80–90 гъэхэмрэ XXI лIэщIыгъуэм и япэ илъэсипщIымрэ къэралым, жылагъуэм къыщыхъуа тхыдэ Iуэхугъуэшхуэхэмрэ лъэпкъ литературэмрэ. Урысей Федерацэм и лъэпкъыбэ литературэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр: художественнэ унэтIыныгъэхэр, методыщIэхэр. Урыс литературэ: реализмэмрэ постмодернизмэмрэ. Постреализм – реализмэмрэ постмодернизмэмрэ я лъабжьэхэр зэзышалIэ художественнэ дунейр. Шэч къызытрамыхьэжу къекIуэкIа эстетикэ лъапIэныгъэхэм нэгъуэщIу бгъэдыхьэныр, цIыхур зыхэпсэукI щэнхабзэ къэухьу дунейр къэлъытэныр. Апхуэдэ литературэ унэтIыныгъэхэм ехьэлIауэ щыIэ Iуэху еплъыкIэхэр, литературэ щIэныгъэр абыхэм зэрахущытыр.

Литературэм и теплъэм зэрызихъуэжар, ар плъыфэбэ зэрыхъуар. Литературэмрэ рынокымрэ. «ЕджэгъуафIэ (массовэ) литературэкIэ» зэджэр, абы и поэтикэм и щэн нэхъыщхьэхэр.

90 гъэхэм я япэ илъэсхэм адыгэ литературэр зэрыта щытыкIэ гугъур; художественнэ тхыгъэщIэу а зэманым къыдэкIар мащIэ дыдэ зэрыхъугъар, абы и щхьэусыгъуэхэр. Гъэунэхуныгъэ гугъухэм къахэкIыу литературэр гъуэгущIэ зэрытехьар. Ар убзыхунымкIэ 80–90 гъэхэм къыдэкIыу щыта литературэ-художественнэ, щIэныгъэ

журналхэм ягъэзэщӀа къалэнхэр («Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Зэкъошныгъ», «Псалъ», «Гъуазэ», «Адыгэ хэку», «ЩIэплъыпIэ», «Вопросы кавказской филологии», нэгъуэщIхэри). Лъэпкъ литературэмрэ публицистикэмрэ.

90 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэм ирагъэкIуэкIа съездхэр, лъэпкъ литературэхэм зегъэужьыным теухуауэ абыхэм къыщащта унафэхэр. Адыгэ (адыгей, къэбэрдей-шэрджэс) литературэхэр гъунэгъу зэхуэщIыным ехьэлIауэ екIуэкIа лэжьыгъэхэр, абыхэм хэхэс адыгэ литературэ гъэщIэгъуэныр къазэрыхэувэжар. Хэхэс адыгэхэм я художественнэ дунейм хэкурысхэр щыгъуазэ хуэщIыным ехьэлIауэ а лъэхъэнэм къыдэкIыу щыта напэкIуэцI щхьэхуэхэр: «Си дуней», «Щикъухьащ адыгэр дунеижьым» («Адыгэ псалъэ»), «Ди лъэпкъэгъухэм я деж» («Iуащхьэмахуэ»), «Хэхэс адыгэхэр» («Адыгэ макъ»), нэгъуэщIхэри.

Адыгей, къэбэрдей-шэрджэс тхыбзэхэр зэщхь щIыным, алыфбейхэмрэ пэжырытхэмрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа екIуэкIа лэжьыгъэхэр, абыхэм къарикIуахэр.

**Совет нэужь лъэхъэнэм лъэпкъ прозэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр.** Эстетикэ гъунапкъэщIэхэр къэгъэIурыщIэныр, псалъэм и къарур, и купщIэр къэIэтыныр, лъэпкъ тхыдэм и напэкIуэцI зэхуэщIауэ щытахэр къызэIухыжыныр адыгэ прозэм къалэн нэхъыщхьэ зэрыхуэхъуар.

ТхакIуэхэм я хуитыныгъэхэм зэрыхэхъуар, къагъэсэбэп художественнэ Iэмалхэм зэрызаубгъуар: тхыгъэхэм лиризмэр ебэкI зэрыхъуар, абы щыгъуэми тегъэщIапIэ ящI документхэм я пщIэр къэIэтауэ.

Я IэдакъэщIэкIхэр жанркIи, тематикэкIи зэмылIэужьыгъуэ щIыным къыдэкIуэу, художественнэ фIагъыр къэIэтыным, езы лъэпкъым къигъэщIыжа гупсысэ куухэмрэ дуней еплъыкIэ щхьэхуэмрэ (абы пыщIауэ нэщэнэхэмрэ дамыгъэхэмрэ къэгъэсэбэпыныр, IуэрыIуатэ, миф хъыбархэр художественнэ тхыгъэм и пкъым хэгъэзэгъэныр) лъабжьэ хуэщIыныр тхакIуэхэм нэхъыбэрэ къагъэсэбэп зэрыхъуар. Прозэ тхыгъэхэм къыщаIэт гупсысэри и художественнэ фIагъри а Iэмалхэм къызэраIэтар.

Лъэхъэнэ зэблэкIыгъуэм къигъэщIа тхыгъэхэр, абыхэм яIэ къыщхьэщыкIыныгъэ нэхъыщхьэхэр. Лъэхъэнэ зэблэкIыгъуэм къигъэщI гугъуехьхэм тхакIуэхэр гуитIщхьитI ищIауэ зэрыщытар. Ар наIуэу къызытещыж тхыгъэхэр: Гъубж М. «Iущым хешыр езым и «Шыхулъагъуэ», «Дыгъужь лъакъуитI», ХьэхъупащIэ Хь. «ГущIэгъуншэ», Журт Б. «Гъуэжькуий» романхэр, Хьэх С. «Махуэм дунейр и кIыхьагъщ», «Сигу, къэувыIи сызылъэщIэгъэхьэ!», МафIэдз С. «Мыхъур», Нало З. «ПхъащIэр Iэзэмэ, мэзри благъэщ», Елгъэр К. «ШейтIан къафэ», Бозий Л. «Гъуэгу нашэкъашэ» повестхэр, нэгъуэщIхэри.

**Тхыдэмрэ лъэпкъ прозэмрэ**. ЦIыхубэм, лъэпкъым къыдекIуэкI лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэр адыгэ прозэм тепщэ щыхъуныр: цIыхумрэ тхыдэмрэ, цIыхумрэ щIыуэпсымрэ.

Адыгэм и блэкIа жыжьэм теухуа тхыгъэхэр. ЦIыху щхьэ закъуэм тхыдэ къэхъукъащIэхэм щигъэзащIэ къалэныр: апхуэдэ къэхъукъащIэхэм я курыкупсэм къыхэхутэ лIыхъужьым и зэхэщIыкIым зэрызиузэщIыр, и жыджэрагъым зэрыхэхъуэр, къэзыухъуреихьхэм я пащхьэ щих жэуапыр нэхъ ин зэрыхъур прозэщIэм къызэригъэлъагъуэ Iэмалхэр.

Тхыдэ Iуэхугъуэхэр убгъуауэ (панорамнэу) къэгъэлъэгъуэныр лъэпкъ прозэм гъуазэ зэрыхуэхъуар. Кавказ зауэмрэ ИстамбылакIуэмрэ, «политикэ залымыгъэм и илъэсхэмрэ» Хэку зауэшхуэмрэ, къэралыр «и пIэм щиуджыхьа лъэхъэнэмрэ» зэхъуэкIыныгъэхэмрэ (перестройкэмрэ), адыгэм и блэкIа гъунэгъумрэ и нобэмрэ теухуа тхыдэ-философие художественнэ тхыгъэшхуэхэр: КIыщокъуэ А. «Лъапсэ», Тыуаршы А. «Псыкъелъэм и макъамэхэр», АбытIэ В. «ЩIакIуэр зи унапIэ», «Нэпс шыугъэ», Кхъуэхъу Ц. «ФатIимэт», Елмэс А. «Бгъэхэм къуршым къагъэзэж», БакIуу М. «МафIэ лыгъей», Мэлбахъуэ Е. «ЩомыгъэтIылъам щылъыхъуэ», Вэрокъуэ В. «Лей зыхуэгъэгъум къахурегъэгъу», Жылэтеж С. «Пащтыхь хужьым и лIыкIуэ», романхэр, Щамырзэ I.

«Махуэ лъапIэр къэсыпат», Мыз А. «Щожэх аддэ жыжьэу Урыху», ХьэIупщы М. «Хуэрэджейр мэгъагъэ» повестхэр, нэгъуэщIхэри.

**Тхыдэ къэхъукъащIэхэр, лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэ-зэхэтыкIэр зи лъабжьэ прозэр.**

**МафIэдз Сэрэбий.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ, щIэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ.

ТхакIуэм и тхыдэ прозэр: «ЩIакIуэ фIыцIэ», «ХьэщIэ махуэ», «Шыдыгъу» повестхэр, «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ» романхэр, нэгъуэщIхэри. КъэхъукъащIэхэмрэ лъэпкъым къыдекIуэкI хъыбархэмрэ тхакIуэм къызэригъэсэбэп щIыкIэр. ТхакIуэм и творчествэм хэлъ гъэщIэгъуэнагъхэр: жанр нэхъ цIыкIухэр къигъэсэбэпу зэгуэр итхыгъа тхыгъэхэр иужькIэ и романхэм Iыхьэ щхьэхуэу зэрыхигъэувэжыр (псалъэм папщIэ, «ХьэщIэ махуэ» повестым и сюжетыр «Гъыбзэ хуэфащэт» романым зэрыхигъэхьэжар, нэгъуэщIхэри).

**«Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ»** дилогиер: къыщыгъэлъэгъуэжа тхыдэ Iуэхугъуэхэмрэ лъэхъэнэмрэ. ТхакIуэм и образ къэгъэщIыкIэ щхьэхуэр. Зауэр зымыдэ, лъэпкъым и зэIузэпэщ псэукIэм папщIэ езым и гъащIэри и унагъуэм ис дэтхэнэм и гъащIэри шапэIудз хуищIыну хьэзыр, мамырщIэкъу хэкулIым и образ зэпэщ япэу адыгэ литературэм тхакIуэм къызэрыхишар («Мыщэ лъэбжьанэ» роман). Лъэпкъыр къызэтенэн щхьэкIэ, «адыгагъэрэ цIыхугъэрэ, акъылрэ Iэзагъэрэ, зэхэщIыкIрэ зышыIэныгъэрэ» къигъэлъэгъуэн зэрыхуейр дэтхэнэ адыгэми и фIэщ зэрыщIыпхъэр МафIэдзым и прозэм и дерс нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

Лъэпкъым и блэкIам и пэжымрэ МафIэдзым и художественнэ дунеймрэ.

**ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

ШэджыхьэщIэм и прозэ тхыгъэхэр, абыхэм я къыщхьэщыкIыныгъэ нэхъыщхьэхэр. XX лIэщIыгъуэм икухэм адыгэхэм я псэукIар, цIыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр «Гум псори къонэ» романым зэфIэха зэрыщыхъуар, тхакIуэм и Iуэху еплъыкIэхэр. Романым иIэ гъэсэныгъэ мыхьэнэр.

Лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ тхыдэ прозэмрэ. **«ЛъыщIэж»** романыр. XVIII лIэщIыгъуэм адыгэхэр пщыгъуэ-пщыгъуэкIэ гуэшауэ зэрыпсэуар, лъэпкъыр зэкъуэгъэувэным, «Шэрджэс къэралыгъуэ» къызэгъэпэщыным куэдым я зэран къызэрекIар романым лъабжьэ зэрыхуэхъуар.

IуэрыIуатэм къыхэщыж ЕщIэнокъуэ зэшхэмрэ романым хэт образхэмрэ. Гурыхь персонажхэмрэ гурымыхьхэмрэ. ЛъыщIэж хабзэ Iейм лъэпкъым зэраныгъэу къыхуихьу щытар, абы адыгэхэр зэкъуиуду, цIыхухэр бий зэхуищIу къызэрекIуэкIар. Адыгэ хабзэм, хъыбарыжьхэм, уэрэдыжьхэм, псалъэжьхэмрэ жыIэгъуэхэмрэ романым щаубыд увыпIэр.

Романым и ухуэкIэм, и бзэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр.

**Тыуаршы Аслъэн.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

Тыуаршы А. и прозэ тхыгъэхэр: «Сэтэнейр къэгъагъэмэ», «Нобэ е зэи» романхэр, «Дыщэ бгырыпх» повестыр, рассказхэр.

Тхыдэ къэхъукъащIэ дыджхэмрэ гурыщIэ щабэмрэ щызэхэухуэна тхыгъэхэр. **«Псыкъелъэм и макъамэхэр»** романыр. Зауэмрэ мамырыгъэмрэ, гъащIэмрэ ажалымрэ, гуауэмрэ гуфIэгъуэмрэ, лъагъуныгъэмрэ лъагъумыхъуныгъэмрэ романым быдэу зэрыщызэпыщIар. Урыс пащтыхьым и лIыкIуэ флигель-адъютант Тенджызрэ адыгэпщым ипхъу Нэтрэ я лъагъуныгъэр романым купщIэ зэрыхуэхъуар. «Псыкъелъэм и макъамэм дежьууэ Нэт жиIэ уэрэдыр» гъыбзэкIэ иухыжыным хуэзыпшэ щхьэусыгъуэхэр.

Кавказ зауэжьым тхакIуэр зэрыхущытыр, абы ехьэлIа и гупсысэхэр къызэриIуатэ щIыкIэр. Дал-Джэрий, Зед, Тенджыз, Нэт сымэ я образхэр. Тхыдэм зи цIэхэр (фIыкIи IейкIи) къыхэна дзэзешэхэм я образхэр.

ФIым щыгугъыурэ зи дунейр къызэтекъутэж цIыхум и психологиер, и псэм щекIуэкI зэдауэр, и гурыщIэр тхакIуэм къызэригъэлъэгъуар.

**Къэрмокъуэ Мухьэмэд.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

ТхакIуэм и документальнэ, лирическэ повестхэр: «ЛIыхъужьым и гъуэгу», «Щихухэр иджыри мэкI», «ЦIыхухъу нэпс», «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ», нэгъуэщIхэри.

80–90 гъэхэм «къалэ» литературэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр: «купщIэншэ гъащIэмрэ» «купщIэншэ тхыдэмрэ» терминхэр, абыхэм ехьэлIауэ литературэ щIэныгъэм щыIэ Iуэху еплъыкIэхэр. Роман-гукъэкIыж, роман-ущие лIэужьыгъуэхэр. Iуэхугъуэ хэха гуэрым темыухуа (сюжетыншэ), новеллэ щхьэхуэурэ зэхэт тхыгъэм и нэщэнэхэр.

**«Азэмэт», «Къоджэм угъэжейркъым»** роман-дилогиер. Романхэм къагъэлъэгъуэж лъэхъэнэр, абыхэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэр. Тхыдэ къэхъукъащIэхэмрэ езы тхакIуэм и гъащIэ гъуэгуанэмрэ тхыгъэм зэрыщызэхэуухуэнар. ТхакIуэм зэрыжиIэщи, «гъащIэ зэхэзэрыхьам дыхуэзыша лъэхъэнэм» цIыхухэм я псэукIэр, ахэр зыгъэгуфIэ-зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр, я хъуэпсапIэхэр романхэм къызэрыщыгъэлъэгъуар.

Адыгагъэм, ныбжьэгъугъэм, пэжыгъэм романхэм къащылъыс щIыпIэр (Азэмэтрэ Алихъанрэ я образхэмкIэ къэгъэлъэгъуэн). 50 - 70 гъэхэм къэралым, республикэм къыщыхъуа тхыдэ Iуэхугъуэхэм тхакIуэр зэрабгъэдыхьэр, абыхэм къахэхыпхъэ дерсхэр къызэриIуатэ художественнэ Iэмалхэр. Лъэпкъ тхыдэм, щэнхабзэм зи цIэ къыхэна цIыхухэр (КIуащ Б., Бабич В., Бэрбэч Хь., нэгъуэщIхэри) тхыгъэм къыхэша зэрыхъур, абыхэм романым щагъэзащIэ къалэнхэр. Бзэр хъумэным, лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьыным ехьэлIауэ Къэрмокъуэм къиIуатэ гупсысэхэр.

Езы тхакIуэм и образыр романхэм къазэрыхэщыр.

ТхакIуэм и хъэтI щхьэхуэр, и бзэр.

**ЦIыхухэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэм, я псэукIэ-зэхэтыкIэм теухуа прозэр.** Лъэпкъ прозэм и пащхьэ къиува IуэхугъуэщIэхэр: зэриухынур псоми ящIэ тхыдэ, тхыдэ-революцэ тематикэ жэбзэжам къыпыкIыныр, цIыхупсэм и къэхутакIуэ-гъэунэхуакIуэ къалэныр и пщэ дилъхьэжыныр, цIыхухэм я гупсысэр зыунэтI, я псэкупсэ дунейр къэзыгъэщI жылагъуэ Iуэхугъуэхэр сэтей къэщIыныр, н.

♦ Художественнэ тхыгъэхэм психологизмэр нэхъ куу щыхъуныр, зэгуэр IэщIэщIа щыуагъэм и фэбжьыр зи псэм телъ, зи гъащIэ гурыгъыр ижа цIыхум и дунейр къызэIухыныр лъэпкъ литературэм зэрыщекIуэкIар.

**Елгъэр Кашиф.** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ.

Елгъэрым и прозэр: «Жэщ дыгъэ», «Мэз бгъуэщIым», «Лъагъуныгъэм и бзэ», «ШейтIан къафэ», нэгъуэщIхэри. ТхакIуэм и повестхэр зытеухуамрэ абыхэм къыщигъэщI образхэмрэ.

Напэм и гъэрэщым ихуа цIыхум и дунейр **«Щыуагъэ»** романым къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. Щыуагъэм и гъэру псэу, и напэр и хеящIэу тезыр зытезылъхьэжа цIыхум (МыващIэ Хьэжбэтыр) и образыр лъэпкъ прозэм тхакIуэм къызэрыхишар. ТхакIуэм и романым щIилъхьа гупсысэм, психологизмэм, художественнэ дерсым я кууагъыр.

Романым и гъэпсыкIэр, и сюжетыр (Хьэжбатыр и къекIуэкIыкIар зэрыт тетрадыр), и бзэр. Тхыгъэм тхыдэ къэхъукъащIэхэм щаубыд увыпIэр.

♦ XX лIэщIыгъуэм и кIэух илъэсхэмрэ «гъащIэм и гъуазэр» зыфIэкIуэда цIыхухэмрэ, абыхэм я образхэр лъэпкъ литературэм къыхыхьэныр.

**Къанкъул Заур** «Къалэм дэгъуэщыхьа» и повестыр. ГъащIэм и пэжымрэ нэкъыфIэщI дунеймрэ (абсурдымрэ), фIэщхъуныгъэмрэ фантастикэмрэ тхыгъэм щызэшэлIэныр. Автопсихологическэ лIыхъужьым и образым Къанкъулым и прозэм (и рассказхэри хэту) щиубыд увыпIэр.

НыбжьыщIэм и псэр гугъу езыгъэхь, «гупсэхугъуэ» къезымыт, и псэр зыхуз Iуэхугъуэхэр повестым къызэрыщыгъэлъэгъуар. Миф хъыбархэмрэ нэкъыфIэщI Iуэхугъуэхэмрэ повестым и сюжетым тхакIуэм къызэрырипх щIыкIэр, къигъэсэбэп художественнэ Iэмалхэр.

♦ Iуэху еплъыкIэ зэхьэлIэгъуейхэр (эклектизм) зэшэлIэныр, апхуэдэхэр художественнэ конфликтым лъабжьэ хуэщIыныр. **Мэзыхьэ Б., Елмэс А., КIэрэф М.,**

**Шэджыхьэщӏэ Хь., КхъуэӀуфэ Хь., Ацкъан Р., ХьэӀупщы М., Мыз А.** сымэ я повестхэмрэ рассказхэмрэ.

ЦӀыхум и хъуэпсапӀэмрэ ар зыхэпсэукӀ дунеймрэ я зэныкъуэкъур щынэхъыщхьэ лъэпкъ прозэр. **КӀэрэф Мухьэмэд** и повестхэмрэ («Лъэужь е лӀэужь», «Сэфар», «Адэ щӀэин мылъку хъурэ?») рассказхэмрэ («ЛӀыжь хъыбархэр» тхылъым ихуахэр). ТхакӀуэм и образхэр къыщигъэщӀкӀэ, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ къызэригъэсэбэпыр.

ГурыщӀэ хэӀэтыкӀахэмкӀэ гъэнщӀа тхыгъэхэр, апхуэдэ лӀэужьыгъуэхэр (повесть-драмэ, повесть-гукъэкӀыж, повесть-дневник, повесть-биографие, эссе, нэгъуэщӀхэри). Нало З., Брат Хь., Хьэх С., Тхьэмокъуэ Б., Шыбзыхъуэ М., Адзын М., Шорэ А., Жылэтэж С., ГъущӀо З., Бозий Л. сымэ я повестхэр. Жылагъуэм, цӀыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкӀэхэр, гъащӀэ теплъэгъуэ щхьэхуэхэр зи лъабжьэ тхыгъэ кӀэщӀхэр (рассказ, новеллэ, притчэ), абыхэм ягъуэта зыужьыныгъэр.

**Лъэпкъ усыгъэр XX лӀэщӀыгъуэм и кӀэухым – XXI лӀэщӀыгъуэм и пэщӀэдзэм.** 80–90 гъэхэм адыгэ усыгъэм и унэтӀыныгъэ нэхъыщхьэхэр, нэхъыбэрэ къиӀэта темэхэр, гупсысэхэр. Идеологие зэхуэмыдэхэмрэ зэман зэблэкӀыгъуэмрэ Ӏэнкун ящӀа усыгъэм и щытыкӀар (ЩоджэнцӀыкӀу Н., Нало З., Къагъырмэс Б., КӀэмыргуей Т., нэгъуэщӀхэми 90 гъэхэм къыдагъэкӀа усэ тхылъхэр тегъэщӀапӀэ щӀын). ЩоджэнцӀыкӀумрэ КӀыщокъуэмрэ зи лъабжьэр ягъэтӀылъа адыгэ «усэ гъэпсыкӀэ хабзэхэм» зезыгъэужьа усакӀуэхэм я творчествэр (Тхьэгъэзит З. «УзэщӀакӀуэ», Бещтокъуэ Хь. «Дуней телъыджэ», Ацкъан Р. «Тхыгъэхэр», АбытӀэ Хь. «Нэхулъэ», Сонэ А. «Ӏэгу махуэ-Ӏэгу нэщӀ», Пхъэш М. «Гъуэгуанэ», Нэхущ М. «Адыгэ нэпсхэр», нэгъуэщӀхэри).

ЗэхъуэкӀыныгъэхэм къыздахьа псэукӀэ-зэхэтыкӀэмрэ хабзэщӀэхэмрэ я пэжагъым, захуагъэм шэч къатехьэныр, абыхэм къагъэщӀа гъащӀэ лъэпощхьэпохэр, Ӏуэхугъуэ зэфӀэхыгъуейхэр, хэкӀыпӀэншагъэмрэ фӀэщмыхъуныгъэмрэ лъэпкъ усыгъэм темэ нэхъыщхьэ щыхъуныр.

♦ «Усыгъэ ӀущкӀэ (интеллектуальнэкӀэ)» зэджэр, абы и нэщэнэхэр. Философие гупсысэ куухэм тещӀыхьа поэзием и гъунапкъэхэм совет нэужь лъэхъэнэм зэрызахъуэжар.

**Ацкъан Руслан**. «ЩхьэегъэзыпӀэ», «Къэгъэзэжыгъуэ» усэ тхылъхэр. ЦӀыхум и гурыгъу-гурыщӀэхэмрэ теплъэгъуэ, къэхъукъащӀэ гъэщӀэгъуэнхэмрэ щызэхэжыхьа художественнэ дунейр. ЦӀыхум къыдекӀуэкӀ лъапӀэныгъэхэм усакӀуэм хуиӀэ бгъэдыхьэкӀэщӀэхэр, ахэр сэтей къызэрищӀ художественнэ Ӏэмалхэр.

Ацкъан Р.Хь. и зэдзэкӀыныгъэ лэжьыгъэр. М.Ю. Лермонтовым и кавказ поэмэхэу («Уи хамэу зэи сыщытакъым». Налшык, 1999) усакӀуэм адыгэбзэм кърригъэтӀэсахэр лъэпкъ тэрмэш лэжьыгъэм и нэхъыфӀ дыдэхэм зэращыщыр.

♦ Лирикэ нэсым и щапхъэхэр: цӀыхугъэр, пэжыгъэр, лъагъуныгъэр мотив нэхъыщхьэу зиӀэ лъэпкъ поэзиер.

**Бицу Анатолэ.** Абы и усэхэр зэманым зэрыпэджэжыр, яӀэ ущииныгъэ, гъэсэныгъэ мыхьэнэр. Бицум и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса «Псэм и дуней», «КӀуэцӀырыкӀыбжэ» тхылъхэр. ГъащӀэм акъыл жанкӀэ пхырыплъыф усакӀуэм и къэгъэщӀыныгъэ нэхъыщхьэу ахэр зэрыщытыр.

УсакӀуэмрэ лъэпкъ макъамэмрэ. Лирикым и псалъэхэр щӀэлъу композиторхэм уэрэд куэд зэратхар.

♦ Лъэпкъым хуэпэжыным, хуэлэжьэным, абы и бзэр, и хабзэр, лъэхъэнэ кӀыхькӀэ зэригъэпэща лъапӀэныгъэ нэхъыщхьэхэр хъумэным къыхуезыджэ (патриотыгъэ зыхэлъ) адыгэ усыгъэр.

**Бемырзэ Мухьэдин.** УсакӀуэм и усэ тхылъ нэхъыфӀхэр: «Уэрэду сиӀэр уэрщ», «ДыгъафӀэ уэс», «Адыгэу ущытыныр гугъущ» усэ тхылъхэр.

И лъэпкъымрэ, зыужьыныгъэм хуэлажьэ абы и цӀыху пэрытхэмрэ усакӀуэм зэриӀэт зэгъэпщэныгъэхэр.

УсакӀуэм и лъагъуныгъэ, пейзаж лирикэр. Ахэр лъэпкъ усыгъэм фӀыпӀэу зэрыщытыр.

♦ Адыгэ литературэбзэм зэрызиужьам и щапхъэхэр щынэралъагъу, лъэпкъым и хъуэпсапIэ нэхухэр бзэм и дахагъэмкIэ, и IэфIагъымкIэ зыхозыгъащIэ усыгъэр.

**Уэрэзей Афлик** («ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж», «Гъуэгу махуэ», «Iуащхьэжь», «Кхъужьей къудамэ» усэ тхылъхэр).

ЦIыхумрэ ар къэзыухъуреихь дунеймрэ зэхуэфащэу, щIэщыгъуэу къызэрызэдекIуэкIын хуейм усакIуэм къызэрыхъуриджэр.

Уэрэзей А. и сонетхэмрэ сонет Iэрамэхэмрэ. УсакIуэм лъэпкъ усэ гъэпсыкIэм зэрызригъэхъуэжар, абы хуищIа хэлъхьэныгъэхэр.

♦ Социальнэ зэхуэмыдэныгъэр нэхъ куу зэрыхъур, цIыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр абы зэрихъуэжыр, цIыхумрэ ар къэзыухъуреихьхэмрэ теухуа лъэпкъ усыгъэр.

**Мыкъуэжь Анатолэ.** ГъащIэ гъуэгуанэ гугъу къэзыкIуа адыгэмрэ иджырей зэманымрэ теухуа усэхэр («Лъэхъэнэ», «Къэрэгъул бжыхь» усэ тхылъхэр).

Лей зытехьэ, дэкъуза цIыхум къыщхьэщыжыныр Мыкъуэжь А. и усыгъэм нэщэнэ нэхъыщхьэ зэрыхуэхъуар. ЦIыхур фIыуэ лъагъуным, и пщIэр къэIэтыным ехьэлIауэ абы и усэхэм хэлъ пафосыр, лиризм куур, Iущыгъэ-ущииныгъэр. Нэхугъэм, цIыхугъэм ухезыджэу усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм къахэIукI хъуэпсапIэ лъагэхэр.

УсакIуэм и творчествэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэмрэ абыхэм теухуауэ щыIэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ.

♦ Лъэпкъ тхыдэм, абы и лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм теухуа усыгъэр.

**Сонэ Абдулчэрим.** «Iэгу махуэ-IщI жэщ» усэ тхылъыр.

УсакIуэм тхыдэр къызэригъэлъагъуэ образхэр, лъэпкъым и блэкIам хуиIэ щытыкIэр, и гурылъхэр къиIуэтэн щхьэкIэ тегъэщIапIэ ищI щапхъэхэр. УсакIуэм и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр, абыхэм я мыхьэнэр.

**Иужь илъэсхэм лъэпкъ литературэм къыхыхьа усакIуэхэмрэ абыхэм я творчествэм гу нэхъ зылъытапхъэу хэлъхэмрэ.** УсакIуэ щIалэхэр нэхъ зыхуэусэ, ягъэлъапIэ темэхэр: цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэр, и нобэрей псэукIэр, ар зыгъэпIейтей е зыгъэгуфIэ Iуэхугъуэхэр, лъэпкъхэм, унагъуэхэм, благъэ-Iыхьлыхэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр, адыгэм и къэкIуэнум зэреплъыр, нэгъуэщIхэри.

УсакIуэхэу Хьэту П. («Псэгъэкъабзэ», «Бжьыхьэ удж»), Жыкъуэ Гъу. («Кърухэм я уэрэд»), МахуэлI Н. («Гум и пшыналъэ», «Мывэм сопсалъэ»), ГъущIо З. («Шэху уэздыгъэ»), Лъостэн М. («Нэхущ гупсысэхэр»), Къаныкъуэ З. («Уэрэ сэрэ»), Бэлагъы Л. («ГъэунэхупIэ»), Лыкъуэжь Н. («КъапщIийхэр»), ПщыукI Л. («Си гум и IэпапIэ»), Хьэвжокъуэ Л. («Гухэлъ налъэ»), нэгъуэщIхэри езыхэм я дуей еплъыкIэ хэха яIэу лъэпкъ поэзием къызэрыхыхьар, зыужьыныгъэ зэрагъуэтар. Абыхэм я лирикэм лъагъуныгъэ, гуапагъэ, дахагъэ темэхэр ебэкIыу, я псалъэхэр щIэщыгъуэу, «сленг щхьэхуэ» яIэу зэрыщытыр.

**Адыгэ сабий литературэр.** ЩIэблэр псэкIэ къулейуэ, дунейм и пIалъэ ищIэу, гъащIэм и дахагъэмрэ и лъапIагъымрэ къыгурыIуэу къэгъэтэджыныкIэ сабий литературэм игъэзащIэ къалэныр.

Лъэпкъ сабий литературэр зэрызэфIэувар, абы къикIуа гъуэгуанэр, лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм сабийхэм псэемыблэжу хуэлэжьа тхакIуэ пажэхэр.

Дахагъэр, анэдэлъхубзэм и IэфIыр ныбжьыщIэм зыхегъэщIэным хуэгъэпсауэ иужь илъэсхэм къыдэкIа сабий тхылъхэр: Нало З. «Нанэ и псэ-дадэ и бзэ», «Щэнгъасэ»; Щоджэн Л. «Уэрэдхэр», «Лэгъупыкъу», «Мэдэ цIыкIу», «Еджэрей цIыкIухэр»; Вындыжь М. («Сабиигъуэ гъуэгу»), Хьэх С. «Дадэкъуапэ», Шыбзыхъуэ М. «ГъащIэ», Къагъырмэс Б. «Мыщэжьыкъуэ», Брай А. «Зэмыжьа зэIущIэхэр», ПхытIыкI Ю. «Iэбэдзыуэ», Тау Н. «НэкIуху», «Мэшбэв», нэгъуэщIхэри.

Адыгэ сабий литературэм и нобэрей щытыкIэмрэ и къэкIуэнумрэ ехьэлIауэ щыIэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэр.

**Лъэпкъ драматургиемрэ иджырей лъэхъэнэмрэ.** Совет нэужь лъэхъэнэм лъэпкъ драматургием къыхэхъуа лэжьыгъэщIэхэр, ахэр нэхъыбэу зытеухуар, жанрхэм

ящыщу нэхъыбэрэ ди тхакIуэхэм къагъэсэбэпыр. Лъэпкъ комедиографием зыужьыныгъэ нэхъ щIигъуэтам и щхьэусыгъуэхэр.

Дызыхэпсэукl гъащIэм и теплъэгъуэхэр лъабжьэ зыхуэхъуа драмэ лэжьыгъэхэр: IутIыж Б. «ГушыIэ махуэ апщий!», «Дунейр театрщ», «Трагедиехэр» тхылъхэм ихуа пьесэхэр; Дэбагъуэ М. «Iэпхъуалъэ телъыджэ», «Анэр нэм хуэдэщ» пьесэхэр; Журт Б. «Къалэн хьэлъэ», «Малъхъэ хъарзынэ»; Къаныкъуэ З. «Нагъуэ и унагъуэр», Думэн М. «Уэлий и парашют», Тут Т. «ТIуанэ», «Зэи жумыIэ зэи», нэгъуэщIхэри.

**ЗэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэмрэ иджырей лъэпкъ литературэмрэ.** Лъэпкъ литературэхэр гъунэгъу зэхуэщIынымкIэ, я ехъулIэныгъэхэмкIэ зэрыщIэнымкIэ зэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэм иIэ мыхьэнэр. ТхакIуэ-зэдзэкIакIуэ нэхъыжьхэм я щапхъэхэр, ахэр зи гъуазэ ди зэдзэкIакIуэ нэхъыфIхэмрэ абыхэм я лэжьыгъэхэмрэ (Тхьэгъэзит З., Ацкъан Р., Уэрэзей А., Мэремыкъуэ Л., Мэзыхьэ Б., Хьэх С., нэгъуэщIхэри).

ХамэбзэхэмкIэ хэхэс адыгэхэм къагъэщIа художественнэ хъугъуэфIыгъуэр хэкурыс адыгэхэм я щэнхабзэм къыхэлъхьэжыныр совет нэужь лъэхъэнэм къалэн хэха зэрыхъуар, абыкIэ лэжьыгъэ нэхъыбэ зыщIа зэдзэкIакIуэхэр (Къэрмокъуэ Хь., ХьэфIыцIэ М., ТIымыжь Хь., Къалмыкъ А., Уэрэзей А., Къумыкъу М., Дыгъужь Ф., Едыдж Н., нэгъуэщIхэри). Хэхэс адыгэ тхакIуэхэм я тхыгъэхэу ди деж къыщыдэкIахэр (Къандур М. «Кавказ» романыр (ЗэзыдзэкIар Къэрмокъуэ Хь.); Iэпщацэ З. «Сосрыкъуэ и кIуэдыкIар» (ЗэзыдзэкIар Къалмыкъ А.); «ЩIэин» (хэхэс адыгэ тхакIуэхэм я тхыгъэхэр, зэзыдзэкIар Къэрмокъуэ Хь.); «Хэхэс дуней» (хэхэс адыгэхэм я тхыгъэ къыхэхахэр, ЗэзыдзэкIар ТIымыжь Хь., Едыдж Н.); Къумыкъу М. хьэрыпыбзэкIэ зэридзэкIыу къыдигъэкIа тхылъхэр), нэгъуэщIхэри.

ЗэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэм пыщIа Iуэхугъуэ гугъухэр, ахэр зэфIэха хъунымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэр.

**Иджырей литературэ щIэныгъэмрэ критикэмрэ.** Адыгэ литературэм и зыужьыкIэр, иджырей литературэмрэ IуэрыIуатэмрэ я зэхущытыкIэр, Урысейм и лъэпкъыбэ литературэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр зыдж литературэ щIэныгъэр. Иужьрей зэманым абы щIэуэ къыхэхъуа лэжьыгъэхэр, унэтIакIуэ, гъуэгугъэлъагъуэ къалэн абыхэм зэрагъэзащIэр.

Лъэпкъ литературэдж-щIэныгъэлIхэмрэ критикхэмрэ (ХьэкIуащэ А., Нало З., Бэчыжь Л., Хъупсырокъуэ Хъ., БакIуу Хъ., Гъут I., Мусукаевэ А., КхъуэIуфэ Хь., Къэжэр Хь., Тхьэгъэзит Ю., КхъуэIфэ Хь., Къэрмокъуэ Хь., Къэжэр Хь., ТIымыжь Хь., Бакъ З., Къудей З., Абазэ А., нэгъуэщIхэми) я лэжьыгъэ нэхъыфIхэр.

**ХамэбзэкIэ тхэ тхакIуэхэмрэ лъэпкъ литературэмрэ.** ХамэбзэкIэ художественнэ тхыгъэхэр къэгъэщIыным и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэр. Лъэпкъ литературэ щIэныгъэр апхуэдэ тхыгъэхэм зэрыбгъэдыхьэ щIыкIэхэр. XIX лIэщIыгъуэм псэуа адыгэ узэщIакIуэхэмрэ нэгъуэщIыбзэкIэ (урысыбзэкIэ, тыркубзэкIэ, иджылызыбзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ) тхэ иджырей тхакIуэхэмрэ.

Зыщыщ лъэпкъкIэ адыгэу, ауэ урысыбзэкIэ тхэ тхакIуэхэм я тхыгъэ нэхъыфIхэр: Къущхьэунэ А. «Унаут» повестыр, «Сауна» романыр; Адыгэ Т. «Щит Тибарда» романыр; Емкъуж М. «Всемирный потоп», «Ночь Кадар»; Вэрокъуэ В. «Прощающие да простят» романыр, ХьэкIуащэ М. «Возвращение домой» романыр, Мэкъуауэ А. и рассказхэр, нэгъуэщIхэри.

Лъэпкъым и художественнэ дуней лъагъукIэ щхьэхуэр абыхэм къызэрыщыгъэлъэгъуар, хамэ тхылъеджэр а дунейм щыгъуазэ хъунымкIэ апхуэдэ тхыгъэхэм я мыхьэнэр.

**«ЕджэгъуафIэ (беллетристикэ, массовэ) литературэкIэ» зэджэр, абы лъэпкъ литературэм щигъэзащIэ къалэныр.** XX лIэщIыгъуэм и кIэхэм литературэр лIэужьыгъуэ куэду зэтепщIыкI зэрыхъуар, абы и плъыфэхэр. Литературэмрэ рынокымрэ. Социалист реализмэм и кхъупхъэм къикIа литературэм и къуэпсхэм лъэныкъуэ куэдкIэ зэрызадзар. «Массовэ литературэм» и поэтикэм хэлъ къыщхьэщыкIыныгъэ нэхъыщхьэхэр. Беллетристикэмрэ иджырей литературэ щIэныгъэмрэ. **АбытIэ В.** («Тенджызищым я

тхьэгуащэ», «Хамэ фыз», «КІуакІужь», «Дыгъужьынэ» романхэр, «Ламэ», «Индыл и зы щэху» повестхэр, нэгъуэщІхэри), **Къанкъул ФІ.** («Гум и уэрэдхэр», «Ар си Заремэщ» усэ тхылъхэр), **Пщыгъусэ А.** («Аникет», «Путь к вершине», «Меоты», «Царь хатти Анитта», «Царь хатти Питхана»), **Сэрахъэ А.** («Расплата», «Опознание», «Дело-Табак», «Война», «Роковая тайна» повестхэр, «Схватка с призраком» романыр, нэгъуэщІхэри) сымэ я художественнэ прозэм хэлъ гъэщІэгъуэнагъхэр, иджырей тхылъеджэр апхуэдэ къэгъэщІыныгъэм (продукцэм) зэрыхущытыр.

**Зэманымрэ лъэпкъ литературэмрэ.** Лъэпкъ литературэм къикІуа гъуэгуанэр, лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм абы къыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэхэр. Хэкум, лъэпкъым, цІыхубэм быдэу пыщІауэ ар къызэрыгъуэгурыкІуэр. Адыгэ литературэр дунейпсо щэнхабзэм зэрыхэувэр, абы хуищІ хэлъхьэныгъэр. Адыгэ литературэмрэ Урысей Федерацэм ис лъэпкъхэм я литературэхэмрэ. Ахэр зэрызэпыщІар, зэдзэкІыныгъэ лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ а литературэхэр зэрызэлъэІэсыр, нэхъ къулей зэрыхъур. Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм зиужьынымкІэ абы иІэ мыхьэнэр.

Иджырей зэманым лъэпкъ литературэм и пащхьэ къиувэ къалэн нэхъыщхьэхэр. Хэкум, адыгэм я къэкІуэнумкІэ, я лъэпкъэгъухэм я зэхэщІыкІым зегъэужьынымкІэ, мамырыгъэрэ зэгурыІуэрэ лъахэм илъынымкІэ, дахагъэм щІэблэр къыщІэгъэтэджэнымкІэ адыгэ литературэм, зэрыщыту лъэпкъ щэнхабзэм я лэжьакІуэхэм яхь жэуаплыныгъэ иныр.

**Зэреджэн тхылъхэмрэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ**
**(Учебно-методическая и научная литература)**

1. Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и тхыдэ. Япэ том. Налшык, 2010.
2. Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и тхыдэ. Ет1уанэ том. Налшык, 2012.
3. Абазэ А. Къэбэрдей тхакIуэхэр. Я гъащIэмрэ я лэжьыгъэмрэ. Карачаевск, 2011.
4. АбытIэ В. Адыгэ тхакIуэхэр. Черкесск, 2008.
5. Баков Х.И. Национально-эстетические аспекты изучения адыгской словесности. Нальчик, 2010.
6. Баков Х.И. Борис Утижев: поэт, писатель, драматург. Нальчик, 2010
7. Бекизова Л.А. Ответственность слова. Черкесск, 2007.
8. Гутов А.М. Константы в культурном пространстве. Нальчик, 2011.
9. История адыгейской литературы в 3-х томах. Майкоп, 2006.
10. Къэрмокъуэ Хь.Гъу. Тхыгъэхэр: Литературэ. Культурэ. IуэрыIуатэ. Тхыдэ. Хъыбарыжьхэр. Таурыхъхэр. Налшык, 2007.
11. Нало З.М. Ипэрей адыгэбзэ литературэм и антологие. Налшык, 2010.
12. Нало З.М. «Къылышбий Исмэхьил. МафIэм имыса усэхэр». Налшык, 2009.
13. Налоев З. Институт джегуако. Нальчик, 2011.
14. Тхагазитов Ю.М. Духовно-культурные основы кабардинской литературы. Нальчик, 2008.
15. ТIымыжь Хь.Т. Хэхэс адыгэ литературэ. Налшык, 2008.
16. ТIымыжь Хь.Т., Тхьэгъэзит Ю.М. Адыгэ лъэпкъ роман. Налшык, 2009.
17. Хапсироков Х.Х. Жизнь и литература. М., 2007.
21. ХьэкIуащэ А.Хь. ГурыщIэм и джэрпэджэж. Налшык, 2009.
22. Шэвлокъуэ П.Ж. ГъащIэм и пшыналъэ. Литературэ. Культурэ. Искусствэ. Налшык, 2008.

## УПЩІЭХЭР (Вопросы)

1. Адыгэ литературэм и тхыдэ: зэрызэфІэувар, зэрызиужьар, нобэ иІэ щытыкІэр.
2. Къэбэрдей-шэрджэс литературэм 80–90 гъэхэм къыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэхэр.
3. Нало Ахьмэдхъан и «Нэхущ шу» романым лъэпкъ тхыдэмрэ ІуэрыІуатэмрэ щаубыд увыпІэр.
4. Иджырей адыгэ литературэ щІэныгъэмрэ критикэмрэ.
5. КІуащ БетІал и усыгъэм къыщыгъэсэбэпа художественнэ Іэмалхэр.
6. Жанр кІэщІхэм лъэпкъ литературэм щагъуэта зыужьыныгъэр.
7. ЩоджэнцІыкІу Іэдэм и повестхэм щІалэгъуалэм я пащхьэ къиувэ къалэн гугъухэр зэфІэха зэрыщыхъур.
8. Нарт пшыналъэхэм я поэтикэр.
9. Нэгумэ Шорэ япэ адыгэ узэщІакІуэщ икІи усакІуэщ.
10. Тхьэгъэзит Зубер и усыгъэр, усакІуэр щыпсэу зэманыр абы къызэрыщыгъэлъэгъуар.
11. Адыгэ усэ гъэпсыкІэр къэхутэным елэжьахэр.
12. Къуажэ интеллигенцэм и гъащІэр Мысачэ Петр и повестхэм къызэрыхэщыр («Кхъужьейр мэгъагъэ», «Псыхъуэгуащэ»).
13. Бещтокъуэ Хьэбас и «Мывэ лъэхъэнэ» роман-мифыр: зытеухуар, щІэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр, и художественнэ гъэпсыкІэр.
14. Иджырей лъэпкъ прозэм психологизмэр нэхъ куу зэрыщыхъуар (Нало З., Мэзыхьэ Б., Елгъэр К., Хьэх С., Къанкъул З. сымэ я тхыгъэхэр тегъэщІапІэу къэщтэн).
15. КІыщокъуэ Алим и тхыдэ-революцэ романхэр: адыгэм къыпэщыт гъуэгухэр абыхэм зэрыщыубзыхуар.
16. КІыщокъуэ Алим и «Лъапсэ» романым и гъэпсыкІэр. Сюжетым лъабжьэ хуэхъуа тхыдэ Іуэхугъуэхэр.
17. ЩоджэнцІыкІу Алий адыгэ усыгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэхэр.
18. Адыгэ узэщІыныгъэ лэжьыгъэм XIX лІэщІыгъуэм зыІэригъэхьа ехъулІэныгъэхэр.
19. Журт Биберд и «Унагъуэ» романым хэлъ конфликт нэхъыщхьэр.
20. Адыгэ тхыдэр, ІуэрыІуатэр, хабзэр МафІэдз Сэрэбий и «Мыщэ лъэбжьанэ» романым лъабжьэ зэрыхуэхъуар.
21. Адыгэ усыгъэр Хэку зауэшхуэм иужькІэ: поэтикэ, эстетикэ.
22. XX лІэщІыгъуэм и 30 гъэхэм адыгэ литературэм зыІэригъэхьа ехъулІэныгъэхэмрэ иІа щыщІэныгъэхэмрэ.
23. Туаршы Аслъэн и «Псыкъелъэм и макъамэхэр» романым щІэлъ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ и художественнэ гъэпсыкІэмрэ.
24. Къэбэрдей-шэрджэс усыгъэм и жыпхъэ нэхъыщхьэхэр.
25. Акъсырэ Залымхъан и драматургиер, тхыдэмрэ ІуэрыІуатэмрэ абы щаубыд увыпІэр.
26. Нало Ахьмэдхъан и тхыгъэхэм Хэку зауэшхуэр къызэрыщыгъэлъэгъуэжар.
27. ПащІэ Бэчмырзэ и усэхэмрэ и уэрэдхэмрэ: зытеухуар, я гъэпсыкІэр.
28. Лъэпкъ лІыгъэмрэ хьэл-щэнымрэ КІэрашэ Тембот и прозэм къызэрыщыгъэлъэгъуар.
29. Литературэм и пкъыгъуэхэр, лІэужьыгъуэхэр, жанрхэр.
30. Щомахуэ Амырхъан и прозэм лъэпкъхэм яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ къызэрыщыгъэлъэгъуэжар.

## 3.3. Методические рекомендации по проведению вступительного экзамена

Сдача вступительного экзамена проводится на открытых заседаниях экзаменационной комиссии с участием не менее четырех человек. В состав комиссии, принимающей экзамен по направлению, входит не менее трех преподавателей кафедр кабардинского языка и литературы и фольклора народов Северного Кавказа. Время опроса составляет не более 20 мин.

Результаты вступительных испытаний определяются оценками «отлично», «хорошо», «удовлетворительно», «неудовлетворительно» и объявляются в тот же день после оформления в установленном порядке протоколов заседаний экзаменационной комиссии.

### Критерии оценки знаний экзаменуемых:

При оценке вступительного экзамена учитывается:

- правильность и осознанность содержания ответа на вопросы, полнота раскрытия понятий и закономерностей, точность употребления и трактовки специальных лингвистических терминов;
- степень сформированности интеллектуальных и научных способностей экзаменуемого;
- самостоятельность ответа:
- речевая грамотность и логическая последовательность ответа.

### Оценка «отлично»:

- полно раскрыто содержание вопросов в объеме программы и рекомендованной литературы;
- четко и правильно даны определения и раскрыто содержание лингвистических понятий, корректно использованы научные термины;
- для доказательства приведены примеры;
- ответ – самостоятельный, исчерпывающий, без наводящих дополнительных вопросов, с опорой на знания, приобретенные в процессе специализации по выбранному направлению филологии.

### Оценка «хорошо»:

- раскрыто основное содержание вопросов;
- в основном правильно даны определения понятий и использованы научные термины;
- ответ самостоятельный;
- определения понятий, неполные, допущены нарушения последовательности изложения, небольшие неточности при использовании научных терминов или в выводах и обобщениях, исправляемые по дополнительным вопросам экзаменаторов.

### Оценка «удовлетворительно»:

- усвоено основное содержание учебного материала, но зложено фрагментарно, не всегда последовательно;
- определение понятий недостаточно четкое:
- не использованы в качестве доказательства примеры или допущены

ошибки при их изложении;

- допущены ошибки и неточности в использовании научной терминологии, определении понятий.

**Оценка «неудовлетворительно»:**

- ответ неправильный, не раскрыто основное содержание программного материала;
- не даны ответы на вспомогательные вопросы экзаменаторов;
- допущены грубые ошибки в определении понятий, при использовании терминологии.